


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

**JEZI KRIS SE BONDYE
PAPA APITIT LA, AK
SENTESPRI A?**

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- ENTWODIKSYON	10
2- SENTÈZ RECHÈCH	12
2.1- Entwodiksyon.....	12
2.2- Apostazi a	13
2.3- Sèk satanik yo ki fè pròp bib pa yo.....	13
2.4- Sèt kondisyon yo.....	14
2.5- Ki sa Jezi di de tèt di Li Menm?	15
2.6- Demon sa yo ki Kwè yo konnen Jezi plis ke Jezi li menm	16
2.7- Bib la konfonn tout mansonj	16
2.8- Sipò bibliik demon yo.....	17
2.9- Kèk vèsè kòmante pa demon yo	18
2.9.1- Vèsè kòmante N°1.....	18
2.9.2- Vèsè kòmante N°2.....	18
2.9.3- Vèsè kòmante N°3.....	19
2.9.4- Vèsè kòmante N°4.....	19
2.10- Inite tout bon an	19
2.11- Revelasyon.....	21
2.12- "Se yon mistè ke Bondye te revele nou"	21
2.13- Sèpan sa yo kwè yo se moun ke Pitit la ta chwazi pou revele yo tout bagay.....	22
2.14- Mande demon yo yon sèl vèsè.....	23
2.15- Agiman demon yo	23
2.15.1- Premye agiman	23
2.15.2- Dezyèm agiman.....	25
2.15.3- Twazyèm agiman	26
2.15.4- Katyèm agiman	27
2.15.5- Senkyèm agiman	28
2.15.6- Sizyèm agiman	29
2.15.7- Setyèm agiman: Gen yon sèl Bondye.....	30
3.15.7.1- Gen plizyè Bondye	30
3.15.7.2- Pouki sa gen plizyè Bondye?.....	31
3.15.7.3- Lòt Bondye yo deyò Jezi	31
3.15.7.4- Prè ke Moyiz se te Bondye	32
3.15.7.5- E Senyè a ak senyè yo yo menm?	33
3.15.7.6- Trinite a	33
2.15.8- Uityèm agiman: "fonksyon" ak "atribi" Bondye.....	33

2.15.9- Nevyèm agiman.....	34
2.16- "Sa poze yon problèm"	34
2.17- "Non Bondye pi site a nan Ansyen Testaman an"	35
2.18- Demon sa yo yo kwè yo pi entèlijans pase nou, vrè Pitit Bondye yo	35
2.19- Kèk lòt vèsè ki konfonn rezonman sèpan yo.....	35
2.20- Demon yo pap janm ansenye nou laverite.....	36
2.21- Demon sa yo vle ranvèse Levanjil Kris la	37
2.22- Demon sa yo konnen plis ke Jezi	37
2.23- Bondye se chèf Kris.....	37
2.24- Pitit la soumèt ak Papa a.....	38
2.25- Ekriti a pa ka aneyanti	38
2.26- Lespri anbrouye	38
2.27- "Fòk yon lespri vin konvenk mwen"	39
2.28- Tout sa ki pa fèt nan yon konviksyon se peche	39
2.29- Demon yo pap janm kwè.....	40
2.30- Blasfèm	40
2.31- Inegzistans pitit Bondye a anvan rive li sou tè a	41
2.31.1- Jezi te nan kreyasyon tout bagay e te menm patisipe nan kreyasyon an	43
2.31.2- Jezi te kreye lontan anvan li te vin sou tè a.....	43
2.31.3- Anvan vini sou tè mouri pou nou, Jezi te nan syèl bò kote Bondye Papa a	44
2.31.4- Jezi te mache avèk pèp Izrayèl la nan dezè a	45
2.31.5- Jezi te anvan Jan-Batis.....	45
2.31.6- Nosyon pitit la byen etabli nan Ansyen Testaman an.....	45
2.32- Yon doktrin plen kontradiksyon	45
2.33- Lespri, nanm, ak kò.....	46
2.34- E si demon yo te gen rezon	46
2.35- Ann eseye pou kèk minit bay demon yo rezon.....	47
2.36- E si Jezi Kris li menm se te Sentespri a!	48
2.37- Antikris yo.....	50
2.38- Kondanasyon yo te ekri depi lontan	51
2.39- Yo anchennen etènèlman pa fènwa yo	52
2.40- Apèl a bon sans	52
2.41- Ki sa pou'n fè dezòmè?	52
2.42- Avètisman	54
2.43- Rezime ansèyman an	55
2.44- Konklizyon rechèch yo	56

2.45- Kote li soti ke egzistans Papa Jezi vin yon problèm?	57
2.46- Si Jezi Kris pa gen Papa	57
2.47- Avèk sa n'ap rekonèt demon yo	59
2.48- Ka genyen vrè Pitit Bondye nan sèk sa a?	60
2.49- Lòt pwen enpòtan pou konprann.....	61
2.50- Delivrans Pitit Bondye yo ki kwense nan sèk satanik sa a	62
2.51- Moun se imaj Bondye	62
2.52- Diferans ant Jezi Kris ak lisifè	63
2.53- Konklizyon	66
3- RECHÈCH.....	68
3.1- Premye Rechèch: Jezi Pale de Papa Li.....	68
3.1.1- Entwodiksyon.....	68
3.1.2- Liv Matye a: 44 fwa	68
3.1.3 - Liv Mak: 5 fwa	71
3.1.4- Liv Lik: 17 fwa	72
3.1.5- Liv Jan an: 116 fwa	73
3.1.6- Liv Travay la: 1 fwa	80
3.1.7- Liv Revelasyon: 3 fwa.....	80
3.1.8- Deklarasyon endirèk	80
3.1.9- Konklizyon	82
3.2- Dezyèm Rechèch: Jezi pale de Bondye Li a.....	82
3.2.1- Entwodiksyon.....	82
3.2.2- Liv Matye a: 29 fwa	83
3.2.3- Liv Mak: 21 fwa	85
3.2.4- Liv Lik: 31 fwa	86
3.2.5- Liv Jan an: 39 fwa	88
3.2.6- Liv Revelasyon: 11 fwa.....	91
3.2.7- Konklizyon	92
3.3- Twazyèm Rechèch: Disip yo Pale de Bondye Papa a.....	93
3.3.1- Entwodiksyon.....	93
3.3.2- Liv Matye a: 3 fwa	93
3.3.4- Liv Lik: 14 fwa	94
3.3.5- Liv Jan an: 34 fwa	95
3.3.6- Liv Travay la: 46 fwa	97
3.3.7- Liv Romen an: 44 fwa	100
3.3.8- Liv 1Konrentyen: 22 fwa	103
3.3.9- Liv 2Korentyen: 36 fwa	104
3.3.10- Liv Galat:13 fwa	106

3.3.11- Liv Efezyen: 21 fwa	107
3.3.12- Liv Filipyen:15 fwa	108
3.3.13- Liv Kolosyen: 17 fwa	110
3.3.14- Liv 1 Tesalonisyen: 15 Fwa.....	111
3.3.15- Liv 2Tesalonisyen: 7 fwa	112
3.3.16- Liv 1Timote: 6 fwa.....	112
3.3.17- Liv 2Timote: 5 fwa.....	113
3.3.18- Liv Tit: 4 fwa	113
3.3.19- Liv Filemon: 1 fwa	114
3.3.20- Liv Ebre: 29 fwa	114
3.3.21- Liv Jak: 4 fwa	116
3.3.22- Liv 1Pyè: 15 fwa.....	116
3.3.23- Liv 2Pyè: 3 fwa.....	117
3.3.24- Liv 1Jan: 62 fwa	118
3.3.25- Liv 2Jan: 5 fwa	120
3.3.26- Liv Jid: 3 fwa	121
3.3.27- Liv Revelasyon: 15 fwa.....	121
3.3.28- Konklizyon.....	122
3.4- Katriyèm Rechèch: Disip yo Rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye..	123
3.4.1- Entwodiksyon.....	123
3.4.2- Bib la reponn nou	123
3.4.3- Liv Matye: 3 fwa	123
3.4.4- Liv Mak: 2 fwa	123
3.4.5- Liv Lik: 3 fwa.....	124
3.4.6- Liv Jan: 17 fwa	124
3.4.7- Liv Travay Apot yo: 11 fwa	125
3.4.8- Liv Romen: 8 fwa.....	126
3.4.9- Liv 1Korentyen: 2 fwa	126
3.4.10- Liv 2Korentyen: 4 fwa	127
3.4.11- Liv Galat: 4 fwa	127
3.4.12- Liv Efezyen: 5 fwa	127
3.4.13- Liv Kolosyen: 3 fwa	128
3.4.14- Liv 1Tesalonisyen: 2 fwa	128
3.4.15- Liv Ebre: 11 fwa	128
3.4.16- Liv 1Pyè: 1 fwa.....	129
3.4.17- Liv 2Pyè: 1 fwa.....	129
3.4.18- Liv 1Jan: 23 fwa	129
3.4.19- Liv 2Jan: 2 fwa	131

3.4.20- Liv Revelasyon: 7 fwa.....	131
3.4.21- Konklizyon.....	131
3.5- Senkyèm Rechèch: Jezi te Deklare ke Li se Bondye Papa a ak Sentespri a?	133
3.5.1- Entwodiksyon.....	133
3.5.2- Bib la reponn nou	133
3.5.3- Liv Matye.....	133
3.5.4- Liv Mak.....	134
3.5.5- Liv Jan.....	134
3.5.6- Konklizyon	134
3.6- Sizyèm Rechèch: Disip yo Te Deklare ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentespri a?.....	135
3.6.1- Entwodiksyon.....	135
3.6.2- Bib la reponn nou	135
3.6.3- Liv Matye.....	135
3.6.4- Liv Mak.....	135
3.6.5- Liv Jan.....	135
3.6.6- Liv Travay.....	136
3.6.7- Liv 1Korentyen	136
3.6.8- Konklizyon	136
3.7- Setyèm Rechèch: Ki moun Jezi ye nan je Bondye Papa a ak Zanj Li yo?.....	137
3.7.1- Entwodiksyon.....	137
3.7.2- Bib la reponn nou	137
3.7.3- Bondye Papa a rekonèt ke Li gen yon Pitit	137
3.7.4- Zanj yo rekonèt e deklare ke Jezi se Pitit Bondye.....	138
3.7.5- Konklizyon	138
3.8- Uityèm Rechèch: Satan te Deklare ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentespri a?	139
3.8.1- Entwodiksyon.....	139
3.8.2- Bib la reponn nou	139
3.8.3- Liv Matye.....	139
3.8.3- Liv Lik.....	139
3.8.5- Konklizyon	140
3.9- Nevyèm Rechèch: Satan Rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye	141
3.9.1- Entwodiksyon.....	141
3.9.2- Bib la reponn nou	141
3.9.3- Liv Matye.....	141
3.9.4- Liv Lik.....	141

3.9.5- Konklizyon	141
3.10- Dizyèm Rechèch: Demon yo Rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye	142
3.10.1- Entwodiksyon	142
3.10.2- Bib la reponn nou	142
3.10.3- Liv Matye	142
3.10.4- Liv Mak	142
3.10.5- Liv Lik	142
3.10.6- Konklizyon	143
3.11- Onzyèm Rechèch: Bib la Pale Dwat Bondye	144
3.11.1- Entwodiksyon	144
3.11.2- Ansyen Testaman	145
3.11.3- Nouvo Testaman	145
3.11.4- Konklizyon	147
3.12- Douzyèm Rechèch: Kantite vèsè Bib la	149
3.12.1- Entwodiksyon	149
3.12.2- Ansyen Testaman	149
3.12.4- Konbyen chapit ak vèsè ki nan Bib la?	151
3.12.5- Konbyen vèsè ki deklare ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentepri a?	152
3.12.6- Jijman Bondye a baze sou sa ki ekri	153
3.12.7- Konklizyon	153
4- KONKLIZYON	155
SI'M TE KONNEN KIYÈS MWEN TE YE	156
Envitasyon	157

JEZI KRIS SE BONDYE PAPA APITIT LA, AK SENTESPRI A?

1- ENTWODIKSYON

Ak fen tan yo ki pròch la, satan ak ajan li yo santi presyon. Yo pran panik e yo ap eseye dezespereman genyen kèk vrè pitit Bondye. Yo pare pou fè nenpòt bagay pou detwi Legliz Jezi Kris a, sèl vrè Mèt la ak sèl vrè Bondye a. Pou reyalize objektif yo, yo miltipliye fo doktrin e yo te inonde milye kretyen an ak doktrin demon yo.

Nan dènye tan yo, yo santi wayòm yo te tonbe, estratèj yo ki nan mond fènwa yo te deside montre anpil entèlijans nan konsepsyon fo doktrin sa yo, pou yo twonpe menm sèten pitit Bondye ki gen bon konprann e eklere.

Lè yo te reyalize ke prensipal sèk yo a ki se Katolitism la pa ka sedwi yon sèl vrè pitit Bondye ankò, yo te reyalize ke lòt sèk tankou Temwen Jewova yo, sèk Advantis Setyèm jou a ak lòt, sèlman sedwi moun ki te chwazi sedwi tèt yo, yo jwenn yon zam trè efikas, yon doktrin ki pretann yo rekonèt Jezi Kris kòm Bondye, e kòm sèl vrè Bondye a.

Piske tout vrè pitit Bondye yo konnen epi rekonèt ke Jezi Kris se vrèman Bondye a, e se sèl vrè Bondye a, anpil moun tonbe nan pyèj sanblab verite levanjil sa a, ki an reyalite se venen ki pi danjere satan te janm pwodwi. Yon doktrin satanik ki sanble prezante Jezi Kris kòm sèl vrè Bondye a, men ki sibtilite ansenye ke Jezi Kris se sèlman yon vilgè mantè, e yon senp enpostè. Malerezman, anpil kretyen nayif pa reyalize twonpri sa a. Yo vale venen satanik sa a tankou dlo, epi yo posede pa move lespri ki fini kenbe yo prizonye, e anchennen yo pou Lanfè.

An fas ak trajedi sa a kote pèp Bondye a toudenkou te twouve tèt li, nou te twouve li enperatif, nesesite pou nou antre nan yon seri etid nan Bib la, pou nou dekouvwi gwo fas dyabolik sa a. Nou te chwazi pou nou ale nan Bib la soti nan yon bout rive nan lòt bout la, nan bi pou prezante bay vrè pèp Bondye a, ki moun vrè Jezi Kris la ye.

Èske ansèyman sa a rele “**Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la ak Sentespri a?**” Ke nou te fè espere chwazi trete an detay san pou pa enkyete sou longè li, se yon etid ki baze sou yon seri de douz rechèch ak sentèz yo. Etid sa a te vize pou soti nan Jenèz rive nan Revelasyon atravè 64 lòt liv nan Bib la, epi pou detèmine si Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Li te ede nou etabli vrè idantite Jezi Kris jan Li prezante pa Bib la, e jan Li prezante nan Bib la.

Ansèyman ki gen tit “**Èske Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la ak Sentespri a?**” Donk se yon konpilasyon 12 rechèch ak yon sentèz long nan tout sa Bib la ansenye konsènan Jezi Kris nan Bib la, sa vle di Jezi Kris Bondye a, sa vle di vrè Jezi Kris la, paske gen evidamman yon fo. Jezi Kris nan mond fènwa yo, sila ke ajan satan yo reyisi pou twonpe kretyen inyoran e nayif yo ak li.

Nan fen ansèyman sa a, Bondye te akòde nou yon revelasyon ki gran menm jan ak temerite satan ak ajan li yo nan elan yo pou egare pèp Bondye a. Gwo revelasyon sa a rezime nan yon bèl kantik ki rele "***Si mwenn te konnen ki moun mwenn ye***". Nou espere ke li pral beni nou, epi tou louvri je nou.

Bon lekti!

2- SENTÈZ RECHÈCH

Ansèyman sa se sentèz douz rechèch ke nou te fè nan bi pou detèmine si Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.

2.1- Entwodiksyon

Nou te chwazi etidye sijè sa a nan manyè ki pi klè ke posib, kan nou te wè enpòtans li. Sijè sa a te vini san pyès dout youn nan pi pisan zam nan men satan jodi a, pou sedwi plizyè kretyen, piske fo ansèyman sa a kan nou fenk wè'l, pa prezante okenn diferans avèk ansèyman nòmal konsènan Senyè Jezi. Dès ke demon sou fòm moun yo k'ap simaye venen sa a di ke Jezi Kris se Bondye, tout moun di Amen! Piske nou tout konnen ke Jezi Kris se Bondye. Men sa ke yo inyore, se sa ke sèpan sa yo ap simaye deyè deklarasyon yo a Jezi Kris se Bondye.

Kan yo di ke Jezi Kris se Bondye tankou nou menm tou nou di'l, yo kache ide selon li menm nan Jezi Kris pa ta ka jis Bondye Pitit Bondye tankou jan Bib la ansenye li a, men ke Li menm ta an fèt Bondye Papa a, e ke Li pa ta gen Papa. Fòk yo ale an profondè avèk yo nan etid pou dekouvri falsifikasyon an. E malerezman, plizyè kretyen k'ap koute yo, pa gen disènneman nesesè pou rann yo kont ke se yon doktrin satanik ke y'ap ansenye yo. Yo pran nan pyèj sediksyon pitit dyab sa yo, e kwè yo jwenn yon sèten lojik nan eksplikasyon ke y'ap bay yo a.

Donk se plizyè milye kretyen ki retrouve yo te pran konsa nan pyèj doktrin satanik sa a. E kèk pami yo te deja tèlman bwè venen sa a ke li vin trè difisil pou retounen yo nan larezon, kèlke swa eksplikasyon ke'w ba yo.

Piske nou pap inyore pouvwa sediksyon an, piske nou pap souzestime pisans fos doktrin nan, piske nou dwe ede tout moun ki nan fos doktrin sa a pa inyorans yo, e piske nou dwe kondane ajan satan yo ki, te chwazi Lanfè a, ap egare volontèman tout moun ki tonbe nan pyèj yo a, nou te deside pou trete sijè sa a nan manyè pou fèmen bouch tout sèpan sa yo, yon fwa pou tout. Se poutèt sa ke nou te dabò lanse nan yon seri de douz rechèch, anvan pou rive a ansèyman sa a menm, ki pa lòt ke sentèz douz etid sa yo.

Nou te **Premyèman**, pakouri Bib la nan rechèch ***tout fwa yo kote Jezi Kris te pale dirèkteman ou endirèkteman de Papa a ou de Papa Li, san bliye fwa kote yo te akize Li paske Li te rele Bondye Papa Li. Dezyèmman***, nou te lanse nou nan rechèch ***tout fwa yo kote Jezi Kris te pale de Bondye ou de Bondye Li a. Twazyèmman***, nou te chache ***tout kote Apot yo ak lòt Disip Jezi Kris yo te pale de Bondye Papa diferamman de Jezi Kris Pitit Bondye.***

Katriyèmman, nou te lanse nou nan rechèch ***tout pasaj ladan yo Apot yo ak lòt disip yo te rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye. Senkyèmman***, nou te pakouri Bib la nan rechèch ***tout fwa yo kote Jezi Kris te deklare Li menm Li se Bondye Papa a, ak tout fwa kote Jezi te deklare Li menm Li se Sentespri a.***

Sizyèmman, nou te chache tout pasaj ladan yo ***Apot yo ak lòt Disip yo te deklare ke Jezi Kris se Li menm ki Bondye Papa ak Sentespri a.***

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

Setyèmman, nou te pakouri Bib la nan rechèch ***tout pasaj ladan yo Bondye Papa a te rekonèt ke Li gen yon Pitit, e ke Pitit sa a, se Jezi Kris, ak nan tout pasaj ladan yo Anj yo te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye.***

Uityèmman, nou te chache ***tout pasaj ladan yo satan te deklare ke Jezi se Li menm ki Bondye Papa a ak Sentespri a.*** **Nevyèmman**, nou te chache ***tout pasaj ladan yo satan te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye.***

Dizyèmman, nou te chache ***tout pasaj ladan yo demon yo te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye.*** **Onzyèmman**, ***nou te lanse nou nan rechèch tout fwa yo kote Bib la pale nou de a dwat Bondye.***

Onzyèm rechèch sa a li jistifye li pa lefèt ke demon sou fòm moun yo k'ap soutni ke Jezi Kris pa gen Papa a, e ta yon lòt kote pròp Papa Li e pròp Bondye li, yo kwense e konfi chak fwa ke yo li pou yo vèsè ki di ke Jezi Kris Li chita a dwat Bondye. Yo pa konn ki sa pou yo di ankò pou yo jistifye mansonj yo a, yo tante pou demontre ke bondye pa ka gen yon dwat. Pou evite pou nou pa lanse nou nan bann diskisyon anven avèk yo, meyè solisyon an ki ofri avèk nou se te fouye Bib la pou wè sa ke Bondye Li menm deklare a sijè sa a.

Douzyèmman e anfen, ***nou te deside pakouri Bib la, e konte kantite chapit ak vèsè ke Li genyen.***

Rapò douz rechèch yo ke nou ka jwenn sou demann, ou ke n'ap jwenn sou sit entènèt www.mcreveil.org, yo se baz etid-sentèz sa a ki, pa gras Bondye, pral mete fen a fo deba sa a, yon fwa pou tout, e ki pap lèse yon ti kras posiblite pou ajan Lanfè yo, pou jwe sou nayivte bann moun inyoran yo ak sou inyorans tout moun k'ap komèt pa erè yo pou pa li Bib la yo menm. Nou te deside pou fè ansèyman sa a, yon etid konplè. E kòm nou ka konstate li, se tout Bib la ke nou te fouye nan tout profondè li, nan rechèch yon ti kras prèv doktrin demon sa a.

2.2- Apostazi a

Tout propagasyon fos doktrin sa a ke n'ap viv la a, se manifestasyon apostazi a. Foli a ak blasfèm nan te deja pran plas vrè doktrin Jezi Kris la nan legliz yo. Apostazi ke nou te fè masyon an nan etid anvan yo, gen pou rezilta, yon kote, pou simen yon gran konfizyon nan lespri moun ki vle kwè nan Bondye yo, pou yo ka pa konnen ki kote pou yo ale ou kiyès pou yo swiv, e yon lòt kote, pou konfime profes Malachi 3:18 la, ki di: ***"E nou pral wè diferans ant jis ak mechan, ant moun k'ap sèvi Bondye ak moun ki pap sèvi li.***

Bi gran dezòd sa a ki kreye pa satan an ak ajan li yo nan Legliz Bondye a, se pou detounen tout pitit Bondye yo nan Bondye ak nan laverite a, pou yo ka fini nan Lanfè, ou pou yo ka rate Anlèyman an. Donk konnen ke se a nou menm pou nou fè tout bagay pou nou pa tonbe nan pyèj ke satan tann pou nou yo ak demon sou fòm moun li yo ki ranpli legliz yo jodi a. Kòman nou dwe pran li? Nou dwe li Bib la nou menm. Tout tan ke n'ap fè tankou Katolik yo, sa vle di tout tan ke nou kite se prèt yo ak lòt swadizan sèvitè Bondye yo li Bib la pou nou, n'ap toujou tonbe nan venen yo a.

2.3- Sèk satanik yo ki fè pròp bib pa yo

Kouri pou tout sèk satanik yo, gran kou piti, ki te fè pròp bib pa yo. E si nou pa gen ase disèneman pou konnen si legliz ou gwoup ke nou ye a se yon sèk, men

yon eleman k'ap ede nou. Tout gwoup, ke li se yon gran ou yon ti gwoup, ki kreye swa pròp bib pa li sou pretèks te resevwa yon revelasyon nan Bondye, se yon gwoup satanik. Donk se yon sèk satanik ke nou dwe kouri pou yo, si nou vle sove. **Konnen fèmman ke Bondye pap mande menm ankò a nenpòt moun ke li ye pou kreye yon nouvo Bib.**

Tout swadizan revelasyon ki pretann te resevwa nan men Bondye ki mande a yon moun ou a yon gwoup moun pou retouche Bib la, ou pou refè li, ou pou revize li, ke nenpòt mo ke yo itilize a, se yon revelasyon satanik, maniganse depi nan mond fènwa a. Pa janm lesè, ni distrè ni enpresyone pa revelasyon sa yo ak swadizan anpil konfimasyon yo. **Bondye pap janm mande menm ankò a nenpòt moun li ye a jodi a, pou fè yon nouvo Bib.** Pa tonbe nan sediksyon fen tan sa yo. Lisifè te voye bann redoutab ajan li yo sou tè a, pou angaje plis moun pou Lanfè a. Fèt atansyon!

Rezon ki pouse demon sou fòm moun sa yo pou kreye yon nouvo bib la, se enkapasite yo pou jistifye pa Sent Bib la, fos doktrin ke satan te mande yo pou fè kouri a. Nan lòt tèm, kan yo jwenn yo enkapab pou jistifye fos doktrin yo a pa Sent Bib la, yo jwenn yo oblije pou chanje Bib la, e pou fè pròp bib pa yo. Konnen ke okenn ajan satan, ke nenpòt degre entelijans li ak riz li, pa ka reyisi pou jistifye fos doktrin li an nan sèvi ak Sent Bib la. Se poutèt sa ke li toujou trè fasil pou fèmman bouch yo chak fwa ke nou retrouve nou an fas yo nan yon diskisyon kan nou sèvi ak Sent Bib la, e nan respekte konsiy ke Senyè a te ban nou nan ansèyman ki rele "**Kondisyon pou Etid Biblik yo**" ki sou sit www.mcreveil.org a, e ke yon ekstrè trouve li an ba a.

Senyè a di nou nan Lik 21:15 "**Donk mwen pral ban nou yon bouch ak yon sajès avèk li tout advèsè nou yo pap ka reziste ou kontredi.**" E nan Tit 1:10-11 "**Genyen, an fèt, sitou pami sikonsi yo, anpil moun rebèl, bann diskourè nil ak sediktè, ¹¹moun sa yo fòk yo fèmman bouch yo. Y'ap boulvèse bann fanmi an nantye, nan ansenye pou yon gen wonte sa ke yo pa gen dwa ansenye.**"

2.4- Sèt kondisyon yo

Sèl sekrè pou atrap ajan satan yo ki gen pou misyon pou detounen nou nan pawòl Bondye a, se sa ke nou ban nou pi ba a. Se sèt kondisyon sa yo ke fòk nou enpoze anvan chak deba, ou anvan chak diskisyon, kan nou panse ke deba sa a ou diskisyon sa a pral ka pote kèk fwi. Pa janm aksepte deba ou diskisyon avèk demon yo ki te chanje Bib la. E si nou vle debat avèk yo, egzije ke yo mete yon kote fo bib yo a, e ke yo soufri pou sèvi nan vrè Bib la diran deba nou an.

Pou pa tonbe nan pyèj pitit pèdisyon yo, anvan nou angaje nou nan tout etid biblik, anvan pou nou lanse nou nan nenpòt diskisyon an ou nan yon nenpòt deba nan Bib la avèk nenpòt moun li ye a, nou dwe dabò pou mete nou dakò sou sèt (7) kondisyon sa yo.

1- Se dakò sou lefèt ke Bib la, se Pawòl Bondye.

2- Se dakò sou lefèt ke sèl Bib la ki se Pawòl Bondye, sa vle di ke, pyès lòt liv, pyès lòt dokiman, pyès lòt maniskri, ni menm yon kòmantè nan Bib la, pa reprezante Pawòl Bondye.

3- Se dakò sou lefèt ke Bondye se sèl otè Bib la, sa vle di ke pa gen nan Bib la pawòl Pyè ou Jan ou Pòl, elatriye.

4- Se dakò sou lefèt ke tout Bib la adrese avèk nou, sa vle di ke pa gen nan Bib la mesaj pou Korentyen yo, ou pou Efezyen yo, elatriye.

5- Se dakò sou lefèt ke vrè Bib la ki kite a dispozisyon nou pa Bondye a, genyen 66 liv. 66 liv sa yo dwe genyen non liv Sent Bib yo ke nou Konnen an, e klase nan lòd nòmal bib yo menm jan ke Sent Bib la prezante yo a.

6- Se dakò sou lefèt ke Bib la vrè.

7- Se dakò sou lefèt ke sa ki pa ekri, pa konsène nou.

Sèt kondisyon sa yo dwe **absoliman** respekte si nou pa vle fè etid biblik nou an ou pataj nou an yon senp distraksyon. E sitou pa janm bliye ke nou pa janm dwe ale pi lwen ke sa ki ekri a, selon kòmandman Senyè a nan **1Korentyen 4:6** "Se akòz de nou menm, frè, ke mwen te fè bagay sa yo yon aplikasyon a moun mwen ye ... pou nou ka aprann ... **pou pa ale pi lwen ke sa ki ekri a.**"

Avèk rapò douz rechèch yo ke nou te fè yo, li pral pi fasil pou nou kounye a pou reponn a kesyon ke yo te poze nou an, ki se: **Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a?** Ou nan lòt tèm, **Bib la fo?** Si yo te poze nou kesyon an tou senpleman, repons lan tap senp tou.

Si nou te pase plis tan ke sa nou te panse a nan etid sa a, se swa paske kesyon an yo te mal poze nou li, swa paske nou te mal konprann li. Donk sijè a ke n'ap etidye a se an fèt sa a: **Bib la eske li fo?** Pou vini a tout kesyon sa a nèt nou te ka pran mwens tan. Donk ann vijilan prochen fwa yo.

Piske la a se diskite n'ap diskite e pou diskite longman otou de moun ke Jezi ye a, poukisa nou pa poze Li kesyon sa a? Pouki sa nou pa enteroje Jezi Li menm, pou li ka di nou kiyès Li ye, ou kiyès Li pa ye?

2.5- Ki sa Jezi di de tèt di Li Menm?

Jezi pat janm pretann li se Bondye Papa a, Li pa janm riske Li nan sa. A moun ki te vle tande'l, Li te sifizamman pale de Papa Li, e de misyon ke Papa Li te konfye Li a, kòm nou te demontre li nan premye rechèch la. Li te egalman pale sifizamman de Bondye Li a, konsa Li te avwe ke Li gen yon Bondye, avèk Li ke Li soumèt li. Se sa ke nou dekouvri nan Dezyèm Rechèch la.

Jezi pat janm oze di ke Li se Sentespri a. Li pat janm fè ke Li se yon mistè. Li te di a moun ki te vle tande'l, ke Li se Pitit Bondye. **Li klèman distenge de Bondye Papa a e ak Sentespri a**, kòm pasaj anba yo konfime'l:

Matye 3:16-17 "Dèske **Jezi** te fin batize, li te soti nan dlo a. E men, syèl yo te ouvè, e li te wè **Lespri Bondye** desann tankou yon pjon e vini sou li. ¹⁷E men, **yon vwa te fè tande nan syèl yo** pawòl sa yo: **Sila sa a se Pitit Mwen renmen anpil la**, nan li mwen te mete tout afeksyon'm."

Jan 12:27-28 "Kounye a nanm mwen trouble. E kisa mwen ta di?... **Papa**, delivre'm de lè sa a ? ... Men se pou sa ke mwen te vini jiska lè sa a. ²⁸**Papa**, glorifye non'w! **E yon vwa te soti nan syèl la : Mwen pral glorifye'l.**"

Jan 14:26 "Men konsolatè a, Lespri Sen an, ke Papa a pral voye nan non'm, pral ansenye nou tout bagay, e pral raple nou tout sa ke Mwen te di nou yo."

Jan 15:26 "Kan konsolatè a vini ke Mwen pral voye pou nou an k'ap soti nan Papa a, Lespri verite a, ki pral soti nan Papa a, li pral rann temwanyaj de mwen."

Travay 2:32-33 "Se Jezi sa a ke Bondye te fè leve soti vivan pami mò yo; nou tout te temwen li. ³³Leve pa dwat Bondye, li te resevwa nan men Papa a Sentespri a ki te promèt la, e li te repann li, tankou jan nou wè li a ak tande'l la."

Travay 10:38 "Nou konnen kòman Bondye te wenn pa Sentespri e ak fòs Jezi de Nazarèt, ki te ale lye an lye nan fè byen ak nan geri tout moun ki te sou dominasyon dyab la, donk Bondye te avèk Li."

2.6- Demon sa yo ki Kwè yo konnen Jezi plis ke Jezi li menm

Kote li soti ke Jezi avèk pròp bouch li e nan tout nanm ak konsyans te di nou sa ke Li ye a, e ke kèk demon ap tante pou kontredi Li a? Nou trouve li lojik pou kèk demon sou fòm moun konnen Jezi plis ke Jezi Li menm? Pouki sa nou dwe ap pèdi tan pou diskite sou idantite yon moun alò ke moun nan la e ka pale nou de li menm? Pouki sa nou dwe ap pase pa bann akrobati ki pa itil pou dekouvri yon moun ki pa fè idantite li okenn mistè? Jezi pat janm cache idantite Li, e Li pat janm manti sou idantite Li. Ki sa ki ka jistifye yon deba ozalantou idantite Li?

Moun mwen renmen yo, konnen ke misyon demon yo se non sèlman pou konbat Bondye, pou blasfème e pou kontredi Bondye, men li se tou pou detounen Pitit Bondye yo nan verite a, ou a defo, pou distrè Pitit Bondye yo. Donk veye pou nou pa janm lèse demon sa yo distrè nou menm ankò ki kwè yo konnen Jezi pi byen ke Jezi Li menm.

2.7- Bib la konfonn tout mansonj

Li soti nan kèk rechèch ke nou te fè yo, ke Bondye pat lèse okenn posiblite pou demon yo di yon mansonj nan non Li, kan yo sèvi avèk Bib la. Bib la konfonn tout mansonj, e mete klèman ajan satan yo toutouni. Se pou tèt sa ke nou genyen bann santèn pasaj nan Bib la ki di nou klèman ke Jezi Kris se Pitit Bondye, e nou pap jwenn okenn ki di nou ke Jezi Kris se Bondye Papa ak Sentespri.

Se tou senpleman boulvèsan. Nou te idantifye plis pase mil pasaj nan Bib la ki di ke Jezi Kris se Pitit Bondye, e nou pat trouve yon sèl pasaj ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa ou Sentespri a. Pa menm yon sèl. Nou te fè yo chak pale youn apre lòt Bondye Papa, Jezi Kris Li menm, Anj Bondye yo, Apot yo, Profèt yo ak lòt Sèvitè Bondye yo nan Bib la, dyab la, e menm demon nan lespri yo, kòm nou ka verifye'l nan li diferan rechèch yo ke nou te fè yo. Pyès nan yo pat di ke Jezi Kris se Bondye Papa ak Sentespri a. Pyès nan yo. Poutan, tout te di klèman ke Jezi Kris se Pitit Bondye. Se pa manyifik. Alelouya!

Kiyès ki ka konteste avèk Bondye avèk siksè? Kiyès ki ka konbat Bondye e venk Li? Kiyès ki ka konfonn Bondye? Kiyès ki ka reyisi pou anbarase Bondye? Kiyès

ki ka revandike menm yon ti kal vikwa sou Bondye? Kiyès ki ka pi saj pase Bondye? Kiyès ki ka egale li ak Bondye? Bondye nou an èske Li pa manyifik? Bondye nou an èske Li pa redoutab? Alelouya!

Ann beni Bondye, moun mwen renmen yo, ann beni Li nan tout kè nou. Ann louwe Letènèl, ann louwe Li pou grandè Li, pou lanmou Li, pou pisans Li, ak pou fidelite Li. A nivo sa a mwen pa ka anpeche'm pou chante avèk alegrès manyifik kè sa a ke Senyè te mete nan kè'm pandan ke mwen t'ap ekri ansèyman sa a. Kè sa a di : **Ann louwe Letènèl!**

Ann Louwe Letènèl

Ann Louwe Letènèl
Ann louwe Li pou grandè Li,
Bondye vivan an Li merite tout louwanj,
Nan tout tan ak nan tout tan.

Ann louwe Letènèl,
Ann louwe Li pou pisans Li
Tou Pisan an Li merite tout louwanj,
Nan tout tan ak nan tout tan.

Ann louwe Letènèl,
Ann louwe Li pou bonte Li,
Prens lapè a Li merite tout louwanj,
Nan tout tan ak nan tout tan.

Ann louwe Letènèl,
Ann louwe Li pou lanmou Li,
Bondye damou an Li merite tout louwanj,
Nan tout tan ak nan tout tan.

Ann louwe Letènèl,
Ann louwe Li donk Li se Bondye,
Bondye tout bondye yo Li merite tout louwanj,
Nan tou tan ak nan tout tan.

Ann louwe Letènèl,
Ann louwe Li pou gran bagay Li fè yo,
Sen tout sen yo Li merite tout louwanj,
Nan tout tan ak nan tout tan.

Ann louwe Letènèl,
Ann louwe fidelite Li,
Bondye fidèl la Li merite tout louwanj,
Nan tout tan ak nan tout tan.

2.8- Sipò bibliik demon yo

Moun mwen renmen yo, kèlke vèsè yo ke demon sa yo bay pou soutni blasfèm yo a, yo tout nan etid ki rele **Jezi Kris se Bondye?** Ke nou te fenk sot fè a. Pa

gen anyen nouvo. Yo pa gen yon sèl vèsè ki di ke **Jezi Kris se Bondye Papa ak Sentespri a**, kòm nou t'ap tann li deja. Pou sa, donk mwen te jwenn li pat itil pou reyalonje etid sa a ankò avèk menm vèsè yo ke nou te sifizamman site nan etid resan sa a.

Toutfwa, m'ap ban nou kèk nan vèsè ke yo te kòmante, pou nou ka dekouvri nou menm atizan gran manipilasyon ajan Lanfè sa yo.

2.9- Kèk vèsè kòmante pa demon yo

Men kèk pasaj ke demon sa yo a yon ti bout agiman yo avanse pou yo jistifye blasfèm yo a. Piske fòk yo byen bay lenpresyon ke doktrin satanik yo a gen yon baz bibliik, y'ale nan Bib la rale kèk vèsè nan kontèks yo, pou soutni foli yo a. Yo site patikilyèman pasaj sa yo:

2.9.1- Vèsè kòmante N°1

Ezayi 9:5 ou 6, selon vèsyon yo. *"Donk yon pitit fèt pou nou, yo ban nou yon pitit gason, e dominasyon an pral repoze sou zepòl li ; yo pral rele'l Admirab, Konseye, Bondye pisan an, Papa letènite a, Prens lapè a."*

Men kòmantè ke yo fè avèk li: *"Si nou admèt ke pitit ki fèt la (Jezi Kris) se Konseye nou, se Admirab la, se Bondye pisan an, se Prens lapè a, nou dwe admèt ke li se Papa letènite a tou kòm vèsè anwo a presize li."*

Moun mwen renmen yo, sa a se divagasyon tout bon e senp. Nou pat janm di ke Jezi Kris pa Papa letènite a. Ke demon sa yo donk pa mennen nou nan yon deba ki pa egziste. Nou te toujou kwè, e n'ap kwè nèt ale, ke pawòl Bondye a vrè. **Dayè se pou rezon sa a ke nou pa fabrike yon nouvo Bib.** Nou kwè nan verasite sa ki egziste deja a.

Piske nou kwè ke Bib la vre, nou kwè tou, e natirèlman, ke Jezi Kris se Papa letènite a. Sa ke n'ap di a, soutni an, ak defann nan an revanch, se ke Jezi Kris pa Bondye Papa a. Ann pa kite demon yo kouri pou vrè deba a. Ke yo ban nou yon sèl vèsè ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa a.

2.9.2- Vèsè kòmante N°2

Matye 28:19 *"Ale, fè disip nan tout nasyon yo, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a."*

Men kòmantè yo fè avèk li: *"Nou wè kòmandman Senyè a (yon lòd) a apot li yo. Selon Travay 2:38 'Pyè te di yo : Repanti nou, e ke nou chak ka batize nan non Jezi Kris, pou padon peche nou yo ; e n'ap resevwa don Sentespri a, nou wè obeyisans efektiv a lòd Senyè a e non yon resitasyon ou repetisyon kòmandman an. An plis Jezi kan li t'ap bay kòmandman an te di 'nan non' ki se an sengilye sa vle di komen ak Papa a, ak Pitit la e ak Sentespri a."* Men sa ke demon yo di.

Moun mwen renmen yo, kòm nou ka konstate li, lisifè te totalman ronje sèvo ajan li yo. Yo pa konprann anyen menm ankò. Se vrèman trè medyòk!

Selon sa yo menm yo di, nan Matye 28:19 se yon kòmandman (yon lòd) ke Senyè a te bay a apot Li yo. Men toujou selon yo menm, Apot Pyè te chwazi swa

pou li te opoze li a kòmandman Jezi sa a, swa pou li te dezobeyi li, swa pou te korije fot Jezi yo, donk Jezi ta tronpe li kan li te itilize ekspresyon "**Nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.**"

Ki sa ke mwen ka di nou ankò? Kisa mwen ka demontre ankò pou nou ka konprann ke kan Jezi te rele moun sa yo pitit dyab la, se pa ensilte Li t'ap ensilte yo? Nou bezwen efò pou konprann ke si sakrifis Jezi a pat ka sove moun sa yo, se pa yon demonstrasyon konsa de nou menm, te ka pisan e absoliman konvenkan, ki pral ka sove yo? Si moun sa yo aksepte pou yo sove, ki sa Lanfè a pral ye finalman, moun mwen renmen yo? **Letènèl pat fè tout pou yon bi, menm mekan yo pou jou malè a?** Provèb 16:4

Pwen sa a se youn nan sa ke mekan sa a itilize pou jistifye sa ke yo rele "batèm nan non jezi a", nou trete'l an detay nan yon ansèyman a pa, ki rele "**Fòmil Batèm Dlo a**", ke n'ap jwenn sou sit mcreveil.org. Pandan n'ap tann pou'n li ansèyman sa a, pa bliye kan demon sa yo pale de "batèm nan non jezi a", y'ap pale de jezi yo a, e se pa **Senyè nou an e Mèt nou an Jezi Kris**.

2.9.3- Vèsè kòmante N°3

Jan 14:16 *"E mwen menm, mwen pral priye Papa a, e li pral ban nou yon lòt konsolatè, pou li ka demere avèk nou."*

Men kòmantè ke yo fè avèk li: *"Senyè Jezi deklare ke li ap etènèlman avèk disip li yo a travè pasaj Matye 28:20 'e ansenye yo pou obsève tout sa ke mwen te preskri nou yo. E men, Mwen avèk nou chak jou, jiska fen mond lan.' Donk konsolatè ki te promèt la se menm Jezi sa a, sa vle di Sentespri a."* Men sa demon yo di.

Moun mwen renmen yo, ajan satan sa yo se bann moun ki fèt pou yo toujou fè agiman, yo metrize metye agimantasyon an. Yo genyen sediksyon an nan san yo. Men, menm ke yo demaske yo, pito yo repanti yo, yo prefere bwè wont yo a jiskaske yo sou. Se sa'l ye menm.

Y'ap fè tout demonstrasyon makab sa a avèk anpil degre ak pawòl malefik, e moun ki pa gen Lespri Bondye, malerezman tonbe nan gran sediksyon yo a. Nou te demontre nou nan tout etid sa a, ke tout agiman demon sa yo totalman san sans e toutouni nan tout sans yo, e ka sedwi sèlman moun ki pa li Bib yo, e ak tout moun ki gen kè yo defòme ak lespri gate.

2.9.4- Vèsè kòmante N°4

Jan 10:30 *"Mwen ak Papa nou se **youn**."*

Men kòmantè ke yo fè avèk li: *"Isi a y'ap pale de yon inite tout bon, konplè ak total." E yo asosye yo a sa Kolosyen 2:9 ki di: "Donk nan li tout plenitud divinite a rete kòporèlman."*

2.10- Inite tout bon an

Sa ki kreye souvan bann problèm a moun nan kè e ak lespri gate yo ki aksepte fasilman fos doktrin selon li menm nan Jezi ta Li menm an menm tan Bondye Papa ak Sentespri a, se lefèt ke yo pa konprann **inite tout bon an** ki renye ant Bondye Papa a ak Pitit la. Li rive menm nan nivo motèl yo. Se ka gason ak fanm

kan yo marye kòm Bib la ansenye nou li nan Genèz 2:24; se ka tou David ak Jonatan ke nou jwenn nan 1Samyèl 18; se egalman ka premye frè yo nan Travay 4; se ka sa a tou ke Senyè a revele nou an nan Jan 17 la.

Si donk inite tout bon an selon demon yo vle di ke pou ke Jezi ak Papa Li se youn, fòk se menm moun nan e se pa de moun ou plizyè moun, ke yo eksplike nou pasaj anba yo:

Genèz 2:24 "Se poutèt sa gason an ap kite papa'l ak manman'l, e pral atache li ak madanm li, e yo pral vin **yon** sèl kò." Men inite tout bon an ant gason ak fanm nan.

1 Samyèl 18:1; 3 "E menm moman an nanm Jonatan te atache ak nanm David, e **Jonatan te renmen'l tankou nanm li**. ³Jonatan te fè alyans avèk David, paske **li te renmen'l tankou nan li**." Men yon inite tout bon ant de zanmi.

Jan 17:11; 18; 21-23 "¹¹Mwen pa nan mond lan menm ankò, e yo nan mond lan, e mwen pral jwenn ou. Papa sen, kenbe nan non'w sila sa yo ke ou te ban mwen yo, pou yo **ka youn tankou nou menm**.... ¹⁸Kòm ou te voye'm nan mond lan, mwen te voye yo tou nan mond lan. ... ²¹**pou yo tout ka youn**, tankou nou menm, Papa, ou nan mwen, e tou jan mwen nan ou a, **pou yo menm tou ka youn nan nou**, pou ke mond lan ka kwè ke ou te voye'm. ²²Mwen te ba yo glwa ke ou te ban mwen an, **pou yo ka youn tan kou jan nou se youn nan**, - ²³**mwen menm nan yo, e ou menm nan mwen, -pou yo ka youn tout bon vre**, e ke mond lan konnen ke ou te voye'm e ke ou te renmen yo tankou jan ou te renmen'm nan."

Men yon egzanp klè inite tout bon an ant Bondye Papa a ak Kris, ant Kris ak Disip yo, ant Bondye Papa a, Kris ak Disip yo, ant Disip yo yo menm.

Efezyen 5:31-32 "Se poutèt sa gason an ap kite papa'l ak manman'l, e pral atache li a madanm li, e yo de a pral vin **yon** sèl kò. ³²Mistè sa a gran; mwen di sa pa rapò a **Kris e ak Legliz la**."

Men yon inite tout bon ant gason ak fanm, e ant Kris ak Legliz.

Efezyen 4:1-3; 11-15 "M'ap ankouraje nou donk, mwen, prizonye nan Senyè a, pou mache nan yon fason ki merite vokasyon ke yo te adrese nou an, ²nan tout imilite ak dousè, avèk pasyans, se pou nou sipòte youn lòt avèk charite, ³pou nou fè efò pou konsève **inite** lespri a ki mare kòd ak lapè. ... ¹¹E li te bay kèk kòm apot, lòt kòm profèt, lòt kòm evanjelis, lòt kòm pastè ak doktè, ¹²pou sen yo ka fin bon nèt pa rapò a zèv ministè a e pou konstri kò Kris la, ¹³jiskas ke nou tout ka rive a **inite** nan lafwa ak nan konesans Pitit Bondye a, nan eta moun ki bon nèt, nan mezi estati bon nèt Kris la, ¹⁴pou ke nou pa timoun menm ankò, nan flote ak nan kouri a tout van doktrin, pa tronpri bann moun, pa riz yo a nan mwayen sediksyon, ¹⁵men ke, nan profese laverite nan charite, n'ap grandi nan tout bagay nan sila a ki se chèf la, Kris."

Men yon inite tout bon ant Disip yo, sa vle di yon inite tout bon ant manm Kò Kris la, ki se Legliz Jezi Kris la.

An tan ke Legliz, Bondye te rele nou tout nan inite, nan yon inite tout bon. Dayè se pou tèt sa ke Li te beni Legliz la avèk Apot yo, Profèt yo, Evanjelis yo, Pastè

yo ak Doktè yo; se pou ke Legliz la ka rive a inite tout bon an. Travay Sentespri a ak vrè Sèvitè Bondye yo, se pou kondwi Legliz Kris la, sa vle di, vrè Pitit Bondye yo pou vin **youn**, tankou Kris ak Papa Li se **youn**.

Travay 4:32 *"Miltitid moun ki te kwè yo yo te sèlman **yon** kè ak **yon** nanm. Pyès pat di ke byen li yo te pou li menm, men tout te pou yo tout ansanm."*

Men yon inite tout bon ant Disip yo.

Moun mwen renmen yo, mwen sot prezante nou plizyè lòt ka inite tout bon nan Bib la. Si nou kenbe nou avèk yo nan menm panse pitit malen sa yo, Kris ak Disip li yo ta yon sèl e menm moun nan, gason ak fanm depi yo marye ta yon sèl e menm moun nan, Disip yo ant yo ta yon sèl e menm moun nan, e menm Bondye Papa a ak nou menm, Disip Jezi Kris, ta yon sèl e menm moun nan. Men jis ki bò demon yo prèt pou ale, paske yo kanpe yo absoliman pou kontredi Bondye.

Piske inite tout bon an selon demon yo vle di ke pou Jezi e Papa Li ka youn, fòk yo ta menm moun nan e se pa de moun ou plizyè moun, nou konprann kounye ke selon demon sa yo, Bondye Papa a, Jezi Kris ak tout Legliz la, yo tout se yon sèl e menm moun nan. Donk Jezi Kris se Li menm ki Bondye Papa, e nou, Disip Jezi yo, nou menm nou se Jezi Kris, e an kachèt, nou menm nou se Bondye Papa a. Si dokrin demon sa yo te vre, David ak Jonatan t'ap yon sèl e menm moun nan. Men swadizan mistè a ke kèk demon sou fòm moun yo kwè ke se yo menm sèl ki pou pèsè'l.

2.11- Revelasyon

Mwen te deja mete nou an gad kont moun sa yo k'ap pale sèlman de revelasyon chak fwa. Konnen ke yo se bann ajan dyab. Se jisteman paske yo pa kapab soutni blasfèm yo a pa Bib la ke yo oblije di a moun yo ke se pa revelasyon ke yo te resevwa mansonj yo a. Konnen ke revelasyon sa yo pa ka soti nan Bondye nou an e Papa Jezi Kris. Pyès revelasyon ki soti nan Senyè pa ka kontrè ak Bib la. Nou rekonèt ke Bondye nou an akòde nou regilyèman bann revelasyon. Men okenn nan revelasyon sa yo pap kontredi pawòl Bondye a, okenn pap trouve ke Bondye mantè. Yo tout dwe ka jistifye pa Bib la.

2.12- "Se yon mistè ke Bondye te revele nou"

Men dènye retranchman demon yo. Chak fwa ke yo santi yo kwense pa verite a e yo bouke avèk agiman ridikil yo a, yo di nou ke doktrin satanik yo a donk se yon mistè ke Bondye sot revele yo, e ke se poutèt sa ke nou pa jwenn li nan Bib la. Men kisa sa sinyifi trè klè: Bondye te kenbe sekrè yon mistè depi kreyasyon an, e te chwazi pou pa revele'l ni a profèt Li yo nan Ansyen Tan an, ni a Apot e ak Disip Li yo nan Nouvo Alyans lan, ni a lòt Sèvitè Li yo ki te sèvi Li depi prèske 2000 an nan istwa Legliz la, ni menm a tout vrè Pitit Li yo k'ap sèvi Li kounye a avèk zèl e angajman.

Bondye te trouve li bon pou revele mistè sa a sèlman a yon ti group demon sou fòm moun. Donk Li ta kache yon mistè depi plis pase 6000 an, pou revele'l sèlman a ti group vipè ki ta sèl ki gen privilèj pou rantre nan syèl la. E sa ki ankò byen etranj nan agiman demon sa yo, se paske se ak yo sèl ke mistè sa a te rezève. **Pèsonn lòt pa ka gen aksè a mistè sa a, piske li pa ekri pyès kote,**

e pap janm ekri menm ankò, donk Bondye pap janm ekri yon nouvo Bib ankò. Donk nou ka di konsa Bondye te tann yon pyèj a tout sèvitè Li yo nan Ansyen tankou nan Nouvo Testaman an, ak tout moun ki pral kwè nan Li yo pa Levanjil premye Apot yo.

Alò konprann trè byen, ke selon doktrin demon sa yo, tout Apot Jezi Kris yo yo nan Lanfè, tout moun ki te swiv yo yo nan Lanfè, e nou tout ki kwè a Levanjil yo a, pral nan Lanfè, donk nou kontinye ap ansenye sa ki ekri a, olye pou ansenye bann mistè ki pa ekri pyès kote, e ki pap janm ekri. Nou tout nou prale nan Lanfè moun mwen renmen yo, paske nou kwè, soutni e ansenye ke Jezi Kris se Pitit Bondye konfòm ak Bib la, alò ke an reyalyte, Li ta selon doktrin demon yo, Bondye Papa a ak Sentespri a.

Si swadizan mistè sa a se te reyèlman yon mistè kache depi kreyasyon an e te rezève sèlman a tout moun ki pral sou tè a nan fen tan sa a, yo ta konprann li ankò. Men menm moun k'ap viv sou tè a aktyèlman malerezman pa gen aksè avèk mistè sa a. Li pa ekri pyès kote. Donk se yon mistè ke revelasyon an pa depann ni nan Alyans yo, ni nan epòk yo, ni nan jenerasyon yo. Se tou senpleman yon ti monopòl ke Bondye ta rezève a kèk pitit malen, a kèk redoutab demon sou fòm moun. Alelouya!

2.13- Sèpan sa yo kwè yo se moun ke Pitit la ta chwazi pou revele yo tout bagay

Men vèsè ke demon sa yo itilize a, pou soutni blasfèm yo a ak pretansyon yo a: **Matye 11:27** "*Papa'm te ban'm tout bagay, e pèsonn pa konnen Pitit la, se se pa Papa a; pèsonn non plis pa konnen Papa a, si se pa Pitit la e avèk moun Pitit la vle reve'l la.*" E men ki fason yo eksplike vèsè sa a:

Yo di ke pèsonn pa konnen Pitit la, si se pa Papa a; pèsonn non plis pa konnen Papa a, si se pa Pitit la e a moun ke Pitit la vle revele'l la. Sa a vle di selon yo menm, ke doktrin yo a pa pyès kote nan Bib la, e moun ki ka gen doktrin sa a se sèlman a moun ke Pitit la pral revele'l la. E ak yo menm, Pitit la te vle byen revele mistè kache a ant Papa a ak Pitit la, alò ke a nou menm Pitit la pat vle revele sa. Se poutèt sa ke nou pa konprann.

Selon doktrin demon sa yo, Syèl la ta tèlman piti ke Pitit la wè li oblije kache verite a a tout moun, menm ak Profèt Li yo e Apot Li yo, pou ka pa gen anbouteyaj ak promiskite nan Syèl la pou akeyi moun yo, ta selon demon yo, prefere pou yon politik seleksyon seryezman sonm ou enkonpreansib. Fòk Li jwenn yon mwayen biza pou ekate tout moun, menm pi fidèl Sèvitè Li yo Profèt yo ak Apot yo. Tap sèlman gen nan Syèl la kèlke plas rezève a ti bann sèpan sa yo.

Se tou senpleman tèrib, moun mwen renmen yo. Men jis ki bò sediksyon an rive. Nou genyen malerezman anpil moun ki kwè a jan de istwa sa a. **Fòk ou ta vrèman te vann satan nanm ou, pou kwè ke sa ki ekri a nwa sou blan nan Bib la se fo, e se sa ki pa ekri pyès kote ki vrè.** Pa youn nan mechan sa yo pap gen ekskiz. Ke se swa demon sa yo k'ap fè kouri doktrin satanik sa a, ou moun ki kwè nan sa. Yo pa bezwen gran disèneman pou detekte jan blasfèm sa a.

2.14- Mande demon yo yon sèl vèsè

Men moun mwen renmen yo, yon lòt prèv ke pawòl Bondye a vre, e ke gen bann moun ke nou pap janm reyisi retire nan Lanfè a. Bagay ki pi senp nan mond lan pou fè, se sa ke n'ap mande a moun sa yo ki pretann yo eklere a ki vle swadizan sove nou an. N'ap mande yo **sèlman yon sèl vèsè** klè ki soutni doktrin yo a. Nou pa vle de vèsè. Nou vle sèlman yon sèl. Yon sèl vèsè ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa a ak Sentespri a. Bagay ki pi senp pou fè pou tout vrè kretyen e pou tout ansenyan Bib ki pretann yo se tout, se pou prodwi o mwens yon vèsè ki soutni doktrin yo.

Sèl bagay ke nou pral fè a pati moman sa a avèk demon yo ki pral di nou ke Jezi kri se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, se pou mande yo vèsè ki di'l la. Piske nou konnen deja nou menm ke Jezi kri se Pitit Bondye, **mande yo yon sèl vèsè** ki di: "Jezi Kris se **Bondye Papa a**", "Jezi Kris se **Sentespri a**". Si yo pa prodwi yon vèsè parèy, kouri dèyè demon sa yo e ba yo yon entèdiksyon fòmèl pou pa pale ankò de bondye yo a bò kote nou.

Sitou pa aksepte ke yo site pou nou vèsè Ezayi 9:5 ou 6 la selon vèsyon yo ki di: "*Donk yon pitit fèt pou nou, ... y'ap rele'l ... Papa letènite a, Prens lapè a.*" Vèsè sa a di pito ke Jezi Kris se Papa letènite a. Men li pa di ke Jezi Kris se Bondye Papa a. Konnen ankò yon fwa pou tout, ke nou pat janm di ke Jezi Kris pat Papa letènite a. Jezi Kris se Papa letènite a, Bib la di'l klèman, e nou aksepte'l e aprouve'l. Men Jezi Kris se pa Bondye Papa, e Li pa Sentespri a. Si demon sa yo vle kontredi nou, ke yo ban nou **yon sèl** vèsè ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa a ak Sentespri a.

Men alò ke yo enkapab pou prodwi pou nou sèl vèsè sa a ke nou mande yo, y'ap multipliyè bann fo agiman pou anbouye moun ki tonbe nan pyèj yo a pou koute yo.

2.15- Agiman demon yo

Mwen livre nou anba a kèk agiman ke sèpan sa yo bay pou soutni foli yo a:

2.15.1- Premye agiman

"Ekszitans Pitit la (Pitit nan Panse Bondye). Ann raple nou dabò ke li di nan **Romen 4:17** Selon ke li ekri: *Mwen te atabli'w papa yon gran nonm nasyon. Li se papa nou devan sila nan li li te kwè a, Bondye, ki bay lavi ak mò yo, **e ki rele bagay ki pat janm la kòm si yo te la.***" Se isi a premye agiman demon yo.

Aprè mwen fin li agiman sa a, mwen pat konprann riz satan an ki te kache ladann nan. Mwen te pase plizyè minit ap medite sou sa, m'ap eseye konprann ki jan vèsè sa a te kapab ede kòz demon sa yo, e mmwen pat jwenn repons. Mwen te chèche koneksyon ki te kapab egziste ant vèsè sa a nan Wòm 4:17 ak etid ke nou t'ap fè a, epi mwen pa jwenn anyen. Piske'm pa jwenn anyen, mwen te lanse yon apèl bay tout lòt pitit Bondye mwen te enplike nan rechèch ki te mennen nan sentèz sa a, pou yo te ede'm konprann nan ki fason vèsè sa a te reponn kesyon nou an. Yo menm tou yo pat wè enpòtans agiman sa a.

Byenke okenn nan nou pat jwenn anyen ki mal nan vèsè sa a demon yo te site a, mwen te konvenki ke gen yon bagay ki mal. Avèk ti konesans mwen genyen

sou satan ak ajan li yo, mwen te konnen ke demon sa yo sèvi ak vèsè sa a nan Women 4:17 pat banal. Nan fè sa, mwen te mande frè yo pou yo kontinye medite sou vèsè sa a nan lapriyè, pou sekrè demon sa yo ta revele nou. Lè sa a, mwen te oblije priye pou mande Senyè a revele'm sa vèsè sa a te kache.

Nan demen, pandan ke'm t'ap medite sou etid sa a e t'ap reli ansèyman sa a, se la ke Senyè a te revele'm riz pitit malen sa yo ki kache yo dèyè itilizasyon Romen 4:17 yo a. Se konsa, imedyatman mwen rele frè yo mwen te mande yo pou yo sispann soufri. Mwen te di yo ke Senyè a te revele'm gwo riz demon sa yo.

Men an reyalite sa ke agiman ajan Lanfè sa yo kache: Piske yo konnen yo pap janm jwenn nan Sent Bib la yon sèl vèsè oswa yon sèl pasaj pou jistifye mansonj yo ak blasfèm yo a, yo vle jwenn nan vèsè sa a, yon sijè pou akize Bondye e jwenn Li enpe kredib. Depi lè sa a, pati ke yo te soulinye nan vèsè sa a se sa ki sanble kat Jokè yo a, sa vle di dènye ranpa dèyè li yo pral ka kache yo pou yo pa avwe yo ke yo pèdi.

Men pati soulinye a nan vèsè a: **"... e ki rele bagay ki pa janm la kòmsi yo te la."** An fèt, yo vle akize Bondye nan mansonj ak manke koyerans. Yo vle demontre ke Bondye kontredi tèt li. Alò men riz demon yo kache dèyè itilizasyon vèsè sa a nan kontèks sa a. Yo mete pou raple nou ke *Bondye rele bagay ki pa janm la kòmsi yo te la*, yon fason pou di nou ke Bondye se yon timoun ki di bann bagay ki pa gen okenn sans, e k'ap rakonte bagay ki pa menm egziste.

Konklizyon selon demon sa yo, nou pa dwe tonbe nan pyèj pou kwè san disèneman a tout sa Bondye di, donk Li envante bann imajinasyon, bann bagay ki pa janm egziste menm. Nou dwe toujou konnen ke Bondye pa moman pèdi tèt li, e kite chape nan bouch Li kèk pawòl ki pa ka kontrole. A travè tout sa yo, demon sa yo mete yo pou di nou ke Jezi pale de Papa Li kòmsi Li te la, alò ke Li pa janm la. Donk Jezi mete Li pou ap *rele bagay ki pa janm la kòmsi yo te la*, Li mete Li pou pale de Papa Li ak Bondye Li kòmsi Li te la, alò ke Li pa janm la.

Donk men sa demon yo dekotike a e mete toutouni. Men sa ki kache dèyè itilizasyon vèsè Romen 4:17 yo a. Men jis ki bò sèpan yo ka ale pou provoke kòlè Bondye. Men sa ke pitit pèdisyon sa yo ka fè. E tout tan ke nou pa gen ase disèneman, nou ka fasilman tonbe nan pyèj yo a.

Pou ajan Lanfè sa yo, chak fwa ke yo di nou yon bagay ke nou pa jwenn pyès kote nan Bib la, konnen tou senpleman ke bagay sa a fè pati bann bagay ke Bondye ta bliye di. E chak fwa ke yon bagay klèman ekri nan Bib la men ke yo pa vle aksepte li, nou dwe konprann ke bagay sa a fè pati bann bagay ke Bondye te *rele kòmsi yo te la*, alò ke yo *pa janm la*. E chak fwa ke yo fè yon deklarasyon enkoyèran, konnen tou senpleman ke se Bondye ki enkoyèran an. Alelouya!

Men jis ki bò pitit dyab la yo pouse blasfèm nan. Wi, se avèk yon gran abilité ak yon gran fasilite ke sèpan sa yo ap ensilte Bondye e eksite kòlè Li. Moun k'ap swiv yo, ou ki aprouve yo, ou ki asosye yo avèk yo, ouvètman ou ankachèt, dwe byen konnen sa k'ap tann yo nan jou k'ap vini yo. Youn nan yo pap chape nan gran kòlè Bondye a, e youn nan yo pap ka soustrè nan firè e nan jijman Bondye a.

Ann kontinye avèk egzamen premye agiman an. Genyen nan propo yo a, yon lòt eleman ki entèpele nou. Pitit malen sa yo pale nou de egzistans Pitit la nan Panse Bondye. Aparamman, demon sa yo genyen menm kapasite pou li panse Bondye. Sa ke Bondye pat di, men ta jis "panse", demon sa yo te gen posiblité pou konnen'l. Se poutèt sa ke yo ka "revele" nou **Egzistans Pitit la nan Panse Bondye**. Alò nou konprann, ke yo pa nenpòt moun, pou prete langaj fanmiye sa a. Yo pi entelijan e pi saj ke Bondye.

2.15.2- Dezyèm agiman

Men yon lòt ekstrè nan agiman yo a: **"Ebre 6:13 (Si Jezi an tan ke Pitit se Bondye Ansyen Testaman an Letènèl, pouki sa li pat jire nan non Papa li ki pi gran pase li dapre Jan 14:28 ???)"**

Kounye a, kite'm montre nou a kèl pwèn demon sa yo odasye. Men sa ke **Ebre 6:13 di "Lòske Bondye te fè promès la a Abraam, pat ka jire pa yon pi gran pase li, li te jire pa li menm."** E men sa ke **Jan 14:28 di "Nou te tandè ke mwen te di nou: mwen prale, e m'ap retounen vin jwenn nou. Si nou te renmen'm, nou t'ap rejwi nou dèske mwen pral jwenn Papa a; donk Papa a pi gran pase'm."**

Obsève byen reyaksyon ajan dyab lougawou sa yo. Yo konfronte de vèsè yo, e men kesyon ke yo poze Bondye ki se sèl otè de vèsè sa yo. **"Jezi, si papa'w egziste vrèman, e si li reyèlman pi gran pase'w kòm ou pretann li a e kòm ou sanble afime'l nan Jan 14:28, pouki sa ou pat jire pa li selon Ebre6:13? Ou pa wè'w, Jezi, ke ou nan kontradiksyon avèk pròp tèt ou? Ou pa wè'w vrèman enkoyèran ak enkonsistan nan propo'w yo? Nou pat gen rezon pou di a moun ki vle tandè nou yo, ke ou pa gen papa? Si ou ka yon ti kras koyèran, kòman ou vle ke nou pran pawòl oserye ankò? Byen ke ou te deklare plizyè fwa ou gen yon papa, nou gen bon rezon pou doute de sa."**

Men moun mwen renmen yo, kèk nan kesyon, ke demon sa yo ki sètènman pi gran e pi fò ke Bondye, poze Senyè a. Kan nou ap tandè yo poze kesyon sa yo, sitou pa panse ke se nou menm ke yo poze yo. Nou pa sib yo, piske yo konnen trè byen ke nou pat ekri ni vèsè Ebre 6:13 la, ni pa Jan 14:28 la, ni okenn lòt vèsè nan Bib la. Donk se Bondye ke yo poze kesyon yo a. E malè pou Bondye si Li pa reponn yo. Lespri k'ap pale nan yo a, se menm nan ki te konn pale nan **Matte 27:40. "... Ou menm ki t'ap detwi tanp lan, e ki t'ap rebati'l nan twa jou, sove tèt ou ou menm ! Si ou se Pitit Bondye, desann sou Kwa a!"**

Tout sa ke nou ka fè nou menm nan nivo nou, se voye yo retounen al jwenn Bondye pou yo ka poze Li kesyon yo dirèkteman, san pase pa nou menm. Nou pa kolekte kesyon yo pou Bondye. Bondye pat ban nou misyon pou kolekte kesyon pou Li ke demon yo genyen pou poze Li. E demon yo kote pa yo pa peye nou pou yon sèvis konsa. Donk ann mande yo pou yo ale poze kesyon yo a moun ki gen dwa a.

Chè demon, al poze kesyon nou yo dirèkteman a Bondye. Piske ke nou pi gran pase Li, piske nou pi fò pase Li, piske nou te la jou kote Li t'ap kreye Syèl yo ak tè a, e piske nou te menm petèt ede Li pou kreye tout

sa ke Li te kreye yo, li dwe sètènman oblije pou reponn nou. Li ka fè otreman?

Moun mwen renmen yo, lespri sa a ki dèyè afron sa a yo fè Bondye a, se menm lespri a ki yon jou, aprè ke nou te li pasaj Travay 7:55-56 la, ki di: **"Men Etyèn, te ranpli ak Sentespri, e pandan li fikse rega li nan syèl la, te wè laglwa Bondye e Jezi kanpe a dwat Bondye. E li te di: Men, mwen wè syèl yo ouvè, e Pitit moun nan kanpe a dwat Bondye"**, yo te mande nou ak ton grav e ase mokè kòman yon Bondye ka gen yon dwat.

"Yon Bondye avèk yo dwat?" Li te eksklame li. "Kòman nou ka oze di bann koze konsa?" li te dedouble. Malerezman se toujou avèk nou, pòv Pitit Bondye yo, ke lespri sa yo vin poze kesyon pou yo ta poze Bondye. Nou se Bondye? Ou èske nou kapab reponn bann kesyon konsa nan plas Bondye?

Men jan de kesyon ke lespri malen sa yo ap poze Bondye. Pou yo menm, Bondye tèlman inyoran ke Li di bann bagay ki pa gen okenn sans. *"Kòman yon Bondye ke yo te kwè ki entèlijan ka di bann betiz konsa. Kòman Bondye nou an ka di ke Li gen yon dwat? E malerezman, nou menm tou nou kwè a jan de enbesilite sa a. Menm si Bondye nou an pèdi tèt li detanzantan e ap di bann ekstravagan, nou menm o mwen nou menm ta dwe an mezi mennen Li tounen nan rezon."* Men konsèy ke sèpan sa yo ban nou.

Men konnen sepandan ke gen yon eleman enpòtan ki kache dèyè kesyon wonte sa yo ke pitit pèdisyon sa yo ap poze Bondye a. Kòm yo konplètman dezanpare, y'ap chache san zespwa kèk vrè pasaj pou soutni blasfèm yo a, men yo pa jwenn, e yo pa jwenn pyès. Sa se yon lòt prèv grandè Bondye. Bondye depase demon yo, menm si sila sa yo pa janm renmen admèt li.

2.15.3- Twazyèm agiman

Men yon konklizyon ke demon sa yo fè: *"Mo pitit la soti nan nesans sa vle di yon moun ki gen yon kòmansman donk yo pa ka pale 'Pitit etènèl' donk pitit la gen yon kòmansman men letènite pa ni gen kòmansman ni fen."*

Kòm nou konstate li, demon sa yo yo pi byen saj e pi entèlijan ke Bondye, e yo vle pou yo demontre li. Sitou pa bliye ke demon yo konnen ke yo pa gen anyen pou pèdi. Se poutèt sa ke yo moke Bondye libman, se poutèt sa ke yo pa pè pou afronte Bondye ak kontredi Li.

Mwen te deja di nou ke demon yo yo nan gè a Bondye, e yo gen yon sèl misyon, misyon pou konbat Bondye avèk detèminasyon, pou kontredi Li, e pou eseye anbarase Li. Kite'm ban nou yon lòt prèv. Bondye li menm di nou:

Sòm 2:7 *"Letènèl te di'm: **Ou se pitit mwen! Mwen te anjandre'w jodi a.**"*

Ebre 1:5 *"Donk a kiyès nan anj **Bondye** yo li te janm di: **Ou se Pitit mwen, Mwen te anjandre'w jodi a?** E ankò, m'ap yon papa pou li, e l'ap yon pitit pou mwen."*

Ebre 5:4-5 *"Pyès pa atribye dinyite sa a, si **Bondye** pat rele'l, tankou jan Aawon te ye. ⁵E Kris pat atribye non plis glwa pou vini souvren sakrifikatè, men li te genyen'l nan sila ki te di'l : **Ou se Pitit mwen, Mwen te anjandre'w jodi a.**"*

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

1Jan 5:1 "Nenpòt moun ki kwè ke Jezi se Kris la, li fèt nan **Bondye**, e nenpòt moun ki renmen **Sila ki te anjandre li a** renmen tou **sil a ki fèt nan li a**."

Travay 13:33 "**Bondye** te akonpli'l pou nou pitit yo, nan fè Jezi Kris leve vivan pami mò yo, selon sa ki ekri a nan Sòm dezyèm: **Ou se Pitit mwen, Mwen te anjandre'w jodi a**."

Revelasyon 3:14 "Ekri ak anj Legliz Larodise a: Men sa ke Amen lan di, temwen fidèl e veritab la, **kòmansman kreyasyon Bondye a**."

A pati de vèsè sa yo ke nou sot li a, Bondye Li menm di nou ke Jezi Kris se Pitit li ke Li te anjandre. E demon yo ap moke sa, e mande Bondye kòman yon pitit etènèl ka fè fèt. Yo trouve Bondye konsa tèlman inyoran e tèlman enkoyeran nan propo Li yo. Nan yon kote Bondye di ke pitit etènèl Li a, nan yon lòt kote li di ke li te anjandre pitit sa a. Kèl enkoyèrans! Kèl dezòd! Men propo antikris yo.

Sa ki revòlte nou pa rapò a demon sa yo, se gran mekanste yo a. Piske yo konnen ke yo pèdi, yo fè tout efò yo pou pèdi lòt tou. Yo tann bann pyèj a nayif yo pou sedwi yo e genyen yo pou fos doktrin yo a. Yo chak jou y'ap detounen volontèman ak konsyamman moun yo nan doktrin Senyè a. Yo fè sanblan yo nayif, yo jwe a inosan yo, e detounen swanyezman plizyè nan moun ki vle swiv Senyè a nan verite a.

Men ansèyman sa a ke nou sot fè a, pral mete fen a riz demon sa yo, yon fwa pou tout. Ansèyman an kounye a li tèlman klè se sèlman lòt demon ki pou swiv sèpan sa yo. Oken vrè Pitit Bondye, aprè tout demonstrasyon sa yo ke nou sot fè a nan non Jezi Kris sèl Pitit Papa a, pap janm tonbe menm ankò nan pyèj ajan Lanfè sa yo. Sèlman kòlèg demon parèy yo ki pral ka swiv yo a pati moman sa a. Ke Senyè a louwe!

2.15.4- Katriyèm agiman

Men ankò yon lòt agiman demon sa yo. Yo di ke "**Jezi Kris te pale de Papa an parabòl**." Yo site a propo sa a vèsè **Jan 16:25-27** yo. Ann li vèsè sa a:

Jan 16:25-27 "Mwen di nou bagay sa yo an parabòl. **Lè a rive kote mwen pap janm pale ankò menm an parabòl**, men kote mwen pral pale avèk nou ouvètman de Papa a. ²⁶ Nan jou sa a, nou pral mande nan nonm, e mwen pa pral di nou ke mwen pral priye Papa a pou nou; ²⁷ donk Papa a li menm renmen nou, paske nou te renmen'm, e ke nou te kwè ke mwen soti nan Bondye."

Men pasaj sou li demon yo vle akroche yo trè fèm pou jistifye poukisa yo pa gen okenn vèsè pou soutni blasfèm yo a. Yo vle konseye ke si Jezi pat janm di ke Li se Bondye Papa a ak Sentespri a, se paske Li t'ap pale an parabòl.

Moun mwen renmen yo, moun sa yo nan konfizyon total. Ann egzamine pawòl Jezi sa a nan vèsè 25 la, e reyaksyon disip yo nan vèsè 29. "**Disip li yo te di'l: Men, kounye ou pale ouvètman, e ou pa anplwaye okenn parabòl**."

Premyèman: Disip yo yo menm fè nou konprann ke langaj parabolik ke Jezi nan 25 lan, li pa refere li a sa ke Jezi te sot di yo a. Senyè a te pale avèk yo ouvètman, e yo te konprann byen sa ke Senyè a te di yo a. Donk disip yo pat janm te gen yon ti kras dout sou moun Papa a ye a ak moun Jezi ye a.

Dezyèmman: Nou konnen ke menm kan Senyè a te pale an parabòl, se lòske Li te adrese Li a foul la. Men devan Disip Li yo, Li te pale libman, kòm vèsè anba yo konfime li, ki prouve nou pa deyò ke lòt agiman demon sa a pa kenbe

Matye 13:10-11 *"Disip yo te aproche yo, e te di'l: Poukisa se an parabòl ou pale avèk yo? ¹¹Jezi te reponn yo: Paske yo te ban nou pou konnen mistè wayòm syèl yo, e ke yo pat ba yo sa."*

Mak 4:10-11 *"Lòske li te pou kont li, sila yo ki te antoure li yo avèk douz yo te enteroje li sou parabòl yo. ¹¹Li te di yo: Se avèk nou ke yo te bay mistè wayòm Bondye a; men pou sila ki deyò yo tout pase an parabòl pou yo*

Mak 4:33-34 *"Se ap anpil parabòl konsa ke li te anonse yo pawòl la, selon ke yo te kapab tande'l. ³⁴Li pat janm pale avèk yo san parabòl; men, an patikilye, **Li te eksplike disip li yo tout.**"*

Twazyèmman: Si selon demon sa yo Jezi "te pale de Papa a an parabòl", Li pat pale de tèt Li an parabòl. Nan pale de Li menm, Li te klèman di ke Li te Pitit Bondye. E pou di li, Li pat itilize okenn parabòl, ni devan disip Li yo, ni devan sila ki t'ap poze Li bann kesyon sou sa. Sa vle di ke si demon sa yo pa vle kwè nan Papa Jezi Kris paske Jezi te pale de Li pito an parabòl, yo ta dwe omwens kwè ke Jezi se pitit Bondye, paske pou Jezi di li Li pat janm itilize parabòl.

Katriyèmman: Ann eseye bay demon sa yo rezon pou kèk minit. Ann sipoze ke Jezi Kris te pale de Papa a an parabòl, e ke se poutèt sa ke Li pa ta janm di ke Li menm se te Bondye Papa ak Sentespri a.

Ann poze a pitit malen sa yo senp kesyon sa a. Si Jezi te pale de Papa an parabòl, nan kisa Apot yo ak lòt Disip yo yo te pale de Papa a? Apot yo ak lòt Disip yo yo te pale de Papa a tou an parabòl? Kan nou pakouri Nouvo Testaman an, nou konstate, kòm nou te fè'l kan nou te fè rechèch yo sou sijè sa a, ke Apot yo ak lòt Disip yo te pale de Papa Jezi Kris plis pase senk san fwa. Yo tout te, yo menm tou, a chak fwa, te mete yo pou pale an parabòl, selon demon sa yo. Franchman sa fè pitye!

Senkyèmman: Se pat Jezi sèlman ki te pale de Papa a. Bondye Papa te pale de Pitit Li a, san itilize parabòl. Anj Bondye yo te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye, san itilize parabòl. Satan li menm te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye, san itilize parabòl. Demon yo ki t'ap tranble devan Jezi, yo tout te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye, san itilize parabòl. Pyès nan moun sa yo ki site pi wo a pat konfonn Jezi avèk Bondye Papa ou avèk Sentespri a. Poutan yo pat itilize parabòl.

Alò nou konprann ke menm si yo ta ka imite demon sa yo e di ke Jezi te pale de Papa a an parabòl, se ke yo tap toujou kwense, paske se pat Jezi sèlman ki te pale de Papa a.

2.15.5- Senkyèm agiman

Demon sa yo pale nou tou de doub nati de Jezi Kris, ki te plènmoun e plènmoun Bondye, e jwenn nan yon mistè ki ta nan orijin blasfèm yo a. Nan ki sa ke Jezi Kris plènmoun Papa ak Pitit ta yon mistè? Sa ke demon sa yo sanble antoure a mistè a, se pa yon mistè ditou. **Jezi Kris se Papa selès nou, men**

Li se pitit Bondye. Senyè a te klèman revele'l nan pawòl li. Li te lèse tròn Li pou vini moun nan mond sa a pou sove nou. Èske se si konplike pou konprann?

Kite'm pataje avèk nou kèk sotiz ke moun sa yo ap etale. Yo di nou an tan ke Pitit moun Jezi Kris se te Profèt, nan site Deteronòm 18 :15, Souvren Sakrifikatè sanblab avèk nou, nan site Ebre 2 :17, avoka modèl, **chita a dwat Bondye an tan ke Pitit Bondye...** Aprè yo te fin nye dwat Bondye a nan soutni farouchman ke Bondye pa ka gen yon dwat, yo retrouve yo kont gre yo, oblije pou rekonèt ke Bondye genyen byen e bèl yon dwat, e ke Jezi an tan ke Pitit Bondye chita a dwat Bondye.

Kèl kontradiksyon! Se kan menm domaj ke menm wont swa enkapab pou mennen moun satan sa yo pou resezi yo. Fas a bann kontradiksyon estipid e senp konsa, e fas a bann enkoyerans chokan sa yo, moun sa yo te dwe jis repanti yo, e avwe yo pèdi. Men elas! Yo kenbe la e ap fonsè. Nou dwe konprann yo. Si yo repanti yo, kiyès ki pral nan Lanfè a? Piske fòk byen gen moun nan Lanfè.

2.15.6- Sizyèm agiman

Piske moun sa yo kwè yo saj tou, men yon Rezònman ke yo fè, pou eseye pou kontredi nou: *"Di ke Jezi Kris se Papa a sa vle montre Papa a egziste' se tankou di Jezi Kris se timouton an sa ta vle montre Lyon tribi Jida a pa egziste."* Men malerezman tout sajès yo ke yo sot prezante a. Se domaj!

Fòk ou se, swa moun ki pi inyoran an nan planèt la, swa yon lòt ajan satan, pou'w lèse enpresyone pa jan de Rezònman san gou sa a. Kite'm eksplike nou sa ke y'ap tante konbat la pa Rezònman sa a. An fèt y'ap tante konbat sijè etid sa a. Men kòman nou te rele'l: **Inegzistans Papa Jezi Kris: Jezi Kris pa gen Papa. Pa konsekan, se Li menm (Jezi Kris), Ki se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Prouve li kòm vrè ou kontrè, pa Bib la.**

Kòm nou ka deja konstate'l, yo te tronke sijè a. Alò ke nou te pale de **inegzistans Papa Jezi Kris**, yo menm yo pale de **inegzistans Papa a**. Se de bagay trè byen diferan. Answit, nou te rann sijè a absoliman klè e presi. Reli li e di'm si gen yon ti kras troup. **Jezi Kris pa gen Papa. Pa konsekan, se Li menm (Jezi Kris), ki se Bondye Papa a, Pitit La, ak Sentespri a.** Ki sa ki difisil pou konprann isi a? Ki sa ki nan sijè sa a ka fè objè yon nenpòt entèpretasyon?

Sijè ke n'ap etidye la a, se doktrin demon yo ki di ke **se Jezi Kris ki se a lafwa Bondye Papa, Pitit la, ak Sentespri a.** Sa vle di tou senpleman pa gen yon Bondye Papa ki pa Jezi Kris, e pa gen yon Sentespri ki pa Jezi Kris. Nan ki sa ke fòmilasyon sijè etid nou an li diferan de enonse doktrin satanik sa a?

E yo di nou answit ke *"se pa Lyon an ki te imole men se timouton an."* E aprè? Kote rapò a? Ki te di yon jou ke *se te Lyon an ki te imole?*

Moun mwen renmen yo, mwen te chwazi pa ansèyman sa a pou demontre nou gran estipid ajan satan sa yo, e sitou dènye demonstrasyon yo a pou pa janm aksepte pawòl Bondye a. Nou te konfonn yo anpil pa verite a, yo pa janm repanti yo. Men kan yo totalman mete toutouni, yo chwazi pou kenbe rèd. Sa rete pou nou yon gran mistè.

2.15.7- Setyèm agiman: Gen yon sèl Bondye

Youn nan agiman yo ke ajan dyab lougawou sa yo itilize pou fè moun yo kwè ke Jezi Kris se Li menm ki Bondye Papa a, se afimasyon selon li a gen yon sèl Bondye. Yo fè sa ke yo konn fè byen an, sa vle di tòde sans vèsè yo, pou soutni mansonj yo a ak blasfèm yo a. E pou yo rive kote yo vle rive a, yo pa kontante yo sèlman pou tòde sans kèk vèsè, men anplis, yo inyore rès Bib la. Yo fè kòmsi Bib la ta rezime li a sèl vèsè yo akroche yo sou li a.

Demon sa yo chwazi volontèman pou inyore tout lòt vèsè yo k'ap ede tout kretyen yo pou byen konprann sans mesaj Bondye a. Pròp sèk satanik yo, se pou baze doktrin yo a sou yon sèl vèsè nan Bib la, e fè kòmsi Bib la ta rezime li a sèl vèsè sa a. Lèse'm demontre nou agiman sa a ki, tankou lòt fo agiman ajan satan yo, pa ka kenbe fas a sajès Bondye a.

Konnen, moun mwen renmen yo, ke nou pa janm konteste ou kontredi Bib la. Donk nou konnen trè byen ke gen yon sèl Bondye, paske Bib la di nou li. Se sa ke nou li nan vèsè anba yo:

Malachi 2:10 "Nou tout pa gen yon sèl papa? Se pa yon sèl Bondye ki te kreye nou? Pouki sa donk nou enfidèl youn anvè lòt, nan profane alyans papa nou yo?"

Jan 17:3 "Donk, lavi etènèl, se ke yo konnen'w, ou menm, sèl vrè Bondye a, ak sila ke ou te voye a, Jezi Kris."

Romen 3:30 "Piske gen yon sèl Bondye, k'ap jistifye pa lafwa sikonsi yo, e pa lafwa ensikonsi yo."

Galat 3:20 "Donk, mediyatè a pa mediyatè yon sèl, tandiske ke Bondye se yon sèl."

Efezyen 4:4-6 "Gen yon sèl kò ak yon sèl Lespri, kòm tou yo te rele nou a yon sèl esperans pa vokasyon nou; ⁵gen yon sèl Senyè, yon sèl lafwa, yon sèl batèm, ⁶yon sèl Bondye e Papa tout, ki sou tèt tout, e pami tout, e nan tout."

1Timote 1:17 "A wa syèk yo, imòtèl, envizib, sèl Bondye, swa onè ak glwa, nan tout syèk ak nan tout syèk! Amen!"

1Timote 2:5-6 "Donk gen yon sèl Bondye, e tou yon sèl mediyatè ant Bondye ak moun yo, Jezi Kris moun, ⁶ki te bay tèt li li menm kòm ranson pou tout. ..."

Jak 2:19 "Ou kwè ke gen yon sèl Bondye, ou fè byen; demon yo kwè'l tou, e yo tranble."

3.15.7.1- Gen plizyè Bondye

Nou sot konfime pa Bib la ke gen yon sèl Bondye. Men pèmèt mwen pou di nou kèk bagay ki sanble kontrè a. Bib la ansenye nou tou ke genyen plizyè bondye. Demon yo pral moke Bondye ankò pandan yo pral di Li ke Li kontredi tèt Li ou ke Li pa koyeran. Piga nou fè sa yon problèm. Yo nan dwa yo. Nan jou k'ap vini yo, yo pral rann kont a Bondye. Yo pral retrouve yo devan jijman Bondye a yon jou, E la nou pral konnen ant yo menm ak Bondye kiyès ki pi gran. Kite yo kontinye blasfèm yo a.

Men pou nou men ki krenn Bondye, men sa fòk nou konprann. ***Pa gen yon sèl Bondye nan sans ke demon sa yo te vle a. An fèt gen plizyè Bondye, men yon sèl vrè Bondye, ki te chwazi pou fè kèk nan kreyati Li yo Bondye.*** Ansèyman sa a te etabli klèman nan Bib la. Men moun yo chwazi pou yo fèmen kè yo, yo bay lenpresyon pa konprann anyen, e ap chache bann pretèks pou egare tèt yo e byen nwaye yo.

Pèmèt mwen kounye pou demontre nou ke afimasyon selon li menm nan **Gen yon sèl Bondye a**, e ke sa selon li menm nan **Gen plizyè Bondye a**, yo tou de vrè, sa vle di biblik. Mwen te di nou deja pou pa enkyete nou si demon yo jwenn nan Bondye nou an Jezi Kris, Yon Bondye k'ap kontredi tèt li. Men sa ke Bib la di:

Genèz 3:5; 22 "Men Bondye konnen ke, jou kote n'ap manje li, je nou pral ouvè, e ke nou pral vin tankou **bondye**, nan konnen byen ak mal. ... ²²Letènèl Bondye di: Men, lòm vin tankou **youn nan nou**, pou konesans byen ak mal. Ann anpeche li kounye a pou avanse men'l, pou pran fwi lavi a, pou manje'l, e pou viv etènèlman.

Deteronòm 10:17 "Donk Letènèl, Bondye nou an, se **Bondye tout bondye yo**, Senyè tout Senyè yo, Bondye gran an, fò e tèrib, ki pa janm fè aksepsyon moun e ki pa janm resevwa kado.

Egzòd 7:1 "Letènèl di a Moyiz: Gade **mwen fè'w Bondye pou Farawon**: e Aaron, frè'w la, pral profèt ou."

Sòm 82:6-7 "Mwen te dit: Nou se **bondye**, e nou tout se **pitit Trè Wo a**. ⁷Sepandan n'ap mouri tankou bann moun, nou pral tonbe tankou nenpòt prens."

Jan 10:34 "Jezi te reponn yo: Li pa ekri nan lalwa nou an: **Mwen te di**: Nou se **bondye**?"

1Korentyen 8:5-6 "Donk, si bann èt ke yo te rele bondye, swa nan syèl la, swa sou tè, kòm **li egziste reyèlman plizyè bondye ak plizyè Senyè**, ⁶sepandan **pou nou gen yon sèl Bondye, Papa a**, nan li tout bagay soti ak pou li nou ye, e **yon sèl Senyè, Jezi Kris**, pa li tout bagay te fèt e pa li nou fèt."

3.15.7.2- Pouki sa gen plizyè Bondye?

Gen plizyè bondye paske Bondye Papa a te vle'l konsa. Sèl vrè Bondye a, se Bondye Papa a, ki se Papa nou tout, sa vle di Papa Senyè nou an Jezi Kris ak pa nou an, nou tout ki kwè nan Jezi Kris Sèl Pitit Li a, nou tout Pitit Li yo, nou tout Disip Jezi Kris yo, nou menm ki te bay Jezi Kris lavi nou e k'ap viv pou glwa Li sèlman.

Jezi Kris, donk se pa Bondye Papa a. Li pa menm yon dezyèm Bondye pou ke demon yo pa pale nou dyalite, ou de trinite, ou de pliralitye. Li se Bondye paske Bondye Papa a te fè Li Bondye. Donk bliye tèmen trinite a, dyalite ak lòt tèmen bidon ke kèk demon sou fòm moun yo ap itilize pou diskredite Bondye e banalize grandè Li.

3.15.7.3- Lòt Bondye yo deyò Jezi

Ann raple nou moun mwen renmen yo, se pa Jezi Kris sèl ke Bondye Papa a te fè Bondye. Li te fè nou tout bondye. Donk an reyalite, kòm nou te li'l nan vèsè ki

site pi wo yo, nou tout se bondye. Wi nou tout se bondye, pa paske nou se vrè Bondye yo, men paske Bondye Papa a te deklare'l. Sèl diferans ki gen ant Bondye Jezi Kris la ak nou se ke nou se bondye motèl, a koz dezobeyisans lan e a koz peche a. Jezi Kris kanta Li se Bondye, paske Bondye Papa a te deklare'l, e Li se Bondye imòtèl, a koz obeyisans Li e ak soumisyon tout bon Li a a Papa a. Nou tout se pitit Trè Wo a, men nou pa sèl Pitit Bondye a.

Moyiz se te Bondye. Bondye Papa a te fè li Bondye kòm nou te li'l nan Egzòd 7:1. Piske demon yo avèk lespri kòronpi yo a ap tante pou demontre nou ke pou ke Jezi Kris Bondye fòk Li se Papa a sinon ap genyen de Bondye, ka Moyiz la la pou edifye nou, e pròp ka pa nou an la. Kan jwif yo te vle lapide Jezi pou fè li Bondye, Jezi te di yo klèman ke si nou menm moun motèl nou konsidere pa Papa a kòm bondye, a konbyen pli fò rezon Pitit Bondye vivan an! Si Bondye Papa a te deklare nou bondye san ke tròn Li a pa vin pi piti, pouki sa pandan Li deklare Sèl Pitit Li a Bondye tròn Li a ta menase?

3.15.7.4- Prèv ke Moyiz se te Bondye

An plis pasaj Egzòd 7:1 nan li Bondye Papa a deklare ke Li te fè Moyiz Bondye, nou gen lòt konfimasyon sa yo nan plas Bondye ke Papa a te konfyè Moyiz la. Men yon prèv ke Bondye Papa a te fòmelman fè Moyiz Bondye. Se Moyiz sa a ke Papa a te voye ankouraje Pitit la pandan ministè tèrès Li, kòm nou li'l nan pasaj anba a.

Lik 9:28-31 *"Anviwon uit jou aprè ke li te di pawòl sa yo, Jezi te pran avèk li Pyè, Jan ak Jak, e li te monte sou montay la pou priye. ²⁹Pandan ke li t'ap priye, aspè figi li te chanje, e rad li te vin nan yon ekla trè blan. ³⁰E men, de moun t'ap pale avèk li: se te **Moyiz** ak Eli, ³¹ki, pandan yo te parèt nan laglwa a, te pale de depa li ke li ta pral akonpli a Jerizalèm."*

Moyiz Bondye, nan misyon pou Bondye Papa a, bò kote Pitit la, pou ankouraje Li. Sa a pou otan pa fè Moyiz Bondye Papa a, sa a non plis pa fè Moyiz yon dezyèm ou yon twazyèm Bondye. Moyiz rete Moyiz, sèvitè Bondye; Jezi rete Jezi, Pitit Bondye; e **Bondye Papa a rete Bondye Papa, Sèl e Inik vrè Bondye a e Papa tout.**

Egzòd 32:7 *"Letènèl di a Moyiz: Ale, desann; donk **pèp ou a, ke ou te fè soti nan peyi Ejip la, li sal tèt li.**"*

Si Bondye Papa a ka libman di Moyiz *"pèp ou a, ke ou te fè soti nan peyi Ejip la li sal tèt li"*, se yon prèv ke Papa a te vrèman fè Moyiz Bondye, e li te konsidere'l konsa. Moyiz se Bondye Papa a? Moyiz ka konfonn avèk Bondye Papa a?

Demon sou fòm moun yo k'ap akize nou pou ansenye sa ke yo rele "trinite" a, jis pake nou di ke Jezi Kris se Bondye diferan a Bondye Papa a, pral sètènman akize nou kounye a pou ansenye "katrite". Yo pa janm manke mo. Piske nou sot etabli pa Bib la ke Moyiz te deklare Bondye pa Bondye Papa, e te konsidere konsa, yo pral kole yon lòt non pou nou.

Deteronòm 18:15 *"Letènèl, Bondye'w la, pral fè parèt pou ou nan mitan'w, ant frè'w yo, **yon profèt tankou'm**: nou pral koute'li!"*

Travay 3:22 *"Moyiz te di: Senyè a Bondye nou an pral fè parèt ant frè nou yo **yon profèt tankou'm**; nou pral koute'l nan tout sa ke li pral di nou."*

Si Moyiz, nan anonse Jezi a pèp la ka di "**yon profèt tankou'm**", se yon lòt prèv ke Papa a te fè Moyiz Bondye, Li pat repanti Li de sa, sa pa fè ajan dyab lougawou yo plezi ki trouve ke Bib la kontredi tèt li paske li pale de yon sèl Bondye e rekonèt an menm moman an ke Jezi Kris, byen ke se Bondye, pa Bondye Papa a.

La mwen sot demontre nou, moun mwen renmen yo, ke ajan satan yo ki pretann yo konnen Bib la, pa konprann anyen ditou. Dezi yo pou detounen ak pou falsifye pawòl Bondye a mennen yo pou pa konprann menm ankò menm eleman baz Bib la. Se poutèt sa ke Bib la ansenye nou ke moun sa yo se bann nyaj san dlo, bann pye bwa otòm san fwi, de fwa mouri, derasinen.

Jid 10-13 *"¹⁰Yo menm, o kontrè, y'ap pale nan yon fason enjirye de sa ke yo inyore, e y'ap kòronpi yo nan sa ke yo konnen natirèlman kòm bwit. ¹¹Malè ak yo! Donk yo te swiv chemen Kayen an, yo lage yo pou yon salè nan egareman Balaam nan, yo pèdi yo pa revòlt Kore a. ¹²Se bann danje nan festen nou yo, nan fè odas renmen nou, nan bay tèt yo repa yo menm. **Se bann nyaj san dlo, ki pouse pa van yo; bann bwa otòm san fwi, de fwa mouri, derasinen;** ¹³... **Bann zetwal pèdi, pou yo nwit fènwa yo te rezève pou letènite."***

3.15.7.5- E Senyè a ak senyè yo yo menm?

Gen plizyè Senyè, men yon sèl vrè Senyè, Jezi Kris ke Papa Li te chwazi pou fè Senyè. An deyò Jezi Kris Senyè imòtèl la, gen anpil lòt senyè, men yo tout motèl. Abraam te senyè, kòm sèvitè li yo e menm madanm li Sara te konn rele'l. Men li pat senyè nan menm tit a Senyè Jezi Kris. Nan menm fason an ke genyen plizyè Bondye men yon sèl vrè Bondye, gen plizyè Senyè, men yon sèl vrè Senyè.

3.15.7.6- Trinite a

Sa ke nou sot devlope pi wo a pèmèt nou fasilman pou konprann ke nosyon trinite a se nosyon ki pa gen sans. **Pat janm te genyen plizyè vrè Bondye, e pap janm genyen'l.** "... **Gen yon sèl vrè Bondye, Papa a**, nan li tout bagay soti e pou li nou ye, e **yon sèl Senyè, Jezi Kris**, pa li tout bagay te fèt e pa li nou te fèt." **1Korentyen 8:6.**

2.15.8- Uityèm agiman: "fonksyon" ak "atribi" Bondye

Men yon lòt mo kouran nan langaj ajan satan sa yo k'ap soutni doktrin satanik sa a selon li menm nan Jezi se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Pandan ke kèk ap pale de fonksyon, lòt ap pale de atribi. E yo debouche sou bann tèm tankou "bondye initè", "bondye trinitè", bann tèm ki pa gen sans, ki pa gen okenn baz bibliik

Sila yo k'ap pale de fonksyon yo di ke Bondye Li inik e chanje nan fonksyon nan sa'l vle fè a. E yo eksplike ke "Bondye Papa a" se yon fonksyon, "Bondye Pitit la" se yon lòt fonksyon e "Bondye Sentespri a" se ankò yon lòt fonksyon, e tout sa konstitiye yon sèl e menm moun nan ki chanje fòm selon sikonstans yo.

Sila k'ap pale de atribi yo di ke *"Inik Bondye Letènèl la Li manifeste diferan atribi li yo an fonksyon de tach ke li ap akonpli a. Bondye se Papa a, Pitit la ak Sentespri*

a donk Bondye vin Papa nou pa Jezi Kris moun Senyè nou an ki rete nan nou pa Sentespri a ki se tou senpleman Jezi Kris Lespri." Men abominasyon ke pitit malen sa yo ap soutni an, avèk sa y'ap fè Bondye mantè, e konsa yo deklare ke Bib la fo.

Pa kite demon sa yo distrè nou menm ankò avèk sa ke yo rele "atribi" a. Jis mande yo yon vèsè. Si nou pa vle demon sa yo fè nou pèdi tan avèk rezonman yo a ki pral fè nou fache ak revòlte nou pa basès yo, jis mande yo yon vèsè ladann li ekri ke Jezi Kris se Papa a ak Sentespri a. Jis mande yo vèsè sa a, e kite diskisyon an rapid.

E pou retounen a nosyon "**atribi**" a, mwen ta vle raple nou ke se mo ki pa gen sans sa a ke demon yo itilize chak fwa ke yo kwense e pa vle admèt sa ke Bib la ansenye nou, se ke Jezi Kris pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. Se avèk mo sa a tou ke yo konteste sou batèm dlo a, nan ansenye moun yo ke batèm dlo a dwe fèt sèlman nan non "jezi", e non nan non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.

2.15.9- Nevyèm agiman

Yo di an patikilye ke Jezi Kris se "Eritye mond lan", e "Sous benediksyon tout fanmi latè yo", "Paran redanmtè nou", elatriye. Yo pa menm konnen ki sa ke li ye. Alò ke nou mande yo pou ban nou yon sèl vèsè, jis yon sèl, ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa a ak Sentespri a, yo enkapab pou bay li, men yo site pou nou bann betiz, "Eritye mond", "Sous benediksyon tout fanmi Latè yo", "Paran redanmtè nou". Nou pa jwenn sa deplorab?

2.16- "Sa poze yon problèm"

Tit sa a se an fèt yon langaj trè souvan itilize pa yon demon an chèf ki te jire pou tante Bondye pi plis ke okenn demon ki pat fè'l anvan li. Kite'm pataje avèk nou kèk lòt deklarasyon sèpan sa a ki mete'l toutouni. Chak fwa ke li konfonn pa verite a, li deklare ke si Jezi Kris se reyèlman Pitit Bondye distenge a Papa'L, se ke la "*sa poze yon problèm*". Chak fwa ke li fè deklarasyon sa a, an fèt li ap rekonèt ke doktrin satanik li a fo. Ajan dyab lougawou sa a ap avwe nan fason detounen ke doktrin li an poze yon problèm. Men plizyè avèg k'ap swiv li yo tèlman mare pa pouvwa okil li a ke yo pa rann yo kont.

Koute lòt deklarasyon sa yo de menm ajan dyab lougawou sa a k'ap fè kouri doktrin satanik sa a. "*Si Jezi pat Bondye Papa a kòman Bondye ta lèse yon lòt pran tout glwa Li, tout plas Li a? La sa poze yon problèm.*" Koute rezonman sèpan sa a. La li ap konfonn Bondye Papa avèk mèt yo a lisifè. Sa ki karakterize lisifè, se ògèy. Li sitèlman kenbe glwa li ak plas li ke li pap janm tolere, ke nenpòt rezon an, ke privilèj li yo menase. Ajan dyab lougawou sa a panse alò ke Bondye Papa a konsa tou.

Deklarasyon pitit malen sa a trayi'l. Sa pèmèt nou pou konprann ke li pa sèten de doktrin li an. Doktrin li an baze sou move konesans Bondye Papa a, e sou konparezon sa a ke li fè ant lisifè ak Bondye a. Li di tèt li ke Bondye Papa sipoze fonksyone tankou satan. E si Jezi vrèman diferan de Bondye Papa e ke Bondye Papa a fè Li pataje glwa Li ak plas Li kòm Bib la ansenye'l, se ke sa "*poze yon problèm.*"

2.17- "Non Bondye pi site a nan Ansyen Testaman an"

Yon lòt eleman avèk li demon sa yo egare inyoran yo k'ap koute yo, se sa ke yo rele *"Non Bondye pi site a nan Ansyen Testaman an"*. Men yon ekstrè nan youn nan diskou de youn nan demon an chèf sa yo: *"Ban'm non Bondye pi site a nan Ansyen Testaman an... Yahweh, kiyès ki dakò avèk mwen, soti nan Genèz rive nan Malachi, vrè ou fo? A pati de Matye kote non Yahweh? Disparèt, nou konnen pouki sa? Paske se Jezi. Nou di ke Jezi se pa Papa a, alò ban'm non Papa a revele nan Levanjil yo ak nan epit yo. Bondye di ke pèp Li a pral konnen non'L, si Jezi se pa Papa a **sa poze yon problèm**. Kòman Papa a nan ka sa a pral kache non'L pou moun yo? Jezi te priye e te di Mwen te revele yo non'W, se ki sa non ye?"*

Kan n'ap li charabya sa a, nou rann nou kont ke se yon gwògmann k'ap pale a, tèlman diskou a konfi e san sans. Mwen pa ta vle menm pèdi tan pou kòmante'l. Mwen kite nou egzaminen'l nou menm pou detekte tout enkoyerans ki nan li. Chak fwa ke demon sa a kwense, ke rezònman li an *"poze yon problèm"*, men li pa janm repanti li.

2.18- Demon sa yo yo kwè yo pi entèlijans pase nou, vrè Pitit Bondye yo

Men kèk lòt rezònman de menm demon an chèf la k'ap fè kouri doktrin satanik sa a. **Jan 1:18** di *"Pèsonn pa janm wè Bondye; sèl Pitit la, ki nan sen Papa a, se li menm ki te fè konnen'l."* E nan **Jan 14:8-10** nou li: *"Filip di'l: Senyè, montre nou Papa a, e sa ap sifi pou nou. ⁹Jezi di'l: Genyen si lontan ke mwen avèk nou, e ou pa konnen'm, Filip! Moun ki te wè'm te wè Papa a; kòman ou di: Montre nou Papa a? ¹⁰Ou pa kwè ke **mwen nan Papa a**, e **ke Papa a nan mwen**? ..."*

Demon sa a eseye pou asosye de pasaj Jan sa yo avèk pa 1Jan 2:22 a ki di: *"Kiyès ki **mantè**, sinon sila ki nye Jezi se Kris la? **Sila sa a se antikris la**, ki nye **Papa a** ak Pitit la."* E li fè konbinezon sa a pou prouve ke Bib la fo. Men analiz li a: *"Paske yon antikris se yon moun ki nye Pitit la ak Papa a, donk Pitit la ak Papa a yo pa ka separe yo, paske Pitit la revele Papa a e Papa a revele Pitit la."* Demon sa a vle di pa la ke vèsè 1Jan 2:22 a fo, donk li tap nan kontradiksyon avèk Jan 14:8 la.

Chak fwa ke demon sa yo yo enkapab pou ban nou inik vèsè ke nou mande yo a, yo kòmanse ap jwe nan agreje lèt yo. Yo lanse yo nan bann eksplikasyon mo. Yo pral di nou ke mo sa a an grèk genyen sinyifikasyon sa a, ou ke vrè sinyifikasyon de yon lòt mo se ta yon lòt bagay, kan yo kontinye ale. Yo konnen vrè definisyon ak vrè orijin tout mo. Pa janm tonbe ankò menm nan pyèj pou koute vye diskourè sa yo. Pyè ak Jan pat konnen ni grèk ni laten, e yo pat konnen "vrè definisyon" ak "vrè orijin" mo yo. Yo te moun ki te soti nan pèp san enstriksyon an. Poutan yo te konprann ak ansenye pawòl Bondye a byen. Donk ou pa bezwen konn grèk ak orijin mo pou konprann pawòl Bondye a. Ou bezwen pito pou genyen Sentespri a. Ou tou senpleman bezwen soti nan Bondye pou konprann pawòl Li.

2.19- Kèk lòt vèsè ki konfonn rezònman sèpan yo

Piske demon yo yo eskandalize pa pawòl Jezi yo nan Jan 14 :8 la e ap tante pou di ke si Jezi nan Papa a, e ke Papa a nan Li, sa vle di ke Papa a se ankò Jezi, men kèk vèsè ki konfonn rezònman sèpan sa yo.

Matye 10:40 "Sila ki **resevwa nou resevwa'm**, e sila ki **resevwa'm, resevwa sila** ki te voye'm nan." **Lik 10:16** "Sila ki **koute nou koute'm**, e sila ki **jete nou jete'm**; e sila ki jete'm, jete sila ki te voye'm nan." **Jan 6:56** "Sila ki manje chè'm e ki bwè san'm **demere nan mwen**, e mwen **demere nan li**." **Jan 13:20** "An verite, an verite, mwen di nou li, sila ki **resevwa sila ke mwen pral** voye **resevwa'm**, e sila ki resevwa'm, resevwa sila ki te voye'm nan."

Jan 14:20 "Nan jou sa a, nou pral konnen ke **mwen nan Papa'm**, ke **nou nan mwen**, e ke **mwen nan nou**." **Jan 15:4** "**Demere nan mwen**, e mwen **pral demere nan nou**. Tankou saman an paka fè tèt li pote fwi, si li pa demere atache a sèp la, konsa nou pap ka pote fwi non plis, si nou pa **demere nan mwen**." **Jan 15:5** "Mwen se sèp la, nou se saman yo. Sila ki **demere nan mwen** e nan moun **mwen demere** ap pote anpil fwi, donk san mwen nou pa ka fè anyen. " **Jan 15:6** "Si yon moun pa **demere nan mwen**, li jete deyò, tankou saman an, e li sèch; epi yo ranmase saman yo, yo lage yo nan dife, e yo brile."

Jan 15:7 "Si nou **demere nan mwen**, e ke pawòl mwen yo demere nan nou, mande sa ke nou vle, e y'ap akòde nou sa." **Jan 17:21** "Pou ke yo tout ka youn, tankou'w, Papa, **ou nan mwen**, e tankou **mwen nan ou**, pou ke yo menm tou **ka nan nou**, pou ke mond lan kwè ke ou te voye'm." **Jan 17:23** "**Mwen nan yo**, e **ou nan mwen**, -pou yo ka youn tout bon, e ke mond lan konnen ke ou te voye'm e ke ou te renmen yo tankou jan ou te renmen'm nan." **Galat 2:20** "Mwen te krisifye avèk Kris; e si m'ap viv, se pa mwen menm menm ankò k'ap viv, **se Kris k'ap viv nan mwen**; si m'ap viv kounye a nan kò a, m'ap viv nan lafwa nan Pitit Bondye a, ki te renmen'm e ki te livre tèt li pou mwen."

2.20- Demon yo pap janm ansenye nou laverite

Konnen a pati kounye a ke demon yo pap janm ansenye nou laverite, **piske yo pa gen verite nan yo**. Papa yo dyab la se mantè, e travay yo se pou manti tankou'l. Donk yo pa ka janm genyen verite nan yo. Pa fye nou ak ekspresyon "Sèn doktrin nan" ke demon sa yo itilize souvan an. Se pou simen konfizyon nan travay ke n'ap fè a, ke y'ap itilize ekspresyon sa a. Se pou mennen moun yo kwè ke y'ap ansenye sèn doktrin nan tou tankou nou. Men Bondye te chwazi pou konfonn yo, nan mete mansonj yo a toutouni. Blasfèm yo a klèman ekspoze, e **se sèlman lòt demon tankou yo ki pral kwè nan yo kounye a**.

Si nou pa vle nou tounen viktim demon sa yo, pa pèdi tan pou koute yo. Sinon nou pral pa fini pa sedwi yo si nou fèb nan lespri, ou si nou pa gen ase disèneman. Pa janm pèdi tan ankò menm pou koute demon yo k'ap blasfème nan tòde sans vèsè Biblik yo. **Mande yo pito pou ban nou yon sèl vèsè ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa a ak Sentespri a**. Nou sot prouve nou nan ansèyman sa a ke Bondye te reponn klèman a kesyon sa a pou nou.

Pou prouve nou ke Jezi Kris se Pitit Bondye, nou pat itilize okenn mwayen dilatwa, ni okenn teknik sediksyon; nou pat kole vèsè youn nan lòt pou eseye entèprete yo; nou pat entèprete okenn vèsè; nou pat fè okenn dediksyon; e nou pat fè okenn imajri pou sedwi nou; nou te jis ban nou vèsè ki di mo a mo e klèman, ke Jezi Kris se Piti Bondye, ke Jezi Kris distenge ak Bondye Papa a, e ke Jezi Kris pa Sentespri a. Nou pat lanse nou nan bann demonstrasyon ki pral pèdi nou e pral fè nou dòmi.

2.21- Demon sa yo vle ranvèse Levanjil Kris la

Koute sa ke Apot yo te di nou: **Galat 1:1-9** "Pòl, apot, non se pa pa moun, ni pa yon nonm, men pa **Jezi Kris** ak **Bondye Papa a**, ki te fè'l leve vivan pami mò yo, ²e tou frè yo ki avèk mwen, a Legliz Galasi a: ³ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan **Bondye Papa a e nan Senyè nou an Jezi Kris**, ⁴ki te bay tèt li li menm pou peche nou yo, pou ka retire nou nan prezan syèk move a, selon volonte **Bondye nou an e Papa**, ⁵pou li laglwa nan tout syèk ak nan tout syèk! Amen! ⁶Mwen etone'm ke nou detounen si rapidman nan sila ki te rele nou an pa gras Kris, pou pase a yon lòt Levanjil. ⁷Non se pa paske gen yon lòt Levanjil, **men gen moun k'ap trouble nou, e ki vle ranvèse Levanjil Kris la.** ⁸**Men, kan nou menm, kan yon anj nan syèl la ta anonse yon lòt Levanjil ke sa ke nou te preche a, ke li anatèm!** ⁹Nou te di'l anvan, e m'ap repete'l nan lè sa a: **Si yon moun anonse nou yon lòt Levanjil ke sa nou te resevwa a, ke li anatèm!"**

Men bann swadizan Kreyen avèk yo demon yo ap anonse yon lòt levanjil, yon levanjil ki pa ekri pyès kote, e yo kwè. Poutan Bib la mande yo kòm nou sot li'l, pou kondane avèk tout fòs blasfèm modi sa yo, e pou chase demon sa yo byen lwen yo, ou pou yo elwanye yo pi posib de ajan Lanfè sa yo. Sèpan sa yo ak doktrin yo a dwe rejte avèk vigè.

2.22- Demon sa yo konnen plis ke Jezi

Jan 7:28-29 di: "E Jezi, pandan li t'ap ansenye nan tanp lan, li te di: Nou konnen'm, e nou konnen kote'm soti! **Mwen pa soti nan mwen menm: Men sila ki voye'm nan** li vrè, e nou pa konnen'l. ²⁹Mwen menm, mwen konnen'l; donk **mwen soti nan li**, e se li ki te voye'm." E **Jan 7:16** di: "Jezi te reponn yo: Ansèyman'm nan **pa soti nan mwen**, men sila ki te voye'm nan."

Jezi di ke Li pat soti nan Li menm e ke Li soti nan Papa a, demon yo di ke Papa a pa egziste e ke Jezi soti nan Li menm, donk Li menm Li se pròp Papa'L. Byen ke Li deklare piblikman ke menm ansèyman Li a pa soti nan Li, men nan Papa a ki te voye'L la, demon yo eseye toujou pou prouve'L kontrè a. Alò nou konprann ke demon sa yo konnen plis ke Jezi.

Bib la di nou nan **1Korentyen 11:3** "Mwen vle sepandan ke nou konnen ke Kris se chèf tout gason, ke gason se chèf fanm, e ke Bondye se chèf Kris." Senyè di klèman "**Mwen vle sepandan pou nou konnen**". Yon fason pou di ke okenn diskisyon ozalantou sijè sa a pa dwe tolere. Donk se yon verite etabli, ke **Bondye se Chèf Kris**. Fè sa pa dwe konteste. Poutan se sa ke demon yo ap konteste, nan di nou ke Bondye Papa a se pa chèf Kris, donk Kris ta Li menm Bondye Papa a. N'ap retounen sou vèsè sa nan swit ansèyman sa a.

2.23- Bondye se chèf Kris

Ann chache konprann pasaj sa a **1Korentyen 11:3**, nan limyè doktrin demon sa yo. Bib la di nou ke **Bondye se chèf Kris**. Li evidan ke Bib la pale nou isi a de Bondye Papa a. Pawòl sa a tèlman klè ke li pa posib pou konteste'l. Alò ki sa ke demon yo pral fè? Yo pa ka konteste verite sa a, yo di ke byen ke Bib la te di ke Bondye se chèf Kris, se jis yon fason pale, e ke nou pa dwe pran sa lèt a lèt.

Menm si se pa tout nou dwe pran lèt a lèt nan pawòl Bondye a, sa ke yo dwe pran lèt a lèt la pa poze okenn problèm. Bondye ki te kreye nou a imaj Li, te ban nou kapasite nesèsè pou distenge sa ke yo dwe pran lèt a lèt nan pawòl Li a, ak sa ke yo pa dwe pran lèt a lèt. Donk pa lèse nou sedwi pa fo diskou ajan satan sa yo.

Men ann ba yo rezon pou kèk minit. Ann sipoze ke nou pa dwe pran pasaj 1Korentyen 11:3 sa a lèt a lèt, e ann aksepte avèk demon sa yo ke se jis yon fason pale. Men a kisa sa pral mennen nou: **Bondye se chèf Kris**, se jis yon fason pale, se Kris Li menm ki se Bondye Papa a. Konklizyon lojik, **Kris se chèf tout gason**, se jis yon fason pale, se gason li menm ki se Kris; **gason se chèf fanm**, se jis yon fason pale, se fanm nan li menm ki gason an. Alelouya! Rezònman demon yo tèlman konvenkan ke nou pa bezwen pou nou davantaj bay rezon ke nou an afè a demon.

Yo ka menm ale pi lwen nan Rezònman sa a, e reekri vèsè sa a. Men sa ke sa tap bay: "Mwen vle sepandan ke nou konnen ke **Kris se chèf tout gason**, ke gason se chèf fanm, e ke **Kris se chèf Kris**." A nou menm pou konkli.

2.24- Pitit la soumèt ak Papa a

1Korentyen 15:27-28 "Bondye, an fèt, te mete tout bagay anba pye'l. Men lòske li di ke tout bagay te soumèt avèk li, **li evidan ke sila ki te soumèt li tout bagay la li eksepte**. ²⁸E lòske tout bagay ta pral soumèt avèk li, alò, **Pitit la li menm pral soumèt a sila ki te soumèt li tout bagay la**, pou ke Bondye ka nan tout."

Ede'm konprann kòman yo ka aprè lekti vèsè 1Korentyen 15 :27-28 sa a, tante pou montre ke Jezi Kris se Bondye Papa a. Depi ke dyab la pa rete nan ou, avèk pou misyon pou konteste avèk Bondye e pou jwenn Bondye mantè, kòman'w ka fè konprann ou entèprete pasaj sa a yon lòt jan?

2.25- Ekriti a pa ka aneyanti

Si Ekriti a te ka aneyanti, satan ak ajan li yo t'ap aneyanti'l deja. Yo tout te eseye san siksè. Yo pa fatige. Satan gen ankò sou tè a bann ajan trè zele ki dakò ke y'ap reyisi la kote sila yo ki te anvan yo a te echwe. Y'ap pèdi tan yo. Men sa ke Bib la deklare: **1Pyè 1:25** "Men **pawòl Senyè a ap demere etènèlman**. E pawòl sa a ke yo te anonse nou an pa Levanjil." **Jan 10:35-36** "Si li te rele bondye moun ke yo te anonse pawòl Bondye a, e si **Ekriti a pa ka aneyanti**, ³⁶**sila ke Papa a te sanntifye a e voye nan mond lan, nou di'l: W'ap blasfème! E sa paske mwen te di: Mwen se Pitit Bondye.**"

2.26- Lespri anbrouye

Yon lòt eleman ki karakterize sèvitè lisifè sa yo k'ap devlope ak fè kouri blasfèm sa a, se lespri anbrouye a. Ki sa sa ye? Se metye anbrouye moun k'ap koute yo, pou ke lè yo fini, pèsonn pa sezi anyen nan sa yo te di a. Demon sa yo òganize yo pou di plizyè bagay ak kontrè yo nan menm diskou a, nan yon melanj biza, nou lèse nou kwè ke yo di anpil bagay, sof ke si yo mande nou klèman sa ke nou te kenbe, n'ap kwense.

Yo kenbe volontèman bann propo ki gen doub sans, e lanse yo nan yon melanj anbrouye bann eleman nan bi pou brouye lespri moun yo. Se yon teknik bann

demon sediktè yo, metye pale tròp la pou pa di anyen. E avèk bann degre ak pawòl malefik yo a, moun k'ap koute yo gen lenpresyon ke yo di anpil bon bagay. Se sa ki lespri **manipilasyon demon yo**.

2.27- "Fòk yon lespri vin konvenk mwen"

Dèske ansèyman yo si klè ke li vin enposib pou ajan satan yo jwenn yon ti kal agiman pou jistifye yo, kèk di nou ke fòk yon lespri vin konvenk yo anvan ke yo kwè, ou fòk yon lespri vin revele yo kontrè de sa yo te kwè a.

Moun mwen renmen yo, pa kite nou janm distrè menm ankò pa jan de pawòl malefik sa a. Nou konnen deja ke demon yo pap janm kwè. Kan yo di nou ke fòk yon lespri vin konvenk yo, yo an reyalyte ap revele nou ke yo pa ka pran risk pou rekonèt verite a tout otan ke youn nan demon nan lespri yo k'ap kontrole yo a pa ba yo pèmasyon pou sa. Pa bliye ke moun sa yo yo tout anba kontròl lespri sal yo.

Donk pa janm tonbe menm ankò nan pyèj pou kwè ke lòske y'ap pale de yon lespri ki ta vin konvenk yo, ke y'ap pale de Sentespri a. Y'ap pale de yon demon nan mond fènwa yo. Kounye a ke ansèyman an klè pou nou chak, dèske nou tandè jan de langaj sa a, souke pousyè pye nou, e pati.

Moun mwen renmen yo, si tèlman gen prèv kont doktrin demon sa a ke si mwen ta mete pou'm ban nou yo tout, ansèyman sa a t'ap menm kantite ak Bib la. Tout sa ke nou dwe fè si nou renmen Sali nou, se pa janm ekspozè nou menm ankò nan venen sèpan sa yo, e pa janm pèdi ankò menm yon ti minit pou koute yo. Nou dwe veye pou pa resevwa nan kay nou demon yo k'ap vin preche nou levanjil dyab sa a. Veye pou jan de blasfèm sa yo pa janm ansenye menm ankò nan kay nou, e elwanye nou de tout sèpan k'ap fè kouri jan de pwazon sa a.

Si nou rankontre kèk inyoran ki tonbe nan pyèj fos doktrin sa a e ki kwè nan sa, jis ba yo ansèyman sa a. Tout bagay ladann pa gras Bondye. Pa lanse nou nan okenn vye diskisyon. Tout moun ki te kwè nan mansonj sa a pa inyorans, yo pral repanti aprè yo fin li tout prèv ke nou te ba yo nan ansèyman sa a.

2.28- Tout sa ki pa fèt nan yon konviksyon se peche

Chak fwa ke nou eksplike pawòl Bondye a a kèk sediktè ki fè tèt yo pase pou bann kretyen men ki pa prè pou obeyi a Bondye, yo fè sanblan pa konprann. Men kan pwen yo ke n'ap eksplike yo a tèlman senp pou konprann ke li ta ridikil pou yo pou di ke yo pat konprann, yo di nou ke yo pa konvenki, e ke yo pral tann ke Bondye konvenk yo. E pou soutni sediksyon yo a yo site pou nou dezyèm pati vèsè Romen 14:23 a men li: *Tout sa ki pa fèt nan yon konviksyon se peche.*"

Men sa Romen 14:23 di *"Men moun ki gen dout nan sa l'ap manje kondane, paske li pa aji pa konviksyon. Tout sa ki pa fèt nan yon konviksyon se peche."* Reli nou menm pasaj sa a e wè itilizasyon ke ajan dyab yo fè avèk li. Moun sa yo defòme chak fwa pawòl Bondye a pou jistifye rebelyon yo a. Piske yo renmen fè tèt yo pase pou kretyen, fòk yo site pou yo tou bann vèsè bibliik pou jistifye pa vle mete pawòl Bondye a an pratik yo a. Pou rebèl sa yo, mete pawòl Bondye a an pratik genyen yon peche, tout otan ke yo ka pran pretèks ke yo ap konvenki.

Sekrè a, Senyè a te ban nou li deja. Chak fwa ke nou tande bann sediktè pran jan de langaj sa a, souke pousyè pye nou e pati. Sitou pa panse ke se avèk pale anpil ke nou pral genyen yo. Konnen ke satan ak ajan li yo te fè yon chwa; chwa pou opoze avèk bondye, chwa pou pa janm rekonèt otorite Bondye. Piske sèpan sa yo gen pou misyon detounen Pitit Bondye nan chemen lavi etènèl la, yo akselere nan metye tòde sans pawòl Bondye a. Yo se mèt nan manipilasyon. Yo toujou fè efo pou itilize pawòl Bondye nan move sans lan, pou sedwi moun fèb yo ak inyoran yo.

2.29- Demon yo pap janm kwè

Pa etone nou paske toujou gen moun ki pa kwè malgre tout demonstrasyon ke nou fè. Nou te byen eksplike pawòl Bondye a, nou te byen etale konesans ak sajès Bondye a, genyen bann moun ki pa enpresyone menm nan sa. Sa pa ta dwe siprann nou. Si Jezi Pandan ministè Li sou latè pat ka konvenk pitit satan yo, pa kwè ke se nou menm ki pral fè'l. Nou pap janm pi konvenkan ke Senyè a. Demon yo pap janm kwè, nenpòt sa ke yo fè. E lefèt ke nou konnen'l li ede nou pou pa pèdi tan initilman nan bann deba ak lòt diskisyon ki pap bay anyen.

Pou pi byen konprann sa, nou dwe sèlman medite pasaj sa a **Lik 16:19-31**. Kan rich la te sipliyè Papa Abraam pou voye Laza nan kay papa'l la, selon li menm li te konprann ke si yon moun pami mò yo te ale kote yo, yo t'ap repanti yo, ki repons papa Abraam te bay? **"Yo pap kite yo pès Wade menm kan yon moun pami mò yo ta leve vivan."** Sa tou vle di, moun mwen renmen yo. Donk sispann soufri nan panse ke n'ap rive genyen pou Senyè a bann moun ki te jire pou yo pa sove.

2.30- Blasfèm

Men youn nan blasfèm ke youn nan demon an chèf yo k'ap polye milye kretyen an avèk doktrin satanik sa a, pase tan li ap vann anpil andetay. Byen ke yo se bann propo trè vilgè, mwen pral kont gre mwen, pataje avèk nou yon ekstrè bann pawòl santi demon sa a.

Men sa ke li di: *"M'ap poze'w yon kesyon. Kiyès ki te grès mari? ... Sentespri a? E Sentespri a kòman yo rele'l? ... Lespri Jezi Kris. ... Men Pòl di isi a ke Kris se Bondye. Li pale de Lespri Bondye e tou swit aprè li di Lespri de Kris. .. Donk yo di byen ke Li menm li se papa a, donk se lespri li ki te grès Mari. Donk men, se sa ki enkanasyon an ! Mistè pyete a. ... bondye ki pral li menm, enkan pa vre..."*

Pitit pèdisyon sa a li lanse li nan yon sot dyalòg monològ pandan l'ap enplike sot yo k'ap swiv li yo, e li sèvi pou li pasaj Travay 16:7, Romen 8:9, Romen 9:5, ak 1Jan 5:20, pou demontre ke Jezi se pròp Papa Li. Li fè yon mikssaj kontrè avèk vèsè sa yo, pou rive a konklizyon selon li menm nan Jezi ta "grès" Mari a, padone'm pou repetisyon salte sa a, pou ke li akouche Jezi. Donk Jezi se ta Pròp Papa li. E se sa, selon demon sa a, "mistè pyete a".

E pandan ke l'ap vann anpil andetay yon sonèt konsa, nou gen kèk moun sot chita ki sanble ke y'ap viv plezi nan pwazon sèpan sa a, ke yo menm rive bat bravo. Sa fè kriye moun mwen renmen yo. Kan nou wè espektak makab sa a ak komedi santi sa a, nou mande nou sat pase nan tèt tout moun ki chita k'ap koute'l yo, pou yo amize yo, pou ri e menm pou rejwi yo.

Konnen ke moun sa yo yo tou senpleman anba pouvwa yon gran somèy. Avèk tout pak ke demon sa a te siyen avèk lisifè, li dote li de kèk pisans satanik, e ka fè moun yo dòmi, menm sa ki te lekòl ki byen enstwi. Piske sèpan sa a konvenki ke gran pisans li a ka fè tout moun dòmi, li pèmèt li souvan pou kanpe devan yon gran piblik nèt e pratike okiltis ak travay maji pandan seyans demonstrasyon pisans ke li pretann ke li di li genyen an. Se libman li fè degre li yo ak envokasyon li yo, nan je tout moun. E l'ap vante tèt li ke l'ap egzèsè delivrans.

Pouki sa ke li fè'l si vif konsa san li pa jennen, se paske li sèten ke tout moun ki wè'l yo tèlman ap dòmi ke pèsoun pa pral mande yo sa ke l'ap fabrike la a. Sa ke sèpan sa a inyore, se ke byen ke gran pouvwa fè moun dòmi li an ka gen efè sou moun ki te kite li deja vale yo, pouvwa sa a pa ka nan okenn ka genyen yon ti kras efè sou vrè Pitit Bondye yo ke nou ye.

Men yon lòt degre, ou pawòl malefik de menm demon an chèf sa a. Men sa ke li di: *"Se pa paske ou se fransè, ke ou se ameriken, ke ou se afriken ke ou pral konprann Pawòl Bondye a. Ou ka genyen senkant an, katreven dizan ... la se pa yon problèm. Ou ka nwa, jòn, mawon, chokola, ble, ...**se pa paske ou li Pawòl la ke ou pral konprann li.** Fòk ou gen bann Filip. Sa vle bann moun ki te resevwa yon manda."*

Demon sa a mete li la a pou ankouraje moun yo pou yo pa li Bib la, paske yo p'ap ka konprann li. Tout moun k'ap swiv li yo dwe kite'l, li menm Filip la, li Bib la nan plas yo, piske li ta resevwa yon manda. Se menm jan degre ou pawòl malefik sa a ke prèt katolik yo fè sou fidèl pa yo a, nan ba yo lenpresyon ke Bib la se yon mistè ke yo menm sèl ka demistifye.

Se pou rezon sa a bann milye moun poutan byen enstwi rete kwense nan katolisism pandan anpil ane, malgre aberasyon doktrin katolik la, e malgre lefèt ke falsifikasyon sèk katolik la yo tèlman gwosye ke ou pa bezwen entelijan pou detekte yo. Li jis sifi pou li ou menm Bib la.

Donk men yon lòt demon odasye e trè si de li, ki nan plen 21e syèk la, itilize menm riz satan an, nan kwè ke degre li yo ak pawòl malefik li yo pral reyisi. Prè la se ke plizyè dizèn moun ap swiv li, san yo pa rann yo kont ke yo sou chemen Lanfè.

2.31- Inegzistans pitit Bondye a anvan rive li sou tè a

Men eleman ki sanble se pwen santral doktrin demon sa yo k'ap soutni ke Jezi Kris pa gen Papa. Pitit malen sa yo eseye pou demontre ke Jezi Kris pat janm egziste antan ke Pitit anvan Li te vin sou tè a. Selon doktrin satanik yo a, Jezi antan ke Pitit te egziste a pati de nesans li pa Mari. Sèpan sa yo ale jis ke pou yo di ke Ansyen Testaman an pa fè mansyon de okenn nosyon Pitit Bondye. Pandan ke yo nye egzistans Pitit Bondye a anvan nesans Li sou tè a, yo nye egalman egzistans Papa anvan nesans Pitit la.

Moun mwen renmen yo, yo pa konnen vrèman sa ke sèpan sa yo vle. Se pou mande tèt ou si nou li menm Bib la. Y'ap soutni yon bagay e kontrè li segond aprè a. Moun sa yo yo vrèman posede pa lespri anbrouye. Lespri sa a rann yo sot san ke yo pa apèsi sa. Kan yo kòmanse devlope foli yo a, yo wont nan plas yo; tèlman sa y'ap rakonte a li san sans. E piske yo te sèmante pou yo pa janm

rekonèt otorite Bondye, yo toujou mete yo pou y'ap defye'l, e yo toujou gen bann kesyon pou poze'l.

Kòm yo konn defye Bondye byen, men youn nan kesyon ke yo poze'l: "... *Letènèl Bondye li revele Papa, pa nesans Pitit Li a a pati Nouvo Testaman. ... Konsa, nou konprann pa vèsè sa yo, ke Letènèl Bondye te manifeste an kalite Papa yon moun, sèlman a pati Nouvo Testaman. Kòman eksplike patikilarite sa a? Kòman eksplike lefèt ke Letènèl Bondye pa manifeste antan ke Papa anvan?*

Pandan n'ap tann ke Bondye reponn yo, piske Li sètènman oblije pou reponn yo, kite'm demontre nou egareman rezònman sa a. Yo deklare ke Letènèl Bondye te revele Li Papa sèlman a pati Nouvo Testamanban. Nou pa menm konnen deja de ki sa y'ap pale, donk nou konnen Letènèl te toujou Papa, e Li te toujou Papa nou, Pitit malen sa yo donk yo se sèl pou konnen sa ke y'ap chache a. E si Letènèl Bondye te revele Li Papa sèlman pa nesans Jezi a pati Nouvo Testaman an, jan demon sa yo vle fè nou kwè'l la, kesyon ke nou nan dwa pou poze nou se kesyon sa yo:

Kiyès Letènèl te ye anvan Nouvo Testaman an, piske Li pat Papa a? Piske fòk yo te tann Nouvo Testaman an pou ke Bondye te vin Papa, kiyès ki te Papa tout moun ki te sou tè a anvan nesans Jezi? Sitou pa tonbe nan pyèj doktrin demon sa yo k'ap bay lenpresyon ke Bondye se sèl Papa Jezi. Bondye se Papa nou tou. E si nou kwè ke Bondye se Papa nou, se ke Li vin Papa nou sèlman a pati de Nouvo Testaman an, selon doktrin vipè sa yo. Anvan Nouvo Testaman an, Bondye te dwe sètènman kouzen nou ou tonton nou ou neve nou. Li pat Papa nou, piske fòk li te tann Nouvo Testaman an pou vin Papa. Doktrin demon sa yo se yon egareman enkwayab. Men yo kwè yo genyen yon sekre ke nou pa genyen, e yo konvenki yo genyen yon mistè ki echape nou. Alelouya!

Sèpan sa yo ale jiskas ke yo di ke Ansyen Testaman an pat janm fè mansyon pitit Bondye a, e ke yo pa jwenn pyès kote mo pitit la. E kòm dabitid, se tou senpleman kontrè a de sa ke pitit malen sa yo ap di, ki vrè. Ann al gade sa ke Bib la di:

Sòm 89:7 *"Donk kiyès, nan syèl la, ka konpare'l a Letènèl? Kiyès ki sanble avèk ou pami **pitit Bondye yo**" Sèl vèsè sa a montre nou ke Ansyen Testaman an pale de pitit Bondye.*

Sòm 2:6-7 *"Se mwen ki te wenn wa mwen an Sou Siyon, montay sen mwen an! ⁷Mwen pral pibliye dekrè a; **Letènèl te di'm**: Ou se pitit mwen ! Mwen te anjandre'w jodi a."*

Ann li lòt vèsè sa yo ki fèmen bouch ajan Lanfè yo. *"Kiyès ki te monte nan syèl yo, e kiyès ki te desann sot ladan yo? Kiyès ki te kenbe van an nan men'l yo? Kiyès ki te sere dlo yo nan rad li yo? Kiyès ki te fè parèt bout latè yo? **Ki non'l, e ki non pitit li a**? Ou konnen'l?"* **Provèb 30:4.**

Nou byen bèl isi a nan Ansyen Testaman, e nou wè Papa a k'ap pale de Li menm e de Pitit Li a, bann santèn ane anvan Jezi te vini sou tè. Men kòman Senyè a toujou aranje li pou fèmen bouch sèpan yo. Men piga nou tann ke pitit pèdisyon sa yo repanti yo. Non! Yo pap janm repanti yo. Yo pito pral travay pou jwenn kèk lòt blasfèm pou devlope.

E kan kèk ajan dyab lougawou jwenn yo kwense pa tout vèsè sa yo ke yo ta inyore egzistans yo, yo gen odas pou di ke vèsè sa yo yo profetik, yon fason pou di ke byen vèsè sa yo klèman di pitit Bondye, **se jis yon fason profetik**. Yo bliye ke yo t'ap soutni avèk tenasite ke pat genyen okenn vèsè nan Ansyen Testaman an ki pale de pitit Bondye. Konsta anmè sa a revele nou tris reyalite a konsènan demon yo. Yo pap janm repanti yo, nenpòt sa ke nou ta fè. Pafwa nou mande tèt nou kòman yo pran tèt yo nan bagay sa pou gen tèt di konsa.

Kounye moun mwen renmen yo, pou vini ak mo profetik la ke sèpan sa yo fè parèt la, konnen ke **tout Bib la profetik**. Si fòk pale nan tèm profetik, se an fèt **chak vèsè Bib la profetik**. Prèv la se ke Bib sa a, byen ekri genyen de sa plizyè milye ane, li akonpli li nan vi nou chak. Donk pa lèse distrè kan sèpan sa yo kòmanse pou pale nou de "**profetik**" paske yo pa vle repanti yo.

2.31.1- Jezi te nan kreyasyon tout bagay e te menm patisipe nan kreyasyon an

Genèz 1:26 "Epi Bondye di: **Ann fè** moun a imaj **nou**, selon resanblans **nou**, e ke li domine sou pwason lanmè yo, sou zwazo syèl yo, sou bèt yo, sou tout latè, e sou tout reptil k'ap ranpe sou tè a.

Kan nou egzaminen vèsè sa a nan limyè de vèsè yo ki site anba yo, nou konprann pi klè ke Pitit la te avèk Papa Li nan kreyasyon tout bagay yo.

Jan 1:1-14 "**Nan kòmansman se te pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e pawòl la te Bondye. ...³Tout bagay te fèt pa li, e anyen nan sa ki te fèt yo pat fèt san li. ...¹⁴E pawòl la te vin moun, e li te rete pami nou, plen gras ak verite ; e nou te kontanple glwa li, yon glwa tankou glwa sèl Pitit la ki soti nan Papa a.**"

Romen 11:36 "**Se nan li, pa li, e pou li ke tout bagay ye, Pou li laglwa nan tout syèk! Amen!**"

Ebre 1:2 "Bondye, nan dènye tan sa yo, te pale avèk nou pa Pitit la, ke li te etabli eritye tout bagay, **pa li menm tou li te kreye mond lan.**"

Kolosyen 1:15-16 "**Li se imaj Bondye envizib la, premye ne tout kreyasyon an. ¹⁶Donk nan li tout bagay te kreye ki nan syèl yo ak sou tè a, vizib ak envizib yo, tròn, dinyite, dominasyon, otorite. Tout te kreye pa li e pou li.**"

Kan Bondye di **ann fè** moun a imaj **nou**, selon resanblans **nou**, yo konprann a pati pasaj Jan 1, Kolosyen 1 ak Ebre 1 ki site anwo yo ke Kris se, swa sila ki te avèk Bondye a, swa youn ki te la nan moman sa a, avèk Bondye. Kolosyen 1 konfime ke Kris te fèt a imaj Bondye, e Genèz 1:26 deja site, ak Romen 8:29 site anba a aprann nou ke nou te fèt a imaj Kris ak Bondye

2.31.2- Jezi te kreye lontan anvan li te vin sou tè a

Miche 5:2 "E ou menm, Bètleyèm Efrata, piti nan mitan Jida, nan ou pral soti pou mwen Sila ki pral domine sou Izrayèl, **e ke orijin li date nan tan ansyen yo, nan jou letènite a.**"

Romen 8:29 "Donk sila yo ke li te konnen davans yo, li te predestine yo tou pou sanble a imaj Pitit li a, **pou ke Pitit li a te ka premye ne ant plizyè frè yo.**"

Filippen 2:5-7 "Genyen nan nou santiman ki te nan Jezi Kris la, ⁶ki, **egziste nan fòm Bondye**, pat janm gade tèt li tankou yon viktim li menm ki egal avèk Bondye, ⁷**men ki te depouye tèt li li menm, nan pran yon fòm sèvitè**, nan vini sanble a moun; e pandan li te parèt tankou yon senp moun."

Kolosyen 1:15-18 "Li se imaj Bondye envizib la, **premye ne nan tout kreyasyon an**. ¹⁶Donk nan li yo te kreye tout bagay ki nan syèl yo ak sou tè a, vizib ak envizib, tròn, dinyite, dominasyon, otorite. Tout te kreye pa li e pou li. ¹⁷**Li anvan tout bagay**, e tout bagay sibziste nan li. ¹⁸Li se tèt kò Legliz la; **li se kòmansman an, premye ne pami mò yo, pou li ka premye nan tout bagay**."

Revelasyon 1:4 "Jan a sèt Legliz ki nan Azi yo: Ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan sila ki la a, **ki te la**, e ki ap vini an, e nan sèt lespri ki devan tròn li a."

Revelasyon 1:8 "Mwen se **alfa ak omega**, di Senyè a Bondye, **sila ki la a, ki te la a, e k'ap vini an**, Tou Pisan an."

Revelasyon 3:14 "Ekri a anj Legliz Larodise a: Men sa ke Amen di, temwen fidèl e veritab la, **kòmansman kreyasyon Bondye a**."

Jezi Kris pa ka se kòmansman kreyasyon Bondye a, e pa egziste anvan nesans li. A mwen ke demon sa yo prouve nou sèlman ke kreyasyon an sinyifi nesans.

2.31.3- Anvan vini sou tè mouri pou nou, Jezi te nan syèl bò kote Bondye Papa a

Provèb 8:22-32 "**Letènèl te kreye'm an premye nan tout zèv li yo**, anvan zèv pi ansyen li yo. ²³Mwen te etabli depi letènite, depi nan kòmansman, anvan orijin latè. ²⁴Mwen te fèt kan pat gen pyès abim, pat gen menm sous ki te plen dlo; ²⁵anvan ke montay yo te kanpe, **anvan ke kolin yo te egziste, mwen te fèt**. ²⁶Li pat ko fè ankò ni latè, ni kanpay yo, ni premye atom pousyè mond lan. ²⁷**Lòske li t'ap dispoze syèl yo, mwen te la**; lòske li t'ap trase yon sèk a sifas abim nan, ²⁸lòske li t'ap fikse nyaj yo anwo, e ke sous abim yo te jayi avèk fòs, ²⁹lòske li te bay yon limit a lanmè a, pou ke dlo yo pa franchi bò yo, lòske li te poze fondman tè a, ³⁰**Mwen t'ap travay bò kote'l**, e mwen t'ap fè tout jou yo delis li yo, ³¹t'ap jwe san rete nan prezans li, t'ap jwe sou glòb tè li a, e te jwenn bonè mwen pami pitit moun yo. ³²E kounye a, pitit mwen yo, koute mwen, e ere moun ki swiv chemen'm yo!"

Jan 3:13 "Pèsonn pat monte nan syèl, si se pat **sila ki te desann sot nan syèl la**, Pitit moun nan ki nan syèl la."

Jan 6:62 "E si nou wè Pitit moun nan monte **kote li te ye anvan an?**..."

Jan 17:5 "E kounye a ou menm, Papa, glorifye'm bò kote ou menm nan glwa ke mwen te genyen **bò kote'w anvan ke mond lan te fèt**."

Jan 17:24 "Papa, mwen vle ke kote mwen ye a moun ke ou te ban mwen yo ka avèk mwen, pou yo ka wè glwa'm, glwa ke ou te ban mwen an, **paske ou te renmen'm anvan fondasyon mond lan**."

1Jan 1:2 "Donk lavi a te manifeste, e nou te wè'l e n'ap rann li temwanyaj, **e n'ap anonse nou lavi etènèl la, ki te bò kote Papa a** e ki te manifeste pou nou."

2.31.4- Jezi te mache avèk pèp Izrayèl la nan dezè a

1Korentyen 10:4 "E ke yo tout te bwè menm brevaj espiyèl la, donk yo te bwè nan yon roche espiyèl **ki t'ap swiv yo**, e roche sa a se te Kris."

2.31.5- Jezi te anvan Jan-Batis

Jan 1:15 "Jan te rann li temwanyaj, e li te di: Se li ke mwen te di: **Sila ki vini aprè mwen an te devanse'm, donk li te la anvan'm.**" **Jan 1:30** "Se si la sa a ke mwen te di: Aprè 'm vini yon nonm ki te devanse'm, **donk li te la anvan'm.**"

2.31.6- Nasyon pitit la byen etabli nan Ansyen Testaman an

Tout moun ki te tronpe pa mansonj sa a nan pitit pèdisyon yo, dwe trè byen konprann kounye a, ke bib la pale byen de Pitit Bondye a nan Ansyen Testaman. Afimasyon yo selon li menm nan nasyon pitit la pat janm egziste nan Ansyen Testaman an, e ke mo pitit Bondye a te parèt sèlman nan Nouvo Testaman an avèk nesans Jezi sou tè a, se yon lòt imoralite tankou sa yo ke sèpan sa yo ap deklare chak fwa a. Nou dwe deja konnen ke demon yo pap di anyen ki vre. Yo pa gen pyès verite nan yo. Yo sèlman yon bann mantè tankou papa yo dyab la.

Mwen ta vle ban nou de lòt eleman enpòtan ki pral libere nou totalman nan mansonj ajan Lanfè yo. Nou kenbe premyèman, ke Ansyen Testaman an pale nou byen de pitit Bondye. Nasyon sa a donk pat kòmanse a pati de Mari, kòm demon yo afime'l la. Dezyèmman, se pa Jezi sèl ke Bondye Papa a te deklare pitit Bondye. Bib la pale nou klèman de plizyè pitit Bondye. Kite'm prouve nou li:

Jenèz 6:1-2 "Lòske moun yo te kòmanse ap miltipliye sou fas tè a, e ke yo te fè pitit fi, ²**pitit Bondye yo** te wè ke pitit fi moun yo te bèl, e yo te pran yo pou fanm pami tout sa yo ke yo te chwazi."

Job 1:6-7 "Donk, **pitit Bondye yo** te vini yon jou prezante yo devan Letènèl, e satan te vini tou nan mitan yo. ⁷Letènèl di satan: Kote'w soti? E satan te reponn Letènèl: pakouri latè ak promennen'm ladann."

Sòm 2:6-7 "Se mwen menm ki te wenn wa mwen an sou Siyon, montay sen mwen an! ⁷Mwen pral pibliye dekrè a: Letènèl te di'm: **Ou se pitit mwen!** Mwen te anjandre'w jodi a."

Sòm 89:7 "Donk kiyès, nan syèl la, ka konpare tèt li a Letènèl? Kiyès ki sanble avèk ou pami **pitit Bondye yo**? "Sèl vèsè sa a montre ke Ansyen Testaman an rale byen nasyon pitit Bondye a.

Provèb 30:4 "Kiyès ki te monte nan syèl yo, e kiyès ki te desann sot ladann? Kiyès ki te ranmase van yo nan men li yo? Kiyès ki te sere dlo yo nan rad li? Kiyès ki te fè parèt bout latè yo? Ki non'l, e **ki nou pitit li a**? Ou konnen'l?"

2.32- Yon doktrin plen kontradiksyon

Tèlman gen kontradiksyon nan propo demon sa yo ke ou mande tèt ou si tèt yo vrèman byen. Yo brouye tèt yo yo menm, e anbrouye tout moun ki pa gen okenn disènanman, e ki gen malè pou koute yo. Chak fwa ke sèpan sa yo yo kwense pa

bann vèsè ki pale klèman de Pitit Bondye a diferan de Bondye Papa a, pa ka nye verite sa a menm ankò, yo pral di nou ke Pitit la te pito nan panse Papa a.

Kite'm montre nou betiz rezonman sa a. Kan demon sa yo deklare ke Pitit la te nan panse Papa a, yo tou senpleman ap rekonèt ke Pitit la se pa Papa a. Yo avwe san yo pa rann yo kont, ke Pitit la diferan de Papa a. Donk fòk gen yon Pitit ki diferan a Papa a pou'l ka nan panse Papa a. Papa a pa ka nan pròp panse Li. Menm si selon demon yo Pitit la te pito nan panse Papa a, se ke li se tout menm yon Pitit ki diferan ak Papa a. Sa a mennen nou pou konprann ke doktrin demon sa yo pap janm kenbe, kèlke swa fason yo eksplike'l la, e kèlke swa lòt sotiz ke yo pral vann anpil andetay.

2.33- Lespri, nanm, ak kò

Men yon lòt basès ke demon yo ap etale chak fwa ke yo nan agiman. Yo di nou ke papa a ak pitit la yo pa ka separe yo pa ka divize, nan pran pa egzant moun ki fèt a lespri, nanm e ak kò. Yo di ke menm jan ke yo pa ka divize lespri moun a kò li e ak nanm li, menm jan an tou yo pa ka divize papa a nan pitit la ak nan sentespri a. Ensanse sa yo di nou ke papa a se panse a, pitit la se pawòl la, e sentespri a se onksyon an. Mwen te deja di nou ke kan y'ap pale de papa ou de pitit, pa bliye ke se pa de Papa selès nou an ak de Senyè e Mèt nou an Jezi Kris ke y'ap pale. Sèpan sa yo ap pale de papa yo dyab la, de jezi yo a ki pa lòt ke yon demon, e de sentespri yo a ki se youn nan lespri sal yo nan mond fènwa yo a.

2.34- E si demon yo te gen rezon

Ki sa ke Jezi t'ap genyen pou pase tan li sou tè a pou manti? Anba ki presyon Li te ka ye pou Li oblije bay manti konsa? Poukisa Li pase tout tan'l pale de yon Papa ke Li pa ta janm genyen? Si Papa a pat egziste vrèman, Jezi Kris se t'ap, swa yon mantè, swa yon enpostè, swa yon moun ki dezekilibre nan mantal. E nou imajine yon Jezi Kris mantè, ou enpostè, ou yon moun ki dezekilibre nan mantal?

Si demon yo te gen rezon, Bib la t'ap fo; donk li ansenye depi nan Genèz rive nan Revelasyon ke Jezi Kris gen yon Papa. Si demon yo te gen rezon, Bondye Papa a Li menm pa ta egziste, piske se Jezi ki ta Bondye Papa a.

Si demon yo te gen rezon, Jezi Kris t'ap yon mantè paske Li te pale de yon Papa ke Li pat genyen; donk Li t'ap yon enpostè, piske Li te fè tèt li pase pou Pitit Bondye, alò ke Li ta an reyalyte Bondye Papa a; anfen Li t'ap yon malad mantal, piske Li t'ap likide bann bagay ki pat gen ni sans, ni fondman. Pase tan Li pou pale de Papa a ki pa ta egziste, e de yon Sentespri ki pa ta egziste, paske Li menm Li ta Bondye Papa a ak Sentespri a, se yon prèv ke Jezi Kris te yon moun ki te gen dezekilib mantal, selon doktrin demon sa yo.

Si demon yo te gen rezon, tout Profèt Bondye yo, nan Ansyen Testaman an tankou Nouvo Testaman an, yo ta bann fo profèt ak bann konplis mansonj; piske yo tout te rekonèt yon Bondye Papa ki diferan de Jezi Kris Pitit Bondye a.

Si demon yo te gen rezon, Jan Batis ta li menm tou yon mantè, li ki, o lye pou prezante nou Jezi Kris tankou Papa a, ou tankou se Sentespri a, te pito prezante nou Li tankou Timouton Bondye a, tankou Pitit Bondye. Jan Batis ke yo te voye

espesyalman devan Jezi pou prepare chemen an pou Li, te konnen pi byen ke nenpòt moun kiyès Jezi te ye reyèlman, e li pat ezite pou revele mond lan kiyès Jezi te ye. Dayè se li ki revele nou ke Jezi Kris se timouton Bondye a, ki retire peche mond lan. Si Jezi Kris se te an menm tan Bondye Papa a ak Sentespri a, Jan Batis pa tap konn sa? **Jan 1:29** *"Nan demen, li te wè Jezi t'ap vin jwenn li, e li di: Men Timouton Bondye a, ki retire peche mond lan."*

Si demon yo te gen rezon, tout Apot ak tout Disip Jezi Kris yo ki te pale de Bondye Papa a, t'ap yo tout, swa bann mantè, swa bann malad mantal; paske yo tout te ansenye yon Bondye Papa diferan de Jezi Kris Pitit Bondye a. Si demon yo te gen rezon, Sali a nan Jezi Kris pa tap egziste; paske yon Jezi mantè, ou enpostè, ou yon moun fou, pa ka sove nou. **E si demon yo te gen rezon, ann manje e ann bwè, donk demen nou pral mouri.**

2.35- Ann eseye pou kèk minit bay demon yo rezon

Ann eseye pou kèk minit bay ajan Lanfè sa yo rezon. Ann anbwate pa nan egareman yo a. Ann rezone yon tikras avèk demon sa yo. Ann eseye opoze doktrin yo a a lojik pou wè sa ke sa t'ap bay, ou jis ki kote sa t'ap mennen nou. Pou rive la, nou pral egzamine kèk vèsè Bib la, ak enplikasyon yo a limyè doktrin pitit malen sa yo k'ap soutni ke Jezi Kris pa gen Papa a, e ke Li ta Li menm pròp Papa Li.

Jan 20:21 *"Jezi te di yo ankò: Lapè evèk nou! Kòm Papa a te voye'm, mwen menm tou mwen voye nou."*

Si Jezi Kris pa gen Papa kòm demon yo ansenye nou li an, sa vle di ke Li se pròp Papa li Li menm, sa vle di tou ke Li te voye tèt Li Li menm. Si Jezi Kris se pròp Papa'L, se ke nou menm nou se Jezi Kris. Si Jezi Kris se Li menm Papa ki te voye'l la, se ke nou se nou menm Jezi Kris ki te voye nou. E si'L pat vini pa Papa a, se ke nou menm tou Sèvitè Bondye yo, Jezi Kris pat voye nou tou. Selon lojik satanik sa a, sila ki te voye Jezi a pa lòt ke Jezi Li menm, alò sila ki te voye nou an pa pral lòt ke nou menm.

Nou ka menm ale pi lwen nan rezonman sa a, e reekri vèsè sa a. Men kisa sa tap bay: **"Jezi te di yo ankò: Lapè avèk nou! Kòm mwen te voye'm mwen menm, mwen menm tou mwen voye nou."** A nou menm pou konkli.

Revelasyon 3:21 *"Sila k'ap venk la, mwen pral fè'l chita avèk mwen sou tròn mwen an, kòm mwen menm mwen te venkè e mwen te chita avèk Papa'm sou tròn li a."*

Senyè a di nou isi a ke si nou venkè, Li pral fè nou chita avèk Li sou tròn Li a, kòm Li menm te venkè e li te chita avèk Papa'L sou tròn Papa'L la. Si Jezi Kris se pròp Papa'L. Se ke lòske Li di ke Li chita aprè viktwa Li a avèk Papa'L sou tròn Papa'L la, se ke an fèt L'ap pale de tèt Li. Donk Li chita avèk Li menm sou tròn nan; e nan ka sa a, nou menm tou ki pral chita avèk Jezi sou tròn Li a, nou tout se Jezi Kris, e nou pral chita avèk nou menm sou tròn lan.

Nou ka menm ale pi lwen nan rezonman sa a, e reekri vèsè sa a. Men ki sa sa t'ap bay: **"Sila k'ap venk la, mwen pral fè'l chita avèk mwen sou tròn mwen an, kòm mwen te venkè e mwen chita avèk mwen menm sou tròn mwen an."** A nou menm pou konkli.

Jan 20:17 *"Jezi di li: Pa touche'm; donk mwen poko monte kot Papa'm. Men al jwenn frè'm yo, e di yo ke m'ap monte kot Papa'm e Papa nou, kot Bondye'm e Bondye nou."*

Si Jezi Kris kan Li pale de Papa Li, pale an reyalite de Li menm, se ke kan Li pale de Papa nou, Li pale an reyalite de nou menm. Donk si Jezi Kris se Papa a, se ke nou menm tou se Papa a. E si Jezi Kris kan Li pale de Bondye'L, pale an reyalite de Li menm, se ke kan Li pale de Bondye nou an, Li pale an reyalite de nou menm. Si Jezi Kris donk se Bondye Papa a, se ke nou menm tou se Bondye Papa a.

Si Jezi Kris kan Li pale de Papa'L, se jis yon fason pale, donk se Li menm ki ta Papa a, se ke kan Li pale de Papa nou, se egalman yon fason pale, donk se nou menm ki ta Papa a. Si donk Jezi Kris se Papa a, se ke nou menm tou se Papa a. E menm jan an, si Jezi Kris kan li pale de Bondye'L, se jis Yon fason pale, donk se Li menm ki ta Bondye'L, se ke kan Li pale de Bondye nou, se egalman yon fason pale, donk se nou menm ki ta Bondye nou. Donk si Jezi Kris se Bondye Papa a, se ke nou menm tou se Bondye Papa a.

Si donk Jezi Kris nan monte kote Papa'L, monte an reyalite kote Li menm, se ke kan nou menm tou pral monte kote Papa nou aprè lanmò ou nan Anlèvman an, nou pral monte kote nou menm. Nou ka menm ale pi lwen nan rezònman sa a, e reekri vèsè sa a. Men sa ke sa t'ap bay: *"Jezi di li: Pa touche'm; donk mwen poko monte kote mwen menm. Men al jwenn frè'm yo, e di yo ke m'ap monte kote mwen menm e Papa nou, kote mwen menm e Bondye nou."* A nou menm pou konkli.

2.36- E si Jezi Kris li menm se te Sentespri a!

E si Jezi Kris, an plis se pròp Papa'l Li menm, se te tou Li menm Sentespri a kòm demon yo vle fè nou kwè'l la, men sa ke sa t'ap bay:

Jan 16:13-15 *"Kan konsolatè a vini, Lespri verite a, li pral kondwi nou nan tout verite; donk li pa pral pale de li menm, men li pral di tout sa ke li pral tandè, e li pral anonse nou bagay ki pral vini yo. ... ¹⁵Tout sa ke Papa a genyen se pou mwen; se poutèt sa mwen te di ke li pran sa ki pou mwen, e ke li pral anonse nou li."*

Konnen ke konsolatè a se Sentespri a, e konnen ke Lespri verite a se Sentespri a, e konsidere selon demon yo ke Sentespri a se Jezi, e ke Papa a se toujou Jezi, men kòman yo t'ap reekri pasaj sa a: Jan 16:13-15 *"Kan Jezi vini, Jezi, Jezi pral kondwi nou nan tout verite; ... ¹⁵Tout sa ke Jezi genyen se pou Jezi; se poutèt sa Jezi te di Jezi pran sa ki pou Jezi, e ke Jezi pral anonse nou li."*

Jan 14:16 *"E mwen, mwen pral priye Papa a, e li pral ban nou yon lòt konsolatè, pou ke li demere etènèlman avèk nou."*

Konnen ke konsolatè a se Sentespri a, e konsidere selon demon yo ke Sentespri a se Jezi, e ke Papa a se toujou Jezi, men kòman yo t'ap reekri pasaj sa a: Jan 14:16 *"E Jezi, Jezi pral priye Jezi, e Jezi pral ban nou yon lòt Jezi, pou ke li demere avèk nou etènèlman."*

Jan 14:26 "Men konsolatè a, Lespri Sen an, ke Papa a pral voye a nan non'm nan, pral ansenye nou tout bagay, e pral raple tout sa ke mwen te di nou."

Konnen ke konsolatè a se Sentespri a, e konsidere selon demon yo ke Sentespri a se Jezi, e ke Papa a se toujou Jezi, men kòman yo t'ap reekri pasaj sa a: Jan 14:26 "Men Jezi, Jezi, ke Jezi pral voye nan non Jezi a, pral ansenye nou tout bagay, e pral raple tout sa ke Jezi te di nou."

Jan 15:26 "Kan konsolatè a pral vini, ke mwen pral voye k'ap soti nan Papa a, Lespri verite a, ki soti nan Papa a, li pral rann temwanyaj de mwen."

Konnen ke konsolatè a se Sentespri a, e konnen ke Lespri verite a se Sentespri a, e konsidere ke selon demon yo ke Sentespri a se Jezi, e ke Papa a se toujou Jezi, men kòman yo t'ap reekri pasaj sa a: Jean 15:26 "Kan Jezi vini, ke Jezi pral voye k'ap soti nan Jezi, Jezi, ki soti nan Jezi, Jezi pral rann temwanyaj de Jezi."

Travay 1:1-8 "Teofil, mwen te pale, nan premye liv mwen an, de tout sa ke Jezi te kòmanse fè ak ansenye depi nan kòmansman ²jis jou kote li te anlve nan syèl, aprè li te fin bay lòd li yo, pa Sentespri a, a apot yo ke li te chwazi yo. ³Après ke li te fin soufri, li te parèt avèk yo vivan, e li te ba yo plizyè prèv, te montre li avèk yo pandan karant jou, e pale de bagay ki konsène wayòm Bondye a. ⁴Kòm li evèk yo, li te rekòmande yo pou yo pa elwanye yo de Jerizalèm, men pou tann sa ke Papa a te promèt la, sa ke mwen te anonse a, li te di yo ; ⁵donk Jan te batize dlo, men nou menm, nan yon ti kras jou, nou pral batize nan Sentespri a. ⁶Alò apot yo reyini te mande li: Senyè, èske se nan tan sa a ke ou pral retabli wayòm Izrayèl la? ⁷Li te reponn yo: Se pa a nou menm pou konnen tan yo ou moman yo ke Papa a te fikse pa pròp otorite Li. ⁸Men nou pral resevwa yon pisans, Sentespri a pral vin sou nou, e nou pral temwen'm a Jerizalèm, nan tout Jide a, nan Samari, ak jis nan bout latè."

Eseye ranplase tout mo an gra-soulinye yo pa Jezi, piske se Li ki ta an menm tan Bondye Papa a ak Sentespri a, e nou pral wè sa ke sa ap bay.

Travay 2:32-33 "Se Jezi sa a ke Bondye te fè leve vivan pami mò yo; nou tout te temwen sa; ³³Elve pa dwat Bondye, li te resevwa nan men Papa a Sentespri a ki te promèt la, e li te repann li, kòm nou wè'l la e tande'l."

Si se Jezi ki se an menm tan Bondye Papa a ak Sentespri a, vèsè sa t'ap konsa: "Se Jezi sa a ke Jezi te fè leve vivan pami mò yo; nou tout te temwen sa. Elve pa dwat Jezi, Jezi te resevwa nan men Jezi Jezi a ki te promèt la, e Jezi te repann li, kòm nou wè'l e tande'l."

Moun mwen renmen yo, tèlman genyen egzanp pou ban nou ke si yo vle etale tout, etid sa a li menm sèl ta menm grosè avèk Bib la, pou pa di pi plis. Sa pèmèt nou egalman pou konprann sotiz doktrin demon sa a, e sa pèmèt nou egalman pou konprann ke okenn demon pap janm reyisi pou kontredi Bondye. Tout moun k'ap tante konsyamman ou enkonsyamman pou entèprete pawòl Bondye nan fason pa yo, yo toujou jwenn yo kwense.

Si sèpan sa yo ki pase tan yo jodi a pou ansenye ke Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a sanble pa fwa dakò, se paske yo devlope foli yo sèlman

devan inyoran ki pa medite pawòl Bondye a, men ki tankou katolik yo, kite lòt yo li Bib la nan plas yo.

Moun mwen renmen yo, etid sa a ke nou sot fè a, ban nou yon lòt okazyon pou detekte kèk lòt demon ki kache yo nan mitan Pitit Bondye yo. Men anvan pou egzèse disènneman sa a, nou dwe manifeste yon gran souplès ak yon ekstrèm tolerans nan jijman an, kòm nou gen abitud pou fè.

Pou sa, byen ke li ka etabli ke tout vrè pitit Bondye jwenn fasil konpreyansyon bagay Bondye yo, byen ke li etabli ke okenn vrè pitit Bondye pa ka blasfème konsa nan soutni avèk vigè ke Bib la fo, sipoze malgre tout ke tout relijye sa yo k'ap soutni doktrin satanik sa a, yo swa nan inyorans, swa tou senpleman posede. Ba yo ansèyman sa a ki ase elabore e ase klè, pou ouvri je yo.

Moun pami yo ki te nan inyorans, pral libere pa verite a ki ekspozé nan ansèyman sa a. E moun ki te tou senpleman posede, pral libere tou pa verite a ki klèman etabli nan ansèyman sa a, paske kòm nou konnen'l byen, laverite libere. *Jan 8:32.* Men moun ki, aprè yo fin li tout demonstrasyon ki fèt nan ansèyman sa a, pral chwazi pou yo pa repanti yo, e pral prefere akroche yo a blasfèm yo a, pral ban nou pa la, prè ke yo se bann demon. Nan lòt tèm, konnen ke tout swadizan kretyen, ki aprè yo fin li ansèyman sa a kontinye pou soutni **Jezi Kris se a la fwa Bondye Papa ak Sentespri a**, se demon. Pa bliye ke demon yo pap janm repanti, pou yo ka pa sove. "... *Lespri di klèman ke, nan dènye tan yo, kèlke moun pral abandone lafwa, pou atache yo a bann lespri sediktè e a bann doktrin demon.*" **1Timote 4:1.**

2.37- Antikris yo

Kan nou di nou ke moun sa yo se bann demon, bann moun Lanfè, nou ka petèt kwè ke nou jis sevè nan jijman nou an, ou ke langaj nou yon ti kras di a yo menm. Li pa anyen. Ann al wè sa ke Bondye di de yo nan pawòl Li.

1Jan 2:24-26 *"Ke sa ke nou te tande a depi nan kòmansman an demere nan nou. Si sa ke nou te tande depi nan kòmansman an demere nan nou, n'ap demere nan Pitit la tou ak nan Papa a. ²⁵E promès ke li te fè nou, se lavi etènèl. ²⁶Mwen te ekri nou bagay sa yo **pa rapò ak moun k'ap egare nou yo.**"* Donk nou dwe fè atansyon a moun k'ap egare nou yo nan ansenye nou doktrin demon an ak blasfèm.

1Jan 4:1-3 *"Moun mwen renmen yo, pa ajoute lafwa nan tout lespri; men eprouve lespri yo, pou konnen si yo soti nan Bondye, donk anpil fo profèt vini nan mond lan. ²Rekonèt ak sa Lespri Bondye a: **Tout lespri ki konfese Jezi Kris te vini nan kò soti nan Bondye;** ³e tout lespri ki pa konfese Jezi Kris pa soti nan Bondye, se lespri antekris la, ke nou te aprann k'ap vini an, e ki kounye deja nan mond lan."*

Konnen, moun mwen renmen yo, ke tout moun k'ap di ke Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, fè pati de moun ki nye ke Jezi Kris te vini nan kò. Selon doktrin yo a, se Bondye Papa ki te vini nan kò, e se pa Jezi Kris, donk pou yo Jezi an tan ke Pitit diferan a Bondye Papa a pa egziste. Demon sa yo donk yo se fo profèt ke Bib la pale a nan pasaj ke nou sot li a. Se bann antekris.

"Kiyès ki **mantè**, sinon sila ki nye ke Jezi se Kris la? **Sila sa se antekris la**, ki nye **Papa a** e Pitit la." **1Jan 2:22.**

Men sa ke demon yo fè. Yo nye Papa a ak Pitit la. Pou yo, Bondye Papa pa egziste, se Jezi ki se Bondye Papa a. Yo nye egalman Pitit la, piske se Jezi ki se Bondye Papa, se ke Pitit la an reyalite pa egziste. Si Senyè a Li menm di nou ke moun sa yo se bann antekris, nou konprann tout. Se bann sèpan ki soti nan mond fènwa yo, avèk pou misyon konbat Kris. Pou yo opoze yo a Bondye, e pou defòme pawòl Bondye a, nan bi pou pran maksimòm moun. Se bann demon trè danjere pou Pitit Bondye yo.

Nou dwe konprann, moun mwen renmen yo, ke tout moun k'ap di ke Jezi Kris se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, fè pati de moun ki nye ke Jezi se Kris la. Nan di ke Jezi se Bondye Papa a, yo nye ke Jezi se Kris la. Pou yo Jezi se pa Kris la. Men Bondye Papa a. E kòm nenpòt moun ki nye Pitit la pa gen Papa a non plis, moun sa yo nan sèvis papa yo satan. Yo gen yon sèl misyon, konbat Bondye, tankou papa yo dyab la ap fè'l.

Si nou kenbe Sali nou, pa janm diskite menm ankò pawòl Bondye a avèk pitit malen sa yo, sinon nou pral fè yo anglouti nou. Pa bliye ke se avèk pisans satan ke y'ap opere. Se poutèt sa ke malgre lefèt ke yo pa gen okenn vèsè bibliik pou soutni blasfèm yo a, yo reyisi tout menm sedwi yon gran nonm moun. Se pisans satan an ki fè travay sa a, yon gran pisans sediksyon ak degre ou pawòl malefik. Donk mete nou a leka de moun sa yo, si Sali nou an gen pwa nan je nou. **1Jan 2:23** dit: "*Nenpòt moun ki nye Pitit la pa gen **Papa a** non plis; nenpòt moun ki konfese Pitit la gen **Papa a** tou.*"

2.38- Kondanasyon yo te ekri depi lontan

Senyè a pran swen pou di nou ke nenpòt moun ki nye Pitit la pa gen Papa a non plis. Nou konprann alò trè byen ke moun sa yo pa gen Bondye ditou. Se bann antekris, sa vle di bann demon. Bib la di nou sa nan liv Jid la: "*Donk te glise yo pami nou kèk moun, **ke kondanasyon yo te ekri depi lontan**, bann enpi, k'ap chanje gras Bondye a an disolisyon, e **ki renye sèl mèt la e Senyè a Jezi Kris.***" **Jide 4.**

Donk nou te konprann li. Se bann moun ke kondanasyon yo te ekri depi lontan, bann enpi, bann demon, ki pap janm chanje, nenpòt sa ke nou ta fè. Fè nenpòt kèl demonstrasyon tankou nou sot fè a a travè etid sa a ak tout rechèch sa yo ke nou te fè a, yo pap enpresyone yo pyès kote pou sa. Ba yo plizyè santèn vèsè ki di mo a mo san bezwen entèpretasyon, ke Jezi Kris se pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. Yo pap repanti yo, byen ke anfas milye vèsè sa yo yo pa gen pyès, pa menm yon sèl ke yo ka prezante san tòde sans li, pou soutni blasfèm yo a. ***Nou ba yo mil vèsè, yo pa ban nou pyès, men yo pa chanje.*** Se paske kondanasyon yo te ekri depi lontan.

Plizyè Kreyen pa konprann gravite ak danje blasfèm pitit dyab sa yo. Y'ale jis ka kwè ke moun sa yo ka nye Pitit la, menm gen kan menm Papa a, e vise vèsè. Sa a pa posib. Rekonèt a jan nayivte sa a, e konprann ke Bondye pa ka tronpe tèt li de jijman an. Si se Senyè a Li menm ki di nou ke moun sa yo se bann antekris, se ke Li konnen de kisa L'ap pale a. Donk fè atansyon a pati de kounye

a. E si nou pa vle retrouve nou nan Lanfè, ***aprann pa ale pi lwen ke sa ki ekri a.***

2.39- Yo anchennen etènèlman pa fènwa yo

Jid 5-6 di: "Mwen vle raple nou, avèk nou ki konnen trè byen tout bagay sa yo, ke Senyè a, aprè te fin sove pèp la e aprè'l te fin rale'l nan peyi Ejip la, te fè peri answit ***enkredil yo***; ⁶ke Li te rezève pou jijman an gran jou a, ***anchennen etènèlman pa fènwa yo.*** ..." Moun sa yo se bann enkredil. Yo pa kwè menm. Yo anchennen etènèlman pa fènwa yo. Jijman gran jou a rezève pou yo. Si nou fè tèt nou di e chwazi pou asosye nou a blasfèm enkredil sa yo, nou pral jwenn menm sò avèk yo.

Mwen te di nan ansèyman sou Disèyman an ke Bondye nan grandè Li, pou demontre ke Li vrèman Toupisan an, te konstwi pawòl Li nan fason pou pa kite okenn posiblite a ajan satan yo pou yo divèti yo libman. Bondye ki konnen trè byen demon sa yo te prevwa tout nan pawòl Li a pou fèmen bouch yo. Senyè a te pran tout dispozisyon pou pa kite yon ti okazyon pou demon yo pa sèvi avèk pawòl Li a pou blasfèm. Tout bagay nan pawòl Bondye a pou konfonn sèpan yo, ak demontre tout fos doktrin yo a.

Donk gen sèlman moun ki pa medite pawòl Bondye a, yon kote, ak moun ki gen kè ak lespri kòronpi e tòde, yon lòt kote, ki tonbe nan pyèj pitit pèdisyon sa yo. Vrè Pitit Bondye yo ki obeyi avèk Senyè yo a e k'ap medite pawòl Bondye jou e nwit, e tout moun ke kè yo dwat, pap janm kwè nan fos doktrin k'ap kouri pa ajan Lanfè yo. Vrè Pitit Bondye yo konn rekonèt vwa Bondye yo a, e y'ap rete fèm nèt ale. ***"Fèt atansyon avèk nou nou menm, pou ke nou pa pèdi fwi travay nou an, men ke nou resevwa yon plen rekonpans."*** 2Jan 8.

Ann retounen kounye a egzamen pasaj ke nou te seleksyone nan rapò rechèch yo ke nou te fè yo. Nou te tèlman gen pasaj pou jistifye e pou soutni ansèyman sa a, ke triyaj la pat fasil. Nou te sepandan rive seleksyone kèk pou ede moun ki vle ankò konprann, pou konprann, ***e pou kondane moun ki te chwazi Lanfè yo.***

2.40- Apèl a bon sans

Jan 8:38 "Mwen di sa ke mwen te wè kay ***Papa'm***; e nou menm, nou fè sa ke nou te tandè nan ***papa nou.***" Ann fè yon apèl a bon sans e ann analize vèsè sa a nan limyè doktrin demon sa yo ki di ke kan Jezi pale de Papa'L, Li pale de Li menm. Si Papa a pa diferan a Pitit la, se ke Papa Jezi se Jezi Li menm, e papa Jwif yo, se Jwif yo menm. Si doktrin demon sa yo vrè, e ke Jezi se Li menm ki Bondye Papa, se ke Jwif yo yo menm se dyab la. Si Jezi se pròp Papa Li, se ke Jwif yo se pròp papa yo yo menm. ***Konklizyon, Jezi Kris se Bondye Papa a, e Jwif yo se dyab la.*** Yon Bondye Papa ki pa lòt ke Jezi pa ta egziste, e yon dyab ki pa lòt ke jwif yo pa ta egziste.

2.41- Ki sa pou'n fè dezòmè?

Prochen fwa, moun mwen renmen yo, ke yon demon pral di nou ke Jezi Kris se Li menm ki Bondye Papa ak Sentespri a, mande'l pou'l montre nou nan ***Sent Bib la*** yon sèl pasaj ladann Jezi te di sa. Sitou pa aksepte ke sèpan sa yo eseye pou tòde sans pasaj yo ki site anwo a pou fè yo di sa ke yo pa di. Pou prouve

nou ke yon sèl pasaj ladann Jezi te di sa. Pou prouve nou ke **Jezi Kris se Pitit Bondye**, nou pa bezwen pou tòde sans nenpòt vèsè a, e nou pat bezwen tante pou bay kèlke entèpretasyon ke li ta ye a a vèsè yo, nou te kite yo di sa ke yo di a. Nou te jis li avèk nou vèsè yo jan yo ekri a. Egzanp:

Mat 16:16-17 "Simon Pyè te reponn : **Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.**
¹⁷**Jezi, te reprann pawòl, te di'l:** Ou ere, Simon, Pitit Jonas; donk se pa lachè ak san ki te revele'w sa, **men se Papa'm ki nan syèl yo.**" **Mat 26:63-64** "Jezi te kenbe silans. E souvren sakrifikatè a, pran lapawòl, di'l: **Mwen sipliye'w, pa Bondye vivan an, di nou si ou se Kris la, Pitit Bondye a.** ⁶⁴**Jezi te reponn li: Ou di'l.** An plis, mwen deklare nou'l, nou pral wè dezòmè Pitit moun nan chita a dwat pisans Bondye a, e ap vini sou nyaj syèl la." **Mak 1:1** "Kòmansman Levanjil Jezi Kris la, **Pitit Bondye.**"

Jan 5:25-26 "An verite, an verite, mwen di nou li, lè a rive, e li deja vini, kote mò yo pral tandè vwa **Pitit Bondye a**; e sila yo ki pral tandè'l yo pral viv. ²⁶Donk, kòm **Papa a** gen lavi nan li menm, konsa li te bay **Pitit la** pou li gen lavi nan li menm." **Jan 9:35-37** "**Jezi** te aprann ke yo chase'l; e li te rankontre'l, li te di'l: **Ou kwè nan Pitit Bondye a?** ³⁶Li te reponn: **E kiyès li ye, Senyè, pou'm ka kwè nan li?** ³⁷**Ou te wè'l, Jezi te di'l, e sila k'ap pale avèk ou a, se li.**" **Jan 10:36** "Sila ke **Papa a** te sanntifye a e te voye nan mond lan, nou di'l: W'ap blasfème! E sa paske **mwen te di: Mwen se Pitit Bondye.**"

Jean 11:4 "Aprè li te fin tandè sa, Jezi di: Maladi sa a pap mennen nan lanmò; men li pou laglwa **Bondye**, pou ke **Pitit Bondye a** ka glorifye pa li." **Jan 20:17** "**Jezi** di li: Pa touche'm, donk mwen poko monte ankò kote papa'm. Men al jwenn frè'm yo, e di yo ke **m'ap monte kot Papa'm e Papa nou, kot Bondye'm e Bondye nou.**" **2Korentyen 1:19** "Donk **Pitit Bondye a, Jezi Kri**, ki te preche pa nou an nan mitan nou, pa mwen menm, e pa Silven, e pa Timote, pat wi e non, men se wi ki te nan li."

Men jis kèlke vèsè ke mwen sot ban nou, san ajoute anyen, san tante pou eksplike, san eseye pou analize, brèf san fè lòt anyen. Nou genyen tou senpleman pou li vèsè sa yo, e nou pral wè kòman se ekri nwa sou blan ke Jezi Kris se Pitit Bondye.

Moun mwen renmen yo, menm fason an ke nou te wè'm fè a, mande a sèpan sa yo pou montre nou san tante eksplike ou entèprete nenpòt sa li ye, **yon sèl pasaj ladann li ekri ke Jezi se Li menm ki Bondye Papa a ak Sentespri a.** Nan travay sa a ke nou sot fè a, nou te ban nou **plizyè santèn vèsè**, ki di klèman ke Jezi Kris se Pitit Bondye, e ke Li pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. Pou konvenk nou, nou pat lanse nou nan bann pozisyon. Nou te rete sou sa ki ekri klèman an. Nou pat itilize okenn detou pou prouve nou doktrin Kris la. Ansèyman nou an trè klè kòm nou ka konfime'l.

Kounye, mande demon sa yo pou fè tankou nou. Mande yo pou prouve nou, san itilize detou, doktrin yo a ki di ke Jezi Kris se Li menm ki Bondye Papa ak Sentespri a. Byen ke nou te prodwi bann santèn vèsè pou soutni ansèyman nou an, pa mande yo bann santèn vèsè. **Mande yo yon sèl vèsè.** Piske yo entèlijan, piske yo konnen plis ke Bondye, ke yo prodwi **yon sèl vèsè**, jis yon sèl, ki di ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentespri a. E si yo ban nou yon vèsè konsa nan **Sent Bib la**, pa ezite pou kontakte nou, pou nou ka repanti nou.

2.42- Avètisman

Moun mwen renmen yo, mwen te di nou deja ke nou pa janm dwe tonbe nan pyèj pou reponn a kesyon ki adrese avèk Bondye. Nou pa Bondye, e nou pa la pou pote kesyon demon yo bay Bondye. Menm si kesyon sa yo te adrese avèk nou, se ke li tan pou konprann ke nou pa oblije pou reponn a kesyon demon yo. Ke mesaj sa a klè yon fwa pou tout moun. E pou tante sove yo, pitit malen sa yo pa fini kwè ke nou la pou fè volonte yo. Pa riz yo yo te mare nou nan zèb tankou kabrit, e pa konpasyon chanèl, nou tonbe manje zèb yo.

Yon fwa ke ansèyman sa ase klè e te mete a dispozisyon pèp Bondye a, pa janm reponn menm ankò a kesyon nenpòt li ye nan sijè sa a. Ansèyman sa a li sifizamman klè e ase konplè pou libere e delivre tout moun ki te gen problèm avèk sijè sa a, ak tout moun ki te nan fos doktrin nan pa inyoran ou pa degre maji. Konnen ke genyen bann moun ke nou pap janm rive sove. Se poutèt sa ke Senyè Jezi te rele yo **sèpan, ras vipè, pitit dyab, pitit malen**, elatriye. Jezi te konnen yo trè byen.

Konklizyon: Konnen yon fwa pou tout, ke **Jezi pat janm Bondye Papa a**, e dayè li pap janm sa. **Jezi Kris se tou senpleman Pitit Bondye**, e Li se Bondye pa senp dekrè ou pa senp deklarasyon Papa a. E se pa Li sèl ki benefisye gras sa a nan men Papa a. Donk tout moun ki konte Jezi kòm Bondye plis pou wè de oswa plizyè Bondye, yo nan erè. Si fòk yo pale de Jezi nan tèm yon dezyèm Bondye, se ke yo pral retrouve yo avèk bann milye Bondye. Donk kòm nou te demontre'l pi wo a, Moyiz te deklare Bondye pa Papa a, e menm senp moun ke nou ye te deklare bondye pa Papa a.

Ni Jezi, ni Moyiz, ni nou menm pa ka diskite plas Bondye. Nou gen plizyè bagay an komen. Jezi, Moyiz, ak nou menm tout Pitit Bondye nou tout gen plizyè bagay an komen. Nou tout gen menm Papa. Nou tout gen menm Bondye, Bondye Papa a. Nou tout se Sèvitè Bondye. **Travay 3:13** "*Bondye Abraam nan, Izaak la ak Jakob la, Bondye papa nou yo, te glorifye sèvitè'l Jezi, ke nou te livre e renye devan Pilat, ki te dakò pou yo te lage'l.*"

Pa bliye ke Senyè a Jezi Li menm te promèt ke si nou venk, nou pral chita avèk Li sou tròn Li a, kòm Li menm te venkè, e chita avèk Papa'l sou tròn Papa'l la. **Revelasyon 3:21.** Avèk sa nou konprann tout.

Pa bliye non plis mizangad ke nou te fè nou an pa rapò a sèpan yo ki te deja kouri pou Sent Bib la pou fabrike vèsyon bib satanik pa yo. Nou pa dwe janm diskite avèk moun sa yo. Yo pral sètènman sonje fè antre nan nouvel edisyon bib satanik yo, kèk pasaj ki pral ede yo dezòmè pou lave konfizyon sa a ke nou sot enpoze yo a. Konfizyon yo a trè gran kounye a.

Ansèyman sa a mete yo toutouni. Ke Senyè a glorifye! Yo pa t'ap tann pou yo te kwense yo konsa. **Kounye a yo pral rann yo kont ke yo pa gen okenn vèsè pou jistifye doktrin satanik yo san pase pa bann detou ak gwo vye mansonj, yo pral fouye nan prochen edisyon bib yo a, youn ou plizyè vèsè ki di ke "jezi" yo a se an menm tan "bondye papa a" ak "sentespri" yo a.** Si donk nou gen yon vèsyon nan bib satanik pa yo a ladann yo poko fè montaj sa a, kenbe sa pou referans.

Fè atansyon tou avèk tout demon sa yo ki, menm aprè yo fin li ansèyman sa a, ki chwazi pou yo pa repanti yo, e kontinye fè kouri menm doktrin satanik yo. Moun sa yo ekstrèmman danjere. Nou dwe elwanye nou de yo, si nou vle kenbe Sali nou. Nou pa janm dwe tonbe nan pyèj pou diskite pawòl Bondye a ankò avèk jan de sèpan sa yo, pou nou ka pa fè yo kontamine nou avèk pwazon yo a. Sitou pa souzestime pouvwa sediksyon yo a, ak pisans pawòl malefik yo a. Jan de sèpan sa yo pa tankou lòt sèpan yo. Yo se bann ajan satan trè tèrib, e se pou tèt sa ke Senyè a Li menm mete nou angad kont yo. Koute sa ke Senyè a di nou apropos de ajan Lanfè sa yo:

2Jan 9-10 *"Nenpòt moun ki al pi lwen e ki pa demere nan doktrin Kris la pa gen Bondye Menm; Sila ki demere nan doktrin sa a genyen Papa ak Pitit la."*¹⁰ **Si yon moun vini kote nou e pa pote doktrin sa a, pa resevwa'l nan kay nou, e pa di'l: Sali!"**

Pouki sa Senyè a mande nou pou nou elwanye nou de sèpan sa yo? Se paske Li konnen yo. Li konnen kapasite pisans vipè sa yo. Si nou panse ke Bondye ka tronpe tèt li, kontinye koute demon sa yo. Jou kote nou pral retrouve nou nan Lanfè avèk yo, n'ap konprann li. Pandan n'ap tann, nou avèti! *"Pa tronpe tèt nou: Move konpanyi gate bon kondwit yo."* **1Konrentyen 15:33.**

2.43- Rezime ansèyman an

Moun mwen renmen yo ann eseye, pou rezime an kèlke mo, tout ansèyman sa a. Pou nou konvenk nou menm, byen ke nou pat janm gen problèm avèk ansèyman sa a, e konvenk tout lòt kretyen yo, e menm moun ke pa malè ki te pètibe pa doktrin demon sa a, nou te jwenn kòm sèl vrè solisyon, pou chache avi tout aktè espiyèl ki konsène pa ka sa a. Aktè sa yo se : **Bondye Papa a, Jezi Kris Li menm, Anj Bondye yo, Apot yo ak lòt Sèvitè Bondye yo, dyab la, ak demon nan lespri yo.**

Nou pat neglije okenn aktè yo, e nou pat pase anba silans okenn temwanyaj aktè yo. Donk se yon ansèyman pwòp, konplè, e ki pa ka nan okenn ka pou li konteste bibliyman, ke nou mete a dispozisyon nou. Ansèyman sa a ka konteste sèlman si Bib la fo. Temwanyaj diferan aktè yo ke nou te rasanble, yo kenbe nan rapò douz rechèch yo ke nou te fè yo. Donk chache pou li diferan rapò sa yo, donk yo fè pati tout ansèyman sa a.

Nou te konsilte **Bondye Papa a** pou konnen sa ke Li konnen de ka sa a. Li te di nou ke nan sa ki konsène'l, Jezi Kris se sèl Pitit Li nan Li li te mete tout afeksyon'l. Nou te mande ak Anj Bondye yo tou sa ke yo konnen de Jezi. Yo **te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye.** (Wè Setyèm Rechèch la).

Nou te konsilte **Jezi Kris** pou mande'l si Li te gen yon Papa. Li te reponn nou wi. (Wè Premye Rechèch la).

Nou te konsilte ankò **Jezi Kris** pou mande'l si Li gen yon Bondye. Repons lan te ankò afimativ. (Wè Dezyèm Rechèch la).

Nou te konsilte **Apot yo ak lòt Disip Jezi yo** pou mande yo si yo te rekonèt **Bondye Papa a** diferan de **Jezi Kris**. Yo te reponn wi. (Wè Twazyèm Rechèch la).

Nou te retounen ankò kote **Jezi Kris** pou mande'L si se Li menm ki te Bondye Papa ak Sentespri a, Li te di nou non. (*Wè Senkyèm Rechèch la*).

Nan menm okazyon an, nou te verifye avèk **Apot yo e avèk lòt Disip Jezi Kris yo** si **Jezi Kris** Mèt yo a se te an menm tan **Bondye Papa a ak Sentespri a**. Yo te di nou ke yo pat menm konnen de ki sa nou t'ap pale a. (*Wè Sizyèm Rechèch la*).

Nou te mande alò ak **Apot yo e ak lòt Disip yo donk kiyès Jezi te ye pou yo menm**. Yo te di nou ke **Jezi se Kris la, Pitit Bondye vivan an**. (*Wè Katyèm Rechèch la*).

Nou te ale mande satan tou si **Jezi Kris** se an menm tan **Bondye Papa a ak Sentespri a**. Li menm tou te sanble pat konnen de ki sa nou t'ap pale a. (*Wè Uityèm Rechèch la*).

Nou te mande'l alò, **kiyès Jezi te ye nan je li**. Li te rekonèt ke **Jezi se Pitit Bondye**. (*Wè Nevyèm Rechèch la*).

Nou te jwenn li pi bon pou mande demon nan lespri yo tou, **kiyès Jezi te ye pou yo menm**. Yo tout te rekonèt ke **Jezi se Pitit Bondye, Pitit Bondye Trè Wo a**. (*Wè Dizyèm Rechèch la*).

E kòm dwat Bondye a te sanble tou yon lòt problèm pou kèk pitit malen an pou yo menm Bondye pa ka gen yon dwat, nou te mete pou verifye sa. Sent Bib la te konfime pou nou ke Bondye byen gen yon dwat. Bondye Li menm pale de li, Pròp Profèt Li yo tou. (*Wè Onzyèm Rechèch la*).

Nou te lanse nou tou nan yon lòt rechèch ki parèt premyèman banal ak san gran enpòtans, konte chapit yo ak vèsè Bib la. (*Wè Douzyèm Rechèch la*).

2.44- Konklizyon rechèch yo

Donk li parèt nan rechèch yo, ke Bondye Papa a Li menm gen yon Sèl Pitit ki rele Jezi Kris; ke Jezi Kris rekonèt Li se Pitit Bondye; ke Anj Bondye yo tout rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye; ke Apot yo ak lòt Sèvitè Bondye yo yo tout rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye; ke satan ak demon nan lespri li yo yo tout rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye; e okenn nan yo pa rekonèt Jezi kòm se Bondye Papa; e okenn nan yo pa rekonèt Jezi se Sentespri a; ke Bib la rekonèt ke Bondye gen yon dwat; e ke Sent Bib la genyen 1189 chapit ak 31 170 vèsè, e pa youn nan bann milye vèsè sa yo di ke Jezi Kris se Bondye Papa a ak Sentespri a.

Demon sou fòm moun sa yo donk k'ap kontredi Bondye Papa a, Jezi Kris, Anj Bondye yo, Apot yo ak lòt Sèvitè Bondye yo, menm satan papa yo, ak tout demon nan lespri yo, pral di nou ki kote ak kiyès ki ba yo doktrin yo a. Si nou doute rechèch nou yo, fè pa nou, e voye rapò yo pou nou. Rasire nou ke nou limite nou sèlman a Sent Bib la kòm nou te fè a nou menm. Li enpòtan pou raple a tout moun ke Bib la genyen 66 liv, klase nan lòd sa a:

Ansyen Testaman: Jenèz, Egzòd, Levitik, Resansman, Deteronòm, Jozye, Jij, Rit, 1Samyèl, 2Samyèl, 1Wa, 2Wa, 1Kronik, 2Kronik, Esdras, Neyemi, Estè, Job, Sòm, Provèb, Ekklezyas, Pi Bèl Kantil la, Ezayi, Jeremi, Lamantasyon, Ezekyèl, Danyèl, Ose, Jowèl, Amòs, Abdias, Jonas, Miche, Nawoum, Abakik, Sofoni, Aje, Zakari, Malachi. **Total 39 liv.**

Nouvo Testaman: Matye, Mak, Lik, Jan, Travay, Romen, 1Korentyen, 2Korentyen, Galat, Efezyen, Filipyen, Kolosyen, 1Tesalonisyen, 2Tesalonisyen, 1Timote, 2Timote, Tit, Filemon, Ebre, Jak, 1Pyè, 2Pyè, 1Jan, 2Jan, 3Jan, Jid, Revelasyon. **Total 27 liv.**

2.45- Kote li soti ke egzistans Papa Jezi vin yon problèm?

Nou te jwenn li pi bon pou repoze nou kèk kesyon ke nou te poze tèt nou nan etid ki rele a **Jezi Kris se Bondye?** Tèlman de sijè yo sanble. Tou kòm etid ki rele a **Jezi Kris se Bondye?** Etid sa a li pat vrèman nesesè. Sa a se paske gen bagay ke vrè Pitit Bondye yo dwe konprann natirèlman e senpleman.

Kote li soti ke egzistans Papa Jezi Kris la vin yon problèm menm nan mitan bann swadizan kreyen yo? Poutan sijè sa a li si klè nan Bib la. **Kote li soti ke menm swadizan kreyen ka kwè e menm tante demontre ke Bib la fo?**

Kòm nou sot konstate'l, chak pati nan Bib la prouve nou ke Jezi Kris gen yon Papa, e chak liv nan Bib la prouve nou ke Jezi Kris gen yon Papa. Ale jis pou fè bann efò pou prouve a Pitit Bondye yo ke Jezi Kris Mèt yo a, Senyè yo a, Sovè yo a, Redanmtè yo a, Bèje yo a, Gid yo a, Boukliye yo a, Bondye yo a, ... sè bèl e byen Pitit Bondye kòm Li menm li soutni'l, se tou senpleman yon betiz. Donk si Jezi Kris pat gen Papa, si Jezi Kris pat gen Bondye, kisa ke Pitit Bondye yo t'ap ye?

Imajine nou yon sèl ti tan ke Jezi Kris swa jis yon mantè kan Li di nou ke Li gen yon Papa, e tante konprann konsekans bagay sa a. Kite'm eksplike nou sa sa sinyifi doktrin satanik ki di ke Jezi Kris pa gen Papa a. Doktrin sa a tou senpleman ap ansenye ak mond lan an nantye ke Bondye pat janm egziste, ke Bib la fo, e ke tout moun ki mouri yo depi bann jenerasyon pou Bondye ou pou Jezi Kris, yo tout mouri an ven. Men sa ke doktrin satanik sa a sinyifi.

2.46- Si Jezi Kris pa gen Papa

Mwen lanse'm pi wo a nan yon seri anafò pou ede nou pi byen konprann gravite doktrin satanik sa a selon li menm nan Jezi Kris pa ta gen Papa a. Se sa mwen pral eseye fè anba a. Abominasyon sa a se yon blasfèm ki gran menm jan ak sa ki nye Divinite Kris la.

Si Jezi Kris pa gen Papa, se ke tout moun ki kwè nan Li yo pou Sali yo, yo pèdi, paske y'ap kwè nan yon mantè, yon enpostè, ak yon malad mantal.

Si Jezi Kris pa gen Papa, se ke moun k'ap adore'l yo, yo tout se idolat, piske y'ap adore an fèt yon mantè, yon enpostè, ak yon malad mantal. E sa, se yon idolatri. Idolatri se yon peche ki kondwi tou dwat nan Lanfè. Moun k'ap swiv Jezi Kris yo donk yo tout pral nan Lanfè, selon doktrin demon sa a.

Si Jezi Kris pa gen Papa, se ke tout Bib la fo, piske l'ap ansenye, depi nan Ansyen Testaman an rive nan Nouvo Testaman a, ke Jezi Kris gen yon Papa.

Si Jezi Kris pa gen Papa, se ke Bondye se mantè, Li ki te di ke **Jezi Kris se Pitit Li renmen anpil la nan Li ke Li te mete tout afeksyon'l.**

Matye 3:16-17 "Dèske Jezi te fin batize, li te soti nan dlo a. E men, syèl yo te ouvè, e li te wè Lespri Bondye desann tankou yon pjon e vin sou li. ¹⁷E men,

*yon vwa te fè tande nan syèl yo pawòl sa yo: **Sila sa a se Pitit mwen renmen anpil la, nan li mwen te mete tout afeksyon'm.***

Si nou tante pou reekri vèsè sa a nan limyè doktrin demon yo ki di ke se Jezi Li menm ki se Sentespri a, men sa ke sa t'ap bay: "Dèske Jezi te fin batize, li te soti nan dlo a. E men, syèl yo te ouvè, e **Jezi** te wè **Jezi** desann tankou yon pijon sou **Jezi**." A nou menm pou konkli.

E se pa tout. Piske ni Bondye Papa a ni Sentespri a pa egziste selon doktrin demon sa yo, e ke se Jezi Li menm ki se a la fwa Bondye Papa a ak Sentespri a, nou wè isi a Jezi nan dlo a ap batize, nou wè syèl yo ouvè, e menm Jezi sa ap desann tankou yo pijon e vini sou Jezi. E nou tante egalman menm Jezi sa a ap pale nan syèl yo e di: *Sila sa a se Pitit mwen renmen anpil la, nan li mwen te mete tout afeksyon'm.*

Pou nou menm, swadizan kretyen, k'ap soutni doktrin lisifè sa a, e k'ap defann ke Jezi Kris pa gen Papa a e ta Li menm pròp Papa'L, nou te trè byen konprann kounye a gravite peche ke nou komèt la. **A nou menm pou repanti nou imedyatman si nou soti nan Bondye, ou pou nou kontinye, si nou se demon.**

Nou menm Pitit Bondye yo, nou di ke nou te bay Jezi lavi nou. Si Jezi Kris se yon enpostè, si Li pa sa ke nou te di ke Li ye a, se ke nou tout nou pèdi.

Nou menm Pitit Bondye, nou di ke nou te sove pa Jezi Kris, e ke menm Jezi Kris sa a ap viv nan nou. Si Jezi Kris se sèlman yon malad mantal, se ke non sèlman donk nou pa sove, men nou tout nou posede pa yon lespri yon moun fou.

Nou menm Pitit Bondye yo, nou di ke Jezi Kris ap retounen trè byento pou vin anlve nou. Si Jezi Kris sèlman yon mantè, pap gen Anlèvman. Donk yon senp mantè pa ka gen pouvwa ak pisans ase pou anlve nou.

M'ap profite opòtinite sa a pou ban nou yon eleman disèneman trè enpòtan, ki pral ede nou pou pa janm tonbe menm ankò nan pyèj ajan satan yo, bann sediktè sa yo ki degize yo an kretyen ou an sèvitè Bondye, pou detounen Pitit Bondye yo nan chemen lavi etènèl la.

Moun k'ap di ke Jezi Kris pa gen Papa yo, ka klase nan de gwoup: Moun ki posede ak demon sou fòm moun. Donk nou pap janm wè, mwen di byen **janmen**, yon vrè pitit Bondye, ap soutni ke Jezi Kris se sèlman yon mizerab enpostè, ki te pase tout tan'L sou tè a fè tèt li pase pou Pitit Bondye, alò ke an reyalyte Li ta Bondye Papa a, e menm Sentespri a, selon doktrin demon sa yo. Oken vrè pitit Bondye pa ka blasfèm konsa.

Jan de blasfèm sa a ka soti sèlman nan yon demon. Swa sila k'ap di sa a posede pa yon lespri sal k'ap sèvi avèk li pou blasfèm, swa li menm se yon demon. Sa ke nou dwe fè pou disè, se ba'l tou senpleman ansèyman sa a pou li. Si li pa yon demon, l'ap repanti li aprè lekti a. E si li se yon demon, l'ap kontinye. Li pap repanti li. Demon yo pap repanti yo. Demon yo se bann moun ki te fè fidelite a lisifè. Yo te chwazi Lanfè, e nou pa ka fè anyen kont sa. Men sa ke Bib la ansenye nou:

Matye 13:14-15 "E pou yo menm profesè Ezayi sa a akonpli: Nou pral tande nan zòrèy nou, e nou pap konprann menm; nou pral gade avèk je nou, e nou

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

pap wè menm. ¹⁵Donk kè pèp sa a te vin ensansib; yo te fe zòrèy yo di, e yo te fèmen je yo, pou yo ka pa wè avèk je yo, pou yo pa tande nan zòrèy yo, pou yo pa konprann nan kè yo, pou yo pa konvèti yo, e pou'm pa geri yo.

2.47- Avèk sa n'ap rekonèt demon yo

Nan seri rechèch sa a ak etid ke nou sot fè a, li fè parèt ladann kèlke lòt eleman disèneman, sa vle di kèlke pwen ki pral pèmèt nou pou rekonèt demon nan milye yo di ki se milye kretyen an.

Si nou rankontre bann swadizan **kretyen eklere** k'ap soutni ke Bib la gen plis ke 66 liv, ou mwens, konnen ke nou an afè avèk demon.

Si nou kontre bann swadizan **kretyen eklere** k'ap soutni ke Bondye mande yo pou fè yon nouvo vèsyon Bib, konnen ke nou an afè ak demon.

Si nou rankontre bann swadizan **kretyen eklere** k'ap soutni ke Jezi Kris pa Bondye, konnen ke nou an afè ak demon.

Si nou rankontre bann swadizan **kretyen eklere** k'ap soutni ke se Jezi Kris Li menm ki se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, konnen ke nou an afè ak demon.

Pouki sa kèk Kretyen kwè si fasilman ak tout bann foste sa yo ke ajan Lanfè yo ap ansenye nan jou nou yo? Se paske yo te abandone Bondye. An reyalyte, moun ki demere nan Bondye, e moun ke Lespri Bondye rete nan yo, pa prouve jeneralman okenn difikilte pou rekonèt Bondye, e pou konprann Li. Nou genyen sifizamman egzanp nan Bib la.

Moun ki pretann ke yo soti nan Bondye men k'ap konbat Li, yo tou senpleman pa soti nan Li. Donk moun ki reyèlman gen Lespri Bondye a pap janm konbat Bondye. Okenn vrè pitit Bondye pa ka pa byen konnen Kreyatè li a nan pwen pou blasfème tankou ajan satan sa yo ki dèyè fos doktrin sa a ke nou ap korije a.

Kite'm raple li yon fwa ankò, ak bon sans tout moun sa yo ki di yo se kretyen deja, e ki kwè ke Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.

Chè zanmi ki ankò nan jan de rezònman satanik sa a, reveye nou rapidman, e repanti nou. Doktrin nou an soti nan lisifè. Kòman yon kretyen ki kwè ke Jezi se Sovè limanite ka an menm tan, yon mantè, yon enpostè, e yon dezekilib mantal?

Nou menm vrè Pitit Bondye, kite pou moun deyò yo blasfèm yo, deba esteril yo ak diskisyon san anyen yo ki se pròp moun ki gen bon sans yo gate. Gen bann sijè ki pat dwe janm kreye ankò menm yon ti kras dout nan lespri kèk moun ki pretann yo kretyen. Tout sa ki nan Bib la konvenk nou egzistans Papa Mèt nou an Jezi Kris.

Ke se swa ansèyman ki rele **Jezi Kris se Bondye?** Ou ansèyman sa a, ki sa ki difisil pou konprann? Ki sa ki difisil pou ke gen yon deba ki pa ka fini an? Konnen ankò yon fwa deplis, ke se pitit satan yo ki jwenn mal pou konprann ou pou

aksepte pawòl Bondye. Pawòl Bondye a klè e trè fasil pou konprann pou Pitit Bondye yo, e pou tout moun ke Lespri Bondye rete nan yo.

Kòm nou ka konstate'l a travè rapò diferan rechèch yo ke nou te fè a, Jezi te pale de Papa ou de Papa'L plis pase 200 fwa nan Bib la. E menm ke moun yo te akize'L paske Li te rele Bondye Papa'L, Li pat nye'l. Jezi te pale de Bondye ou de Bondye'L plis pase 130 fwa nan Bib la. Apot yo ak lòt Disip yo te pale de Papa a ou de Bondye Papa plis pase 440 fwa nan Bib la, e tout te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye. Yo te deklare ke Jezi se Pitit Bondye omwens 110 fwa nan Bib la. Bondye Papa a, Anj Bondye yo, satan ak demon li yo, yo tout te deklare nan plizyè repriz, ke Jezi se Pitit Bondye.

Pa kont, Jezi pat janm deklare nan Bib la Li se Bondye papa, menm yon sèl fwa. E li pat non plis janm deklare Li se Sentespri a, menm yon sèl fwa. Apot yo ak lòt Disip yo non plis, pat janm deklare ke Jezi Kris se te pròp Papa'L ou Sentespri a; menm yon sèl fwa. Bondye Papa a, Anj Bondye yo, satan ak demon'l yo, pat janm deklare non plis, ***menm yon sèl fwa.*** Okenn nan yo, nan okenn okazyon, pat deklare ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentespri a.

Nou pa jwenn li etonan ke ***Jezi Kris swa Bondye Papa a, men ke Li pa mansyone menm yon sèl fwa nan tout Bib la?*** Nou pa jwenn li etonan ke ***Jezi Kris swa Sentespri a, men ke Li pa mansyone menm yon sèl fwa nan tout Bib la?*** A mwen byen si ke Li te inyoran de sa ke Li te ye, kòman li te fè ke tout lòt yo inyoran nan menm moman an? Bondye Papa a ta inyoran tou? Anj Bondye yo ta inyoran menm jan an tou? Satan ta li menm tou inyoran di fèt ke Jezi se an menm tan Bondye Papa ak Sentespri a? Demon'l ta inyore'l tou?

Mwen bezwen lòt prèv ankò pou konvenk nou ke se bann demon sou fòm moun k'ap soutni ke Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a? Nou panse vrèman ke sèpan sa yo konnen plis ke Jezi Li menm sa ke Jezi ta ye ou sa li pa ta ye? Kenbe sa nan lespri nou: ***"Kan ou ta pile ensanse a nan yon mòtye, nan mitan bann grenn avèk pilon, foli a pa tap separe avèk li."*** Provèb 27:22.

2.48- Ka genyen vrè Pitit Bondye nan sèk sa a?

Nou ka poze tèt nou kesyon pou konnen si yon vrè pitit Bondye ka retrouve li nan sèk satanik sa a, si wi kòman, e pouki sa. Repons lan se wi. Yon vrè pitit Bondye ka retrouve li nan sèk sa yo, e mwen pa tap etone ke genyen plizyè pitit Bondye nan mitan demon sa yo k'ap soutni blasfèm sa a. Kòman li posib?

Pou nou tout ki te kwè nan verite a ou nan vrè Levanjil la, nou mande tèt nou avèk rezon kòman yon moun nòmal ka kwè a jan blasfèm sa a ke okenn vèsè nan Bib la pa soutni. Men se pa ka kretyen sa yo ki te gen malè kwè nan mitan demon sa yo. Yo konnen sèlman doktrin sa a, avèk tout sediksyon yo k'al avèk li, san bliye anpil pawòl malefik ak degre ajan Lanfè yo fè sou yo, ki bay ak doktrin satanik sa a yon aparans bon sans pou nenpòt moun ki pa gen disèneman.

Jiskas ke etid sa fèt e ke nou demontre ke pa gen okenn vèsè nan Bib la ki soutni blasfèm sa a, kretyen sa yo te dakò ke te genyen anpil vèsè ki

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

te soutni doktrin yo a, paske demon yo ki detounen yo nan Bondye a, itilize plizyè vèsè, ke yo tòde sans yo, pou jistifye mansonj yo a. E kreyen inyoran sa yo kwè alò gen bann vèsè ki prouve ansèyman yo a. Se poutèt sa ke kan w'ap koze avèk yo, yo resite pou ou menm vèsè yo ke yo pran nan deyò kontèks yo, e ke sans yo detounen, kòm prèv doktrin yo a.

Se kounye a ke yo pral rann yo kont ke an fèt, pa gen okenn vèsè nan Bib la ki soutni blasfèm yo a. Se demonstrasyon ke Senyè a sot fè a a travè etid sa a ki pral ouvri je yo anfen. Se kounye a ke kreyen inyoran sa yo pral ka libere. Donk pa etone pou tout ajitasyon ki genyen nan kan satan depi ke nou te lanse nou nan etid sa a. Dèske youn nan group satanik sa yo k'ap fè kouri doktrin demon sa a te enfòmè pa youn nan kòlèg sèpan yo a, ke nou te kòmanse vle dekonstwi doktrin satanik yo, nan fè yon ansèyman pou mete'l a dispozisyon tout moun, panik te sezi pitit dyab sa yo. Nan konnen ke yo genyen doktrin satanik sa a kòm fon komès, yo konnen ke yon fwa mansonj yo a demonte, yo pa pral gen anyen pou yo di menm ankò. Yo konnen'l trè byen, e se poutèt sa ke yo kòmanse ap ajite yo. Yo totalman pèdi somèy.

Donk konnen ke li ka genyen kèk moun sensè nan mitan demon yo. Dayè se pou premye bi sa menm Senyè a te pèmèt nou fè etid sa a, ki te sanble se yon tan pèdi pou nou. Donk genyen kèk kaptif pou delivre, e yo pral libere pa ansèyman sa a nan non Jezi. Kounye a ke kesyon nou an reponn, kite'm devlope lòt pwèn sa yo ki pral delivre frè nou yo.

2.49- Lòt pwèn enpòtan pou konprann

Après tout demonstrasyon verite ke nou sot fè a a travè etid sa a nan bi pou sove Pitit Bondye yo ki pran nan pyèj fos doktrin sa a, Senyè a te revele'm kèk lòt pwèn enpòtan ke fòk yo absoliman byen eksplike, pou libere totalman Pitit Li yo. Se nosyon pliralite Bondye yo, imaj moun pa rapò avèk Bondye, e diferans ki genyen ant Jezi Kris ak lisifè.

Byen ke nosyon plizyè Bondye a te deja trete pi wo a, Senyè a te mete nan kè'm pou retounen sou li, nan devlope plizyè aspè, ki pral konplete ansèyman an. Nosyon sa a li si tèlman enpòtan ke pitit malen sa yo reyisi chak fwa akwoche yo avèk li pou trouble kèk lesprè fèb. Dèske ajan dyab lougawou sa yo pa konnen ki sa pou yo fè ankò menm pou fè pase mansonj yo, yo ale sou sanblite pliralite Bondye yo. Se feblès sa ke demon yo fè vibre chak fwa ke yo vle simen konfizyon nan lesprè moun mal kanpe yo ki tonbe nan pyèj koute yo.

Feblès pliralite Bondye a donk rete bonm ke ajan dyab lougawou sa yo kenbe e ke yo sèten ke chak fwa ke yo lache'l, tout moun k'ap koute yo pral trouble. Pa gras Bondye, nou pral ranvèse foterès sa a pa pawòl Bondye, e ede Pitit Bondye yo sezi yon fwa pou tout nosyon sa a, e tout imaj moun pa rapò a Bondye Papa a, e diferans ki genyen ant Jezi Kris ak lisifè.

Tou moun ki nan doktrin sa a pa inyorans, ak tout moun ki te deja koute doktrin sa a e ki konstaman kole pa pawòl malefik yo ou degre maji yo ke ajan dyab sa yo fè sou yo, pral delivre pa eksplikasyon sa yo ke mwen pral devlope a. An plis de tout prèv ke Senyè a sot akòde yo a a travè tout rechèch yo ke nou te fè a, eksplikasyon sa yo pral detwi totalman pisans avègleman an ke yo anchenen ladann lan.

2.50- Delivrans Pitit Bondye yo ki kwense nan sèk satanik sa a

Pou nou menm chè frè, ki nan doktrin satanik sa a pa inyorans, men yon eleman avèk li demon yo kenbe nou kaptif. Se nosyon Papa a ak Pitit la ki fè youn nan. Demon yo te eseye chak fwa pou di nou ke si Pitit la di ke Li nan Papa a e ke Papa a nan Li, sa vle di ke Pitit la Li menm se Papa a. Menm youn nan pasaj avèk li demon yo trouble nou:

Jan 14:7-11 *"Si nou te konnen'm, nou t'ap konn Papa'm. E kounye la a nou konnen'l, e nou te wè'l. ⁸Filip di'l: Senyè, montre nou Papa a, e sa ap sifi pou nou. ⁹Jezi di'l: Gen si lontan ke mwen avèk nou, e ou pat konnen'm, Filip! **Moun ki te wè'm te wè Papa a**; kòman ou di: montre nou Papa a? ¹⁰Ou pa kwè ke mwen nan Papa a, e ke Papa nan mwen? Pawòl mwen di nou yo, mwen pa di yo de mwen menm; e Papa a ki demere nan mwen an, se li ki fè zèv yo. ¹¹Kwè'm, mwen nan Papa a, e Papa a nan mwen; kwè omwens a koz zèv li yo."*

Ajan dyab lougawou yo tòde sans pasaj sa a, e di ke piske Jezi te di Filip ke moun ki wè'l te wè Papa a, sa vle di ke Jezi se Bondye Papa. Pa kite nou trouble pa sediksyon sa a, moun mwen renmen yo. Kite'm dekonstwi foli sa a pou nou. Kite'm prouve ke sajès Bondye ranvèse tout rezònman demon yo.

2.51- Moun se imaj Bondye

Genèz 1:26-27 *"Epi Bondye di: **Ann fè moun a imaj nou, selon resanblans nou**, e ke li domine sou pwason lanmè yo, sou zwazo syèl yo, sou bèt, sou tout latè, ak sou tout reptil k'ap ranpe sou latè. ²⁷**Bondye te kreye moun ak imaj li, li te kreye ak imaj Bondye**, li te kreye gason ak fanm."*

Nou te kreye ak imaj Bondye. Sa vle di an klè ke moun ki wè nou, gen yon ide de sa Bondye ye. Si donk nou, senpleman moun, se imaj Bondye, e ka prezante a moun ki wè nou yon imaj de vrè Bondye sa a, a konbyen pi gwo rezon sèl Pitit Bondye a, ki se imaj tout bon Bondye a? **Jezi Kris an tan ke sèl Pitit Bondye, se imaj tout bon Bondye** Donk li tou senpleman lojik e natirèl ke moun ki wè Jezi wè Papa a, san ke Jezi pa Papa a. Pitit satan yo pa konprann anyen paske yo gen lespri fènwa. *"Si Levanjil nou an vwale, li vwale pou moun k'ap peri yo; ⁴pou enkredil yo ke bondye syèk sa a te avegle entèlijans yo, pou yo ka pa wè briye esplandè Levanjil glwa Kris la, **ki se imaj Bondye.**"* **2Korentyen 4:3-4.**

Kite'm ban nou yon lòt prèv ke nou se imaj Bondye. Ann li pasaj sa a: **Genèz 18:1-33** *"Letènèl te parèt kote'l pami bwachèn Mamre yo, kòm li te chita nan pòt tant li a, pandan chalè jou a. ²Li te leve je'l, e te gade: e men, twa moun te kanpe tou prè li. Kan li te wè yo, li te kouri devan yo, depi pòt tant li a, e li te prostène li a tè. ³E di: Senyè, si mwen jwenn gras nan je'w, pa pase menm, mwen priye'w, lwen sèvitè'w. ⁴Pemèt yo pote enpe dlo, pou nou lave pye nou; e repoze nou anba pye bwa sa a. ... ¹³Letènèl di a Abraam: Pouki sa donk Sara te ri, padan li di: Eske vrèman ma gen yon pitit, mwen menm ki granmoun? ¹⁴Gen anyen ki ka etonan pou Letènèl? Nan tan fikse m'ap retounen kote'w, nan menm epòk sa a; e Sara pral gen yon pitit gason. ..."*

Kòm nou sot li'l nan pasaj Genèz 18 sa a, twa moun te rann Abraam vizit, pami yo Letènèl. Se pa nan sonj ke Abraam te resevwa Letènèl, se nan reyalite. E Abraam te resevwa moun ki te gen vrèman fòm e imaj moun tankou nou menm

avèk mwen ye. Li te resevwa yo tankou jan yo resevwa moun nòmal, nan propoze yo sa ke yo ta propoze a moun nòmal. Sa a se yon lòt prèv ke Bondye te kreye moun a imaj Li. Donk nou se imaj Bondye.

Mwen prèske sèten ke si mwen te mete'm devan frè yo jodi a e te di yo: "Gade'm. Si nou wè'm nou te wè Bondye", prèske tout ta eskandalize. Yo tap di sètènman mwen te pèdi tèt mwen, ou ke mwen te kite ògèy antre nan mwen. Poutan moun mwen renmen yo, menm si nou pa fè souvan deklarasyon konsa yo, fè li pa tap nan okenn ka yon blasfèm ou yon peche. Nou se imaj Bondye. E si nou pa ta konsidere tèt nou konsa, se ke gen aksyon ke nou pa tap janm poze. Men nou pap bliye ke nou se bann bondye kreye a imaj Bondye, e nou tonbe tankou nenpòt prens, e nou mouri tankou bann moun.

Si nou ta di donk jodi a a nenpòt moun ke li ta ye a si li wè nou li te wè Papa a, nou pa t'ap blasfèm. Jezi Kris Mèt nou an se imaj Bondye, e nou menm tou se imaj Bondye. Di'l ou afime'l pa t'ap ni pretansyon, ni ògèy. Bondye te byen e bèl kreye nou ak imaj Li. Sa pa fè nou Bondye Papa a poutan. E nou pap janm di ke nou se Bondye Papa a. Li se menm pou Jezi Kris. Moun ki wè'L te byen e bèl wè Bondye Papa a, piske Li se imaj Bondye Papa a. Men Li pa Bondye Papa a, e Li pat janm di ke Li se Bondye Papa a, piske Li konnen Li menm ke Li pa sa.

Kan ajan dyab lougawou yo mete yo pou tòde sans pasaj Jan 14:7-11 sa a, pou di ke piske Jezi te di Filip ke moun ki wè'L te wè Papa a, sa vle di Jezi se Bondye Papa a, **yo bliye ke nan menm pasaj sa a nan vèsè 10 ak 11, Jezi te presize ke Li pa Bondye Papa a, nan endike klèman ke Li nan Papa a, e ke Papa a nan Li.** Si Jezi se te Bondye Papa, Bondye Papa a pa ta nan Bondye Papa. Bondye Papa a pa ka nan Li menm. Bondye Papa a ka sèlman nan kèk lòt. Se parèy avèk Jezi ak nou. Jezi nan nou, e nou nan Li. Jezi pa nan Li menm. Lefèt ke Jezi nan nou pa fè nou Jezi.

Men kòman Senyè a nan sajès Li konfonn entelijans sèpan sa yo, ki kwè yo nan pozisyon pou konteste avèk Bondye. **Senyè a konfonn ajan dyab lougawou sa yo pa menm pasaj yo ke yo itilize yo kòm eleman pou soutni foli yo a.**

Ann li pasaj: **Jan 14:20 sa a** "*Nan jou sa a, n'ap konnen ke mwen nan Papa'm, ke nou nan mwen, e ke mwen nan nou.*" Si Jezi pandan Li nan Papa'L se Li menm ki Papa a, se ke pandan Li nan nou, Jezi se nou. E si Jezi pandan Li nan Papa'L se Li menm ki Papa'L, se ke pandan Li nan nou, nou se Jezi. Ann li lòt pasaj sa yo.

Jan 17:21 "*Pou ke yo tout ka youn, tankou'w, Papa, ou nan mwen, e tankou mwen nan ou, pou ke yo menm tou ka nan nou, pou ke mond lan kwè ke ou te voye'm.*" **Jan 17:23** "*Mwen nan yo, e ou nan mwen, -pou yo ka youn tout bon vre, e ke mond lan konnen ke ou te voye'm e ke ou te renmen yo tankou jan ou te renmen'm nan.*" Nou bezwen lòt prèv nan total konfizyon ajan dyab lougawou sa yo? Pou nou menm k'ap swiv yo ankò, repanti nou e kouri pou vipè sa yo!

2.52- Diferans ant Jezi Kris ak lisifè

Deja tout rechèch yo ke nou te fè yo yo sifizan pou ouvè je nou totalman sou mansonj ke nou te ladann nan. Men nou te jwenn li enpòtan pou ensiste sou lòt

eleman sa a ki pral afranchi nou totalman nan fos doktrin sa a, yon fwa pou tout. Sa ke nou dwe konprann, se pouki sa ke Pitit la gen anpil pwa nan je Papa a, pou Papa a si tèlman renmen' L konsa, pou gen jesyon total tout bagay Papa a genyen, nan pwen li konfonn li menm souvan avèk Papa a, pou moun ki pa konprann yo. Sa ki jistifye pozisyon predominan ke Pitit la genyen bò kote Bondye Papa a, se pa tèlman paske Li se Pitit, men a koz obeyisans total Li e tout bon nèt a Papa a. Se sa ke Papa a Li menm revele nou nan Ebre 1 ak Filipyen 2.

Ebre 1:9 "*Ou te renmen lajistis, e ou te rayi inikite; se poutèt sa, o Bondye, Bondye'w la te wenn ou avèk yon lwil lajwa sou tèt tout egal ou yo.*" Se paske Jezi **te renmen lajistis, e te rayi inikite**, ke Bondye Papa a **te wenn Li avèk yon lwil lajwa sou tèt tout egal Li yo.** "

Filipyen 2:5-11 "*Genyen nan nou santiman ki te nan Jezi Kris yo, ⁶li menm, nan egziste nan fòm Bondye, **pat janm gade li tankou yon viktim li menm ki egal avèk Bondye,** ⁷men li te depouye' l li menm, pandan li te pran yon fòm sèvitè, nan vini sanble a moun; ⁸e te parèt tankou yon senp moun, **li te imilye' l li menm, nan rann tèt li obeyisan jiskas ke' l mouri, menm jiskas ke' l mouri sou kwa a.** ⁹**Se poutèt sa** tou **Bondye leve' l byen wo, e te ba li non ki piwo pase tout non,** ¹⁰pou ke nan non Jezi tout jenou flechi nan syèl yo, sou tè a ak anba tè a, ¹¹e ke tout lang konfe ke Jezi Kris se Senyè, nan glwa Bondye Papa a."*

Sa a vle di ke si Jezi Kris te yon Pitit rebèl, Li pa t'ap janm genyen pozisyon sa a ke Li okipe a bò kote Papa a. Pa bliye ke se ògèy ki te mete lisifè nan plas ke li okipe jodi a. Nan ògèy li li te vle **gade li tankou yon viktim pou li egal avèk Bondye.** Nou konnen swit la. Bondye te pito imilye' l e te rabese' l. Alò ke Jezi nan imilyasyon' L te chwazi pou rekonèt Papa a, plas sèl vrè Bondye, e **pat janm gade tankou yon li viktim pou li egal avèk Bondye.** E pou sa, Bondye te leve' L byen wo, e te ba' l non ki sou tèt tout non. **Avèk eksplikasyon sa a, nou konprann pi fasilman, ke Pitit la se pa Papa a di tou. Se obeyisans total Pitit la a Papa ki te mete Pitit la nan plas chwa ke Li okipe a nan je Papa a.**

Dezyèm bagay enpòtan ke nou dwe konprann. Nan sa Bondye Papa a menm di, Jezi te gen bann egal. Se sa ke nou li nan **Ebre 1:9: "... Se poutèt sa, o Bondye, Bondye'w la te wenn ou avèk yon lwil lajwa sou tèt tout egal ou yo.**" Se toujou a koz obeyisans Li ak soumasyon' L tout bon a Bondye, e tou lanmou' L pou **lajistis, e èn Li pou inikite**, ke Papa a te plase' L sou tèt tout egal Li yo. Se konsa ke Jezi Kris Pitit Bondye a pa gen egal menm ankò. Li kounye a sou tèt tout bagay ak tout moun. Pawòl Bondye a trè klè sou sa. Bondye pat fè sa yon mistè menm, selon blag ajan dyab lougawou yo, ki vle konbat verite a nan pretann genyen yon mistè ke pèsonn lòt pat janm te genyen.

E si sèlman pa Pitit la ke nou dwe pase pou rive Jwenn Papa a, "*si pa gen Sali nan pyès lòt; donk pa genyen anba syèl la okenn lòt non ki te bay pami moun yo, pa li nou dwe sove*", kòm Bib la aprann nou nan Travay 4:12, se toujou pou menm rezon an. Pitit la te genyen konfyans Papa a pa obeyisans total Li ak soumasyon tout bon Li a a Bondye, e li vini sèl ki te ka sove nou, pa li menm sèl Sali a posib. Pa bliye non plis ke se volontèman ke Jezi Kris te chwazi souffri ak

mouri pou nou. Yo pat fòse'L. Bib la di nou nan **1Timote 2:5-6** ke Jezi Kris te bay tèt **Li menm** an ranson pou nou. *"Donk gen yon sèl Bondye, e tou yon sèl mediyatè ant Bondye ak moun, Jezi Kris moun, ⁶ki te bay tèt li li menm an ranson pou tout..."*

E si nou ka louwe ak adore Pitit la, san pou otan provoke jalouzi Papa a, se paske, Pitit la te jwenn pou obeyisans total ak soumisyon tout bon a Papa a, Papa a te soumèt Li tout bagay, e te remèt tout bagay nan men'L. **Louwe ak adore Pitit la donk se louwe ak adore Papa a, e sèvi Pitit la, se sèvi Papa a, alò ke Pitit la se pa Papa a. Bondye Papa a pap janm jalou pou wè nou ap louwe ak adore Pitit Li a.** Se dayè Li menm ki te vle'l konsa. Li te chwazi pou onore Pitit la, paske Pitit la te onore'L tou. 1Samyèl 2:30 *"... Donk m'ap onore moun ki onore'm, men moun ki meprize'm ap meprize'l."* Jezi te chwazi pou onore Papa a, e Li menm Li te onore pa Papa a, tandiske lisifè te chwazi meprize Papa a, e li menm te meprize pa Papa a.

Jezi Kris donk diferan a Bondye Papa a, tankou lisifè diferan tou a Bondye Papa a. Se sa ki fè ke youn nan yo konfonn avèk Papa a kan lòt la vini ennmè Papa a, se pozisyon ke yo chak te chwazi. Pandan ke Jezi te chwazi obeyisans ak soumisyon, lisifè te chwazi ògèy ak rivalite. Li te vle rivalize avèk Bondye. Pa bliye ke tankou Jezi, lisifè te genyen tou yon plas chwa nan je Papa a e t'ap jwi bann privilèj ki te atache avèk sa. Li te malerezman pèdi plas sa a a koz ògèy li. Donk konnen ke si se pat ògèy, rebelyon, ensoumisyon satan a Bondye, èn li pou **lajistis, ak lanmou'l pou inikite**, lisifè t'ap toujou nan plas li e t'ap jwi menm privilèj yo.

Lisifè t'ap jwi donk, li menm tou, tit Bondye. Men tankou Jezi, li te gen sou tèt li sèl vrè Bondye a, sa vle di Bondye Papa a. Pandan ke Jezi Kris Bondye te chwazi pou pa **gade tankou yon viktim retire pou li egal avèk Bondye, lisifè bondye te fè kontrè a.** Li te **gade tankou yon viktim retire pou li egal avèk Bondye.** Pou sa, Bondye Papa a te prouve'l ke an reyalite **pa gen plizyè Bondye**, e pap janm genyen'l. Bondye Papa a donk te lage'l anba, e li vin yon senp demon ki dezòmè ap tranble devan Jezi ki te otrefwa youn nan konpanyon'l yo.

Moun k'ap di ke si Jezi diferan a Bondye Papa a sa ta vin pou di ke gen plizyè Bondye jis gen lespri kòronpi. An reyalite, se pa Jezi Kris sèl ki t'ap jwi tit Bondye a. Lisifè tou t'ap jwi tit sa a, tankou tout moun ke Papa a te vle bay tit sa a. Men tout sila yo ki se Bondye ou ki se bann bondye, ou ki konsidere konsa, yo sa pa sèl volonte inik vrè Bondye a, Bondye Papa a. **Ajan lisifè yo dwe alò konprann ke menm papa yo dyab la t'ap jwi tit Bondye a tou tankou Jezi.** Poutan pat janm te gen plizyè Bondye. Te toujou genyen yon sèl vrè Bondye, Bondye tout la, e Papa tout.

Lisifè te pèdi tit li a ak glwa li a pandan chit li a, a koz ògèy li, rebelyon, dezobeyisans li, ak rivalite'l pa rapò avèk Bondye. Jezi Kris kote pa'L, te konsève tit Li a ak glwa li a a koz obeyisans total Li ak soumisyon tout bon li a Bondye. Se pou tèt sa ke Li se Bondye nou byen ke Li gen Papa'L. Mwen kwè ke eksplikasyon sa a pral delivre nou definitivman nan mansanj pitit dyab la yo ki te reyisi pou anbwouye nou pa pawòl malefik yo ou degre maji yo, nan pwen pou fè nou kwè nan yon doktrin abominab ki pa gen okenn sans.

Men sa ke Bib la di de satan: **Ezayi 14:10-15** *"Tout pran lapawòl pou di'w: Ou menm tou, ou san fòs tankou nou, ou vin sanble avèk nou! ¹¹Manyifisans ou a te desann nan sejou mò yo, avèk son lit yo; anba'w se yon kouch vè, e vè yo se kouvèti'w. ¹²Men'w tonbe sot nan syèl la, As briyan, pitit lorò a! Yo jete'w atè, ou menm, venkè nasyon yo! ¹³Ou te di nan kè'w: Mwen pral monte nan syèl, **mwen pral leve tròn mwen sou tèt zetwal Bondye yo**; mwen pral chita sou montay asanble a, nan bout septantriyon an; ¹⁴Mwen pral monte sou tèt vid yo, **mwen pral sanble a Trè Wo a**. ¹⁵Men yo te presipite'w nan sejou mò yo, nan profondè fòs la."*

Donk mwen pa janm pèmèt mwen moun mwen renmen yo, pou ansenye nou sa ke'm panse. Mwen ansenye nou sa ke Papa Jezi Kris ke kèk demon ap konteste a, revele'm. E revelasyon'm yo yo pa bann mistè ki pa ekri pyès kote nan Sent Bib la. Mwen pa bezwen fabrike yon nouvo bib nan bi pou bay moun yo manti e jistifye mansonj lan. M'ap ansenye doktrin Kris la ki fonde sou Sent Bib la. M'ap ansenye Sèn Doktrin nan, ke Papa Senyè nou an ak Mèt nou an Jezi Kris aprouve.

Mwen pa janm falsifye Pawòl Bondye a tankou jan ajan Lanfè yo fè a. Se poutèt sa ke mwen pa bezwen fè bann egzèsis difisil pou venk vrè Pitit Bondye yo. Papa Jezi Kris ke demon yo rejte a, fè travay sa a nan plas mwen. Mwen pat bezwen fè bann pak a lisifè pou jwenn ministè Apot mwen an, mwen te genyen'l nan men Jezi Kris sèl Pitit sèl Bondye vivan an. E Jezi Kris Mèt mwen Li menm rann temwanyaj de mwen. Se pa a mwen menm pou rekòmande'm bò kote Pitit Bondye yo, Senyè Jezi ki te voye'm nan, okipe'l de sa.

Tout moun ki siyen bann gran pak avèk lisifè pou gen yon ministè, pou yo pisan, pou anvoute moun e fè yo tonbe, e pou fè sanblan ap chase kòlèg demon yo a e demontre konsa pretandi pisans ke y'ap fè reklam yo genyen an, dwe konprann ke satan pa pral ka nan okenn ka rivalize avèk Bondye. Premye e sèl tantativ la te fè'l tonbe e aneyanti pou letènite.

Diferans sa a ke mwen sot eksplike nou an ant Jezi Kris ak lisifè, se menm nan ki genyen ant nou menm Pitit Bondye yo ak demon sou fòm moun yo, se ke pandan ke nou chwazi pou obeye a Papa a, yo menm yo prefere rebelyon an. Pandan ke nou soumèt nou totalman e tout bon vre a Bondye Papa a pa Jezi Senyè nou an ak Redanmtè nou an, demon sou fòm moun yo chwazi ensoumisyon, rivalite avèk Bondye, ak ògèy, tankou papa yo lisifè. Se poutèt sa ke pandan ke nou ap demontre pa ansèyman nou yo ke Bib la vrè, yo deplwaye tout zèl yo pou kreye bann doktrin nan demontre ke Bib la fo, e ke Bondye se mantè.

Donk an reyalite, n'ap fe zèv Papa nou Jezi Kris, kan y'ap fè zèv papa yo dyab la. N'ap swiv chemen Papa nou Jezi Kris, kan y'ap swiv chemen papa yo dyab la. Men moun mwen renmen yo, kle mistè ke Letènèl Bondye nou an ak Papa a sot ban nou. Ansèyman sa a pral libere nou totalman, e pou bon.

2.53- Konklizyon

Moun mwen renmen yo, konnen ke yo pat bezwen fè tout yon long ansèyman pou konfonn ajan Lanfè sa yo. Gen plizyè vèsè nan Bib la ki a yo menm sèl, yo sifi pou fè silans deba sa a yon fason defitiv. Mwen pral site youn nan vèsè sa

yo isi a. Se **Jan 8:14-18** ki di: ¹⁴*Jeszi te reponn yo: Menm ke mwen rann temwanyaj de mwen menm, temwanyaj mwen an vrè, donk mwen konnen kote'm soti e kote'm prale; men nou menm, nou pa konnen ki kote'm soti ni ki kote'm prale.* ¹⁵*N'ap jije selon moun; mwen, mwen pa jije pèsonn.* ¹⁶*E si mwen jije, jijman'm nan vrè, donk mwen pa sèl; men Papa a ki te voye'm nan li avèk mwen.* ¹⁷*Li ekri nan lwa nou an ke temwanyaj de moun vrè;* ¹⁸*mwen rann temwanyaj de mwen menm, e Papa a ki te voye'm nan rann temwanyaj de mwen."*

Nan vèsè Jan 8:14-18 sa a, Senyè a konfime ekriti yo, nan ke **temwanyaj de moun vrè**. E Li kontinye nan di ke temwanyaj Li a ak pa Papa'L la, fè **temwanyaj de moun**. Jezi Kris Pitit Bondye a, di isi a yon fason enkontestab, ke Papa'L ak Li fòme de moun diferan. Jezi Kris pa ka vle triche, nan dedouble'l, pou bay lenpresyon ke li benefisye de temwanyaj, alò ke li ta benefisye yon sèl. Nan nivo sa a sèlman, li klèman etabli ke **Jezi Kris se pa Bondye Papa a, e ke Jezi Kris byen diferan a Bondye Papa a. Sa a demontre pou moun k'ap doute de sa ankò, ke Jezi Kris se pa Bondye Papa a, e ke Li byen diferan a Bondye Papa a. Jezi Kris se tou senpleman Pitit Bondye, kòm Li te toujou ak di byen fò.**

Kounye a mwen santi'm totalman libere aprè'm fin mete ansèyman sa yo a dispozisyon nou ki pral afrachi nou yon fwa pou tout nan tout filè ke ajan Lanfè yo te pran nou, ak nan tout pyèj ke pitit pèdisyon yo te tann pou nou. **San moun yo ki malgre gras Bondye sa a pral kontinye rete nan mansonj lan, pral tonbe sou pròp tèt yo.** A Letènèl tout lame yo tout glwa nan non Jezi Kris sèl Pitit Bondye vivan an! Amen!

3- RECHÈCH

3.1- Premye Rechech: Jezi Pale de Papa Li

3.1.1- Entwodiksyon

Travay ke yo ban nou an, se travay pou pakouri Bib la pou chache nan tout pasaj landan yo Jezi te pale de Papa a ou de Papa li, san pa bliye pasaj landan yo moun yo te akize Jezi paske li te rele Bondye Papa li.

Anvan nou lanse nou nan rechèch sa a, nou tout nan menm andwa a pou poze nou kesyon sa yo: Poukisa etid sa a? Ki sa ki byen fonde rechèch sa a? A ki sa nonm de fwa kote Jezi te pale de Papa a ou de Papa li ap sèvi nou?

Moun mwen renmen nan Senyè a, kòm nou konnen li deja, kan satan vle simen dezòd nan travay Bondye a, li pa janm manke moun pou li pase pa yo pou fè li. Li genyen sifizamman ajan nan mond lan; e ajan sa yo dayè yo pi plis nan legliz yo ke vrè Pitit Bondye yo. Se sa ki jistifye fos doktrin nan reproduksyon an gran nonm ke n'ap sibi jounnen jodi a.

Gen kèk demon ki sedwi plizyè moun inyoran e mal kanpe, nan ansenye yo ke Jezi Kris pa gen Papa. Selon sepan sa yo, Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, Lespri Sen an. Plizyè swadizan kretyen kwè malerezman a blasfèm sa a, poutan yo gen aksè a Bib la.

Pito ke nou lanse nou nan vye diskisyon, e pito ke pou'n pase nan bann gwo demonstrasyon konvenk kretyen egare sa yo ki kite ras vipè sa yo vale yo, nou te chwazi solisyon pi senp lan, ki se kite Bib la pale Li menm. Nou te evite pou'n pa fè pyès komantè li ye a, e nou veye nou a nenpòt ki analiz ke li ye a. Nou te chwazi pou limite nou sèlman a lekti Bib la. Donk si pandan n'ap pakouri Bib la nou konstate ke Jezi te pale de Papa a ou de Papa li, demon sa yo pral prouve nou de ki Papa Jezi ap pale a.

Pou rann etid sa a fasil pou eksplwate e pou verifye, nou te jwenn li pi bon pou regwoupe vèsè ladan yo a genyen mo sa yo e/ou ekspresyon ke n'ap chache a, dabò pa chapit, answit total liv yo, anvan pou fè Total Final Bib la. Nou te anplis nan chak vèsè, te mete an **gra-e soulinye** tout mo e/ou ekspresyon ke n'ap chache a. **Total chak liv yo te bay nan kòmansman ak nan finisman sa a.**

Nan liv ladan yo nou te trouve mo e/ou ekspresyon ke n'ap chache yo se: **Matye, Mak, Lik, Jan, Travay Apot yo ak Apokalips.**

3.1.2- Liv Matye a: 44 fwa

Matye 5 (3 fwa)

Matye 5:16 "Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj **Papa** nou ki nan syèl la."

Matye 5:45 "Se konsa n'a tounen pitit **Papa** nou ki nan syèl la. Paske, li fè solèy la leve ni pou moun ki mekan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k'ap fè sa ki byen ni pou moun k'ap fè sa ki mal."

Matye 5:48 "Non, nou fèt pou nou bon nèt, menm jan Bondye **Papa** nou ki nan syèl la bon nèt."

Matye 6 (12fwa)

Matye 6:1 "Fè atansyon lè n'ap fè devwa nou pou Bondye pou nou pa fè l' yon jan pou fè moun wè. Lè nou fè l' konsa, **Papa** nou ki nan syèl la p'ap ban nou okenn rekonpans."

Matye 6:4 "Konsa, kado ou fè a rete yon sekre. **Papa** ou menm ki wè sa ou fè an sekre a va ba ou rekonpans ou."

Matye 6:6 "Men ou menm, lè w'ap lapriyè, antre nan chanm ou. Fèmen pòt ou. Lapriyè **Papa** ou ki la pou kont li avè ou. Konsa, **Papa** ou menm ki wè sa ou fè an sekre a, se li ki va ba ou rekonpans ou."

Matye 6:8 "Piga nou fè tankou moun sa yo. Paske, **Papa** nou tou konnen sa nou bezwen anvan menm nou mande li."

Matye 6:9 "Men ki jan pou nou lapriyè: **Papa** nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou."

Matye 6:14 "Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, **Papa** nou ki nan syèl la va padonnen nou tou."

Matye 6:15 "Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, **Papa** nou p'ap padonnen peche nou yo non plis."

Matye 6:18 "Konsa, moun p'ap wè si w'ap fè jèn. **Papa** ou ki la pou kont li avè ou, se li ase ki konn sa. Konsa, **Papa** ou menm ki wè sa ou fè an sekre a, se li ki va ba ou rekonpans ou."

Matye 6:26 "Gade zwazo k'ap vole nan syèl la: yo pa plante, yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, **Papa** nou ki nan syèl la ba yo manje. Eske nou pa vo pi plis pase zwazo yo?"

Matye 6:32 "Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo k'ap kouri dèyè yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon **Papa** nan syèl la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo."

Matye 7 (2 fwa)

Matye 7:11 "Si nou menm ki mekan jan nou mekan an, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande si **Papa** nou ki nan syèl la p'ap ban nou bon bagay lè nou mande li."

Matye 7:21 "Se pa tout moun k'ap plede di m': Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte **Papa m'** ki nan syèl la."

Matye 10 (4 fwa)

Matye 10:20 "Paske, se pa nou menm ki va pale, men se Lespri **Papa** nou an ki va mete pawòl nan bouch nou."

Matye 10:29 "Eske yo pa vann ti zwazo de pou senk kòb? Malgre sa, pa gen yon sèl ki tonbe atè san **Papa** nou pa konnen."

Matye 10:32 "Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m'a kanpe pou li devan Papa m' ki nan syèl la."

Matye 10:33 "Men tou, moun ki va kanpe devan lèzòm pou di li pa konnen m', mwen menm tou, m'a kanpe devan Papa m' ki nan syèl la, m'a di mwen pa konnen l'."

Matye 11 (5 fwa)

Matye 11:25 "Lè sa a, Jezi di: O Papa, ou menm ki mèt syèl la ak tè a, mwen di ou mèsè anpil dapre bagay ou te kache nan je gwo save ak moun lespri yo ou devwale yo bay ti piti yo."

Matye 11:26 "Wi, Papa mwen, sa pase konsa paske se konsa ou te vle li."

Matye 11:27 "Papa m' renmèt mwen tout bagay. Pèsonn pa konn kilès moun Pitit la ye, esepite Papa a. Konsa tou, pèsonn pa konn kilès moun Papa a ye, esepite Pitit la, ak moun Pitit la vle fè konnen li."

Matye 12 (1 fwa)

Matye 12:50 "Tout moun ki fè sa Papa m' ki nan syèl la mande pou yo fè, se moun sa yo ki frè m', ki sè m', ki manman m'."

Matye 13 (1 fwa)

Matye 13:43 "Men, lè sa a, moun ki te mache dwat devan Bondye yo va klere tankou solèy nan peyi Papa yo ki Wa a. Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande. Parabòl ja lajan an."

Matye 15 (1 fwa)

Matye 15:13 "Jezi reponn yo: Si se pa Papa m' nan syèl la ki plante yon plant, yo gen pou yo derasinen li."

Matye 16 (2 fwa)

Matye 16:17 "Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa a. Men, se Papa m' ki nan syèl la ki fè sa pou ou."

Matye 16:27 "Konprann sa byen, Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' tounen ak zanj li yo, nan tout bèl pouvwa Papa l' la. Lè sa a, li va bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè."

Matye 18 (4 fwa)

Matye 18:10 "Atansyon: Piga nou meprize yon sèl nan ti piti sa yo. Paske m'ap di nou sa: zanj gadyen yo ki nan syèl la, se tout tan yo la devan Papa m' ki nan syèl la."

Matye 18:14 "Konsa tou, Papa nou ki nan syèl la pa ta renmen wè yon sèl nan ti piti sa yo rive pèdi."

Matye 18:19 "Men sa m'ap di nou ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va ba yo li."

Matye 18:35 "Se konsa Papa m' ki anwo nan syèl la va aji ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak tout kè nou."

Matye 20 (1 fwa)

Matye 20:23 "Jezi reponn yo: Se vre. N'a bwè nan gode m' lan. Men, kanta pou chita sou bò dwat osinon sou bò gòch mwen an, se pa mwen ki bay sa. Plas sa yo, Papa m' rezève yo pou moun li vle."

Matye 23 (1 fwa)

Matye 23:9 "Pa rele pèsounn sou latè papa, paske nou gen yon sèl Papa: sa ki nan syèl la."

Matye 24 (1 fwa)

Matye 24:36 "Men, pèsounn pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a konn sa."

Matye 25 (1 fwa)

Matye 25:34 "Aprè sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m', vin pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye t'ap kreye lemond lan."

Matye 26 (4 fwa)

Matye 26:29 "M'ap di nou sa: Depi jòdi a, mwen p'ap janm bwè diven ankò jouk jou m'a bwè yon lòt diven ansanm ak nou nan peyi kote Papa m' wa a."

Matye 26:39 "Li al yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè konsa: O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a."

Matye 26:42 "Li kite yo, li ale yon dezyèm fwa. Li lapriyè konsa: O Papa m', si se pou m' bwè gode soufrans sa a anvan pou ou wete l' devan je m', ou mèt fè l' jan ou vle a."

Matye 26:53 "Ou pa konnen mwen ta ka rele Papa m' vin ede mwen. Menm lè a, li ta voye depase douz lame zanj ban mwen."

Matye 28 (1 fwa)

Matye 28:19 "Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a."

Total nan Matye = 44 fwa

Nan liv Matye a, Jezi te pale dirèkteman sou Papa a oswa Papa'l omwen **44 fwa**.

3.1.3 - Liv Mak: 5 fwa

Mak 8 (1 fwa)

Mak 8:38 "Si yon moun wont di se moun mwen li ye, si li wont pale pawòl mwen nan mitan bann moun alèkile yo ki vire do bay Bondye pou viv nan peche, enben, mwen menm tou, Moun Bondye voye nan lachè a, lè m'a tounen avèk zanj

Bondye yo nan tout bèl pouvwa **Papa m'** lan, m'a wont pran li pou moun pa m' tou."

Mak 11 (2 fwa)

Mak 11:25 "Lè nou kanpe poun lapriyè, si nou gen yon moun nan kè nou, padonnen l', pou **Papa** nou ki nan syèl la ka padonnen peche nou yo tou."

Mak 11:26 "Men, si nou pa padonnen lòt moun yo, **Papa** nou ki nan syèl la p'ap padonnen peche nou yo tou."

Mak 13 (1 fwa)

Mak 13:32 "Pèsonn pa konnen ni ki jou ni ki lè bagay sa yo ap rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl **Papa** a ki konn sa."

Mak 14 (1 fwa)

Mak 14:36 "Li t'ap di: -O! **Papa mwen**, nanpwen anyen ou pa kapab fè. Tanpri souple, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, fè sa ou menm ou vle a. Pa fè sa mwen menm mwen ta vle a."

Total nan Mak = 5 fwa

Nan liv Mak la, Jezi te pale dirèkteman de Papa a oswa Papa Li omwen **5 fwa**.

3.1.4- Liv Lik: 17 fwa

Lik 2 (1 fwa)

Lik 2:49 "Jezi di yo: Poukisa pou n'ap chache m' konsa? Nou pa t' konnen fòk mwen okipe zafè **papa mwen**?"

Lik 6 (1 fwa)

Lik 6:36 "Se pou nou gen kè sansib menm jan Bondye, **Papa** nou, gen kè sansib."

Lik 9 (1 fwa)

Lik 9:26 "Si yon moun wont di se moun mwen li ye, si li wont pale pawòl mwen, enben, mwen menm tou, Moun Bondye voye nan lachè a, lè m'a tounen nan tout pouvwa m' ak tout bèl pouvwa **Papa m'**, nan mitan lame zanj li yo, m'a wont pran li pou moun pa m' tou."

Lik 10 (5 fwa)

Lik 10:21 "Lè sa a, Sentespri a te fè kè Jezi kontan anpil. Jezi di konsa: O **Papa**, ou menm ki mèl syèl la ak tè a, mwen di ou mèsè anpil dapre ou pran bagay ou te kache nan je gwo save ak moun lespri yo ou devwale yo bay ti piti yo. Wi, **Papa mwen**, sa pase konsa paske se konsa ou te vle li."

Lik 10:22 "**Papa m'** renmèt tout bagay nan men mwen. Pèsonn pa konn kilès moun Pitit la ye, esepte **Papa** a; pèsonn pa konn kilès moun **Papa** a ye, esepte Pitit la, ak moun Pitit la vle fè konnen li."

Lik 11 (2 fwa)

Lik 11:2 "Jezi di yo: Lè n'ap lapriyè, men sa pou n' di: Papa, nou mande pou non ou toujou respekte. vin tabli gouvènman ou lan."

Lik 11:13 "Si nou menm ki mechan jan nou mechan an, nou konn bay pitit nou bon bagay, se pa Papa nou ki nan syèl la ki pou ta refize ban nou Sentespri l', lè nou mande l' li."

Lik 12 (2 fwa)

Lik 12:30 "Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon sou latè yo k'ap chache yo tout tan san rete. Men nou menm, nou gen yon Papa ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo."

Lik 12:32 "Nou pa bezwen pè, nou menm ti bann mouton yo, paske se tout plezi Papa nou pou l' ban nou peyi kote Bondye Wa a."

Lik 22 (2 fwa)

Lik 22:29 "Se poutèt sa, menm jan Papa a te ban m' dwa pou m' gouvènen nan peyi kote li wa a, mwen menm tou, m'ap ban nou dwa sa a."

Lik 22:42 "Li di: Papa, si ou vle, tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se pa volonte m' ki pou fèt, se volonte pa ou."

Lik 23 (2 fwa)

Lik 23:34 "Jezi di: Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè. Sòlda yo tire osò pou separe rad li yo."

Lik 23:46 "Jezi rele byen fò, li di: Papa, m'ap renmèt lespri mwen nan men ou. Apre l' fin di pawòl sa yo, li mouri."

Lik 24 (1 fwa)

Lik 24:49 "Mwen menm, m'apral voye ban nou sa Papa m' te pwomèt la. Nou menm, rete lavil Jerizalèm jouk pouvwa k'ap soti anwo nan syèl la va desann sou nou."

Total nan Lik = 17 fwa

Nan liv Lik la, Jezi te pale dirèkteman sou Papa a oswa Papa Li omwen **17 fwa**.

3.1.5- Liv Jan an: 116 fwa**Jan 2 (1 fwa)**

Jan 2:16 "Li di moun ki t'ap vann pijon yo: Wete sa la. Pa fè kay Papa m' lan tounen yon boutik kote yo fè komès."

Jan 4 (3 fwa)

Jan 4:21 "Jezi reponn li: Madanm, ou mèt kwè mwen. Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni lavil Jerizalèm pou n' sèvi Papa a."

Jan 4:23 "Men, lè a ap rive, li rive deja: tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi **Papa** a nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa **Papa** a vle pou sèvi li."

Jan 5 (16 fwa)

Jan 5:17 "Men, Jezi reponn yo: Se tout tan **Papa m'** ap travay. Mwen menm tou, m'ap travay."

Jan 5:18 "Poutèt pawòl sa a, jwif yo t'ap chache pi rèd atò pou yo te touye l'. Li pa t' sèlman fè bagay ki kont lalwa repo a, men li te di yo **Bondye se papa li**. Lè l' di sa, li te fè tèt li pase pou menm moun ak Bondye."

Jan 5:19 "Lè sa a, Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Pitit Bondye a pa fè anyen pou kò li. Sa l' wè **Papa** a fè, se sa l' fè tou. Tout sa **Papa** a ap fè, Pitit la fè l' tou."

Jan 5:20 "**Papa** a renmen Pitit la, li moutre l' tout sa li menm l'ap fè. Li gen pou l' moutre l' fè bagay ki pi ekstwaòdinè pase sa. Lè sa a, nou p'ap manke sezi."

Jan 5:21 "**Papa** a fè moun mouri leve, li ba yo lavi ankò. Konsa tou, Pitit la bay moun li vle lavi."

Jan 5:22 "**Papa** a pa jije pèsonn, men li bay Pitit la tout pouvwa pou jije."

Jan 5:23 "Konsa, tout moun va gen respè pou Pitit la, menm jan yo gen respè pou **Papa** a. Moun ki pa respekte Pitit la, li pa gen respè pou **Papa** ki voye l' la non plis."

Jan 5:26 "**Papa** a gen pouvwa pou l' bay lavi. Konsa tou, li bay Pitit la pouvwa pou bay lavi tou."

Jan 5:30 "Mwen pa kapab fè anyen pou kò mwen. M'ap jije dapre sa Bondye di mwen. Jijman mwen bon paske sa m'ap chache fè a se pa sa m' vle, men sa **Papa'm** ki voye m' lan vle."

Jan 5:36 "Men, pou mwen menm, mwen gen yon lòt bagay ki pale an favè m' ki pi bon toujou pase sa Jan te di sou mwen an. Se travay m'ap fè a, travay **Papa m'** ban m' fè a ki pale pou mwen. Sa fè wè se **Papa** a ki voye mwen."

Jan 5:37 "**Papa** ki voye m' lan, li menm tou l'ap pale an favè mwen. Nou pa janm tandè vwa l', ni nou pa janm wè figi li."

Jan 5:43 "Se **Papa m'** ki voye mwen. Men, nou pa vle resevwa mwen. Men, kite yon lòt moun vin pou kont li, n'ap resevwa li."

Jan 5:45 "Pa mete nan tèt nou mwen pral akize nou devan **Papa mwen**. Se Moyiz ki pral akize nou, Moyiz nou di ki tout espwa nou an."

Jan 6 (12 fwa)

Jan 6:27 "Pa travay pou manje k'ap gate! Travay pito pou manje k'ap konsève, manje k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an. Kalite manje sa a, se Moun Bondye voye nan lachè a ki va ban nou l', paske se pou sa Bondye **Papa** a voye li."

Jan 6:32 "Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moyiz pa t' ban nou pen ki soti nan syèl la. Men, se **Papa m'** k'ap ban nou pen ki soti nan syèl tout bon an."

Jan 6:37 "Tout moun **Papa** a ban mwen, gen pou vin jwenn mwen. Mwen p'ap janm mete moun ki vin jwenn mwen yo deyò."

Jan 6:39 "Men sa **Papa** a ki voye m' lan vle: li vle pou m' pa pèdi yonn nan moun li ban mwen yo, men pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a."

Jan 6:40 "Men sa **Papa m'** vle: Tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Mwen gen pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a."

Jan 6:44 "Pèsonn pa ka vin jwenn mwen si **Papa** ki voye m' lan pa rele l' vini. Mwen menm, m'a fè l' leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a."

Jan 6:45 "Se sa ki ekri nan liv pwofèt yo: Bondye menm ap moutre yo tout bagay. Tout moun ki koute **Papa** a, ki asepte tou sa l' moutre yo, y'ap vin jwenn mwen."

Jan 6:46 "Sa pa vle di gen pèsonn ki janm wè **Papa** a. Sèl moun ki wè **Papa** a, se moun ki soti bò kote Bondye ye a."

Jan 6:57 "**Papa** ki voye m' lan, li vivan. Se **Papa** a ki ban m' lavi. Konsa tou, moun ki manje m', m'a ba yo lavi."

Jan 6:65 "Li di ankò: Se poutèt sa mwen te di nou: pèsonn pa ka vin jwenn mwen si se pa Bondye **Papa** a ki fè sa pou li."

Jan 8 (11 fwa)

Jan 8:16 "Mentou, si yon lè mwen gen pou m' jije, m'ap jije byen dapre verite a, paske mwen p'ap jije pou kont mwen. **Papa** ki voye m' lan ap la avèk mwen."

Jan 8:18 "Mwen sèvi temwen pou tèt pa m'; **Papa** a ki voye m' lan sèvi m' temwen tou."

Jan 8:19 "Yo mande li: Kote **papa** ou? Jezi reponn yo: Nou pa konnen mwen, nou pa konn **Papa mwen**. Si nou te konnen m', nou ta konnen **Papa m'** tou."

Jan 8:28 "Jezi di yo ankò: Lè n'a leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo, n'a konnen se mwen menm ki li menm. Lè sa a, n'a konnen mwen pa fè anyen pou kont mwen. Se sèlman sa **Papa** a moutre m' mwen di."

Jan 8:29 "Moun ki voye m' lan la avèk mwen. **Papa** a pa kite m' pou kont mwen paske mwen toujou fè sak fè l' plezi."

Jan 8:38 "M'ap di nou sa **Papa m'** moutre mwen. Men nou menm, n'ap fè sa papa nou di nou fè."

Jan 8:42 "Jezi di yo: Si Bondye te **papa** nou vre, nou ta renmen mwen. Paske, mwen soti bò kot Bondye. Se li menm ki voye m' isit la. Mwen pa vini pou kont mwen. Se li menm menm ki voye mwen."

Jan 8:49 "Jezi di yo: Mwen pa gen okenn move lespri sou mwen. M'ap fè respè Papa mwen. Men nou menm, se derespekte n'ap derespekte mwen."

Jan 8:54 "Jezi reponn yo: Si m' t'ap fè lwanj tèt mwen, lwanj sa a pa ta vo anyen. Moun k'ap fè lwanj mwen se Papa m', moun nou pretann di ki Bondye nou an."

Jan 10 (13 fwa)

Jan 10:15 "Mwen menm, mwen se gadò mouton yo. Papa a konnen m', mwen konn Papa a. Konsa tou, mwen konnen mouton m' yo. Yo menm tou yo konnen mwen."

Jan 10:17 "Papa a renmen m', paske m'ap bay lavi m' pou m' ka resevwa l' ankò."

Jan 10:18 "Pènonn pa ka wete lavi m', se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m' bay li, mwen gen pouvwa pou m' resevwa l' ankò. Se sa menm Papa a te ban m' lòd fè."

Jan 10:25 "Jezi reponn yo: Mwen deja di nou sa, nou pa vle kwè mwen. Bagay m'ap fè yo, se avèk otorite Papa m' m'ap fè yo. Yo pale pou mwen."

Jan 10:29 "Sa Papa m' ban mwen an pi gran pase tout. Pèsonn pa ka rache anyen ki nan men Papa a."

Jan 10:30 "Mwen menm ak Papa m', nou fè yon sèl."

Jan 10:32 "Lè sa a, Jezi di yo: Avèk pouvwa Papa a mwen fè anpil bon bagay nan mitan nou. Manyè di m' pou kilès ladan yo nou vle touye m' ak kout wòch la?"

Jan 10:36 "Mwen menm menm, se Papa a ki te mete m' apa pou li, se li ki voye m' sou latè. Ki jan nou ka di m'ap pale Bondye mal lè m' di se pitit Bondye mwen ye?"

Jan 10:37 "Si m' pa fè travay Papa m' ban m' fè a, nou pa bezwen kwè mwen."

Jan 10:38 "Men, si mwen fè l', menm si nou pa ta vle kwè nan mwen, omwens kwè nan travay m'ap fè a. Konsa, nou ta tou konnen Papa a nan mwen, mwen nan Papa a."

Jan 11 (1 fwa)

Jan 11:41 "Se konsa, yo wete wòch la. Jezi leve je l' anlè nan syèl la, li di: Mèsi, Papa, dèske ou te tande mwen."

Jan 12 (5 fwa)

Jan 12:26 "Si yon moun ap sèvi m', se pou l' swiv mwen tou. Konsa, tout kote m'a ye, sèvitè mwen va la tou. Papa m' va leve tèt tout moun k'ap sèvi mwen."

Jan 12:27 "Men koulye a, kè m' boulvèse. Mwen pa konn sa pou m' di. Mwen ta di: Papa, delivre m' anba sa ki pral rive koulye a. Men, se pou sa menm mwen vini, pou m' pase tan soufrans sa a."

Jan 12:28 "Papa o, fè wè pouvwa ou non! Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Mwen fè wè pouvwa non mwen deja. M'ap fè wè l' ankò."

Jan 12:49 "Se pa pawòl pa m' m'ap pale la a. Men, Papa ki voye m' lan, se li menm ki ban m' lòd sa pou m' di ak sa pou m' pale."

Jan 12:50 "Mwen menm, mwen konnen tout kòmandman l' yo bay lavi ki p'ap janm fini an. Se sak fè sa m'ap di a, m'ap di l' jan Papa m' te ban m' lòd la."

Jan 14 (22 fwa)

Jan 14:2 "Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta di nou sa."

Jan 14:6 "Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsoun pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen."

Jan 14:7 "Si nou konnen m', n'a konn Papa m' tou. Men, depi koulye a nou konnen l', nou wè l' tou."

Jan 14:9 "Jezi reponn li: Depi tout tan sa a mwen la avè nou, Filip, ou poko konnen m' toujou? Moun ki wè m', li wè Papa a. Ki jan ou ka fè di: Moutre m' Papa a?"

Jan 14:10 "Gen lè ou pa kwè mwen nan Papa a? Ou pa kwè Papa a nan mwen tou? Tout pawòl mwen di nou yo, se pa nan mwen yo soti. Papa a ki fè yonn ak mwen an, se li menm k'ap fè travay li."

Jan 14:11 "Se pou nou kwè m' lè m' di nou: Mwen nan Papa a, Papa a nan mwen tou. Osinon, se pou nou kwè akòz sa m'ap fè a."

Jan 14:12 "Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou l' fè tou sa m'ap fè a. La menm rive fè pi gwo bagay toujou, paske mwen pral jwenn Papa a."

Jan 14:13 "Tou sa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a."

Jan 14:16 "M'ap mande Papa a pou l' ban nou yon lòt moun pou ankouraje nou, pou li ka toujou la avèk nou, se Sentespri k'ap moutre nou verite a."

Jan 14:20 "Lè jou sa a va rive, n'a konnen mwen nan Papa a, nou menm nou nan mwen, epi mwen menm mwen nan nou."

Jan 14:21 "Moun ki asepte kòmandman m' yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. Papa m' va renmen moun ki renmen mwen. Mwen menm tou, m'a renmen l', epi m'a fè l' wè mwen."

Jan 14:23 "Jezi reponn li: Moun ki renmen m', se li menm ki va fè tou sa m' di l' fè. Papa m' va renmen l' tou. Li va vin jwenn li ansanm avè m', n'a viv nan li."

Jan 14:24 "Moun ki pa renmen m', li p'ap fè tou sa m' di l' fè. Tou sa nou tande m'ap di a, se pa nan mwen yo soti, men se nan Papa m' ki voye m' lan yo soti."

Jan 14:26 "Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri. Se **Papa m'** k'ap voye l' nan non mwen. Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa m' te di nou."

Jan 14:28 "Nou tandè m' di nou: Mwen prale, men m'ap tounen vin jwenn nou. Si nou te renmen m', nou ta kontan konnen mwen pral jwenn **Papa** a, paske **Papa** a gen plis pouvwa pase mwen."

Jan 14:31 "Men, se pou tout moun sou latè konnen mwen renmen **Papa m'**. Wi, fòk yo konnen m'ap fè sa **Papa m'** te ban m' lòd fè a. Leve non. Ann sot isit la."

Jan 15 (10 fwa)

Jan 15:1 "Mwen se pye rezen tout bon an. **Papa m'** se moun k'ap okipe pye rezen an."

Jan 15:8 "Men ki jan pouvwa **Papa m'** lan va parèt aklè: se lè nou donnen anpil, lè nou fè wè se disip mwen nou ye."

Jan 15:9 "Jan **Papa** a renmen m' lan, se konsa mwen renmen nou tou. Nou menm, se pou nou renmen menm jan mwen renmen nou an."

Jan 15:10 "Si nou fè tou sa mwen ban nou lòd fè a, n'a renmen m' tou menm jan mwen renmen nou an. Menm jan mwen menm, mwen fè tou sa **Papa** a te ban m' lòd fè a, mwen renmen l' menm jan li renmen m' tou."

Jan 15:15 "Mwen p'ap rele nou domestik, paske yon domestik pa konnen sa mèl li ap fè. M'ap rele nou zanmi paske mwen fè nou konnen tout sa **Papa** a te moutre mwen."

Jan 15:16 "Se pa nou ki chwazi m', se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n'ale, pou n' ka donnen, pou donn nou ka konsève. Konsa, **Papa** a va ban nou nenpòt kisa n'a mande nan non mwen."

Jan 15:23 "Moun ki rayi m', li rayi **Papa m'** tou."

Jan 15:24 "Si m' pa t' fè bagay okenn lòt moun pa t' janm fè nan mitan yo, yo pa ta antò, yo pa ta fè peche. Men, koulè a yo wè sa m' fè, yo rayi ni mwen ni **Papa mwen**."

Jan 15:26 "Moun ki gen pou ankouraje nou an ap vini, se Lespri k'ap moutre nou verite a, se nan **Papa** a li soti. **Papa** a ap ban mwen l' pou m' voye ban nou, la pale nou sou mwen."

Jan 16 (11 fwa)

Jan 16:3 "Y'ap fè tou sa paske yo pa konnen ni **Papa** a ni mwen menm."

Jan 16:10 "Yo nan lerè sou keksyon sa ki dwat devan Bondye, paske mwen pral jwenn **Papa** a, nou p'ap wè m' ankò."

Jan 16:15 "Tou sa ki pou **Papa** a se pou mwen yo ye tou. Se poutèt sa mwen di nou la pran sa ki pou mwen pou l' fè nou konnen yo."

Jan 16:16 "Talè konsa nou p'ap wè m'; talè konsa n'a wè m' ankò. Paske'm pral jwenn **Papa** a"

Jan 16:23 "Jou sa a, nou p'ap poze m' keksyon sou anyen. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: nenpòt bagay nou mande **Papa** a nan non mwen, la ban nou li."

Jan 16:25 "Mwen di nou tout sa an parabòl. Yon lè, mwen p'ap bezwen pale an parabòl ak nou ankò, men m'ap pale nou kareman sou **Papa** a."

Jan 16:26 "Jou sa a, n'a mande sa nou vle nan non mwen, mwen pap di m'ap lapriyè **Papa** a pou nou,"

Jan 16:27 "paske **Papa** a li menm, li renmen nou. Li renmen nou paske nou renmen m', paske nou kwè mwen soti nan Bondye."

Jan 16:28 "Mwen soti nan **Papa** a, mwen vin sou latè. Koulye a, m'ap wete kò m' sou latè a, mwen pral jwenn **Papa** a."

Jan 16:32 "Gade, lè a ap rive, li rive deja, kote nou pral gaye, chak moun pral kouri bò pa yo: nou pral kite m' pou kont mwen. Men, mwen pa pou kont mwen, paske **Papa** a la avèk mwen."

Jan 17 (6 fwa)

Jan 17:1 "Aprè Jezi fin pale konsa, li leve je l' anlè nan syèl la, li di: O **Papa**, lè a rive. Fè yo wè bèl pouvwa Pitit la, pou Pitit la ka fè yo wè bèl pouvwa ou la tou."

Jan 17:5 "Koulye a, **Papa**, ban mwen bèl pouvwa devan je ou, menm pouvwa mwen te genyen lè m' te avè ou la depi anvan ou te kreye tout bagay."

Jan 17:11 "Mwen pa nan lemonn lan ankò. Men yo menm, yo nan lemonn lan toujou. Mwen menm, m'ap vin jwenn ou. **Papa**, ou menm ki apa, pwoteje yo pa pouvwa non ou, menm non ou te ban mwen an, pou yo ka fè yon sèl menm jan ou fè yon sèl avèk mwen."

Jan 17:21 "M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. **Papa**, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemonn yo ka kwè se ou ki te voye mwen."

Jan 17:24 "**Papa**, se ou ki te ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè m' kote m' prale a, pou yo ka wè pouvwa mwen, pouvwa ou te ban mwen an, paske ou te renmen m' depi lontan anvan ou te kreye tout bagay."

Jan 17:25 "O **Papa**, ou menm ki fè tout bagay byen, moun ki nan lemonn yo pa konnen ou. Men mwen menm, mwen konnen ou. Moun sa yo konnen se ou ki te voye mwen."

Jan 18 (1 fwa)

Jan 18:11 "Men, Jezi di Pyè konsa: Mete nepe ou la nan djenn li. Èske se pa pou m' bwè gode soufrans **Papa** a ban m' bwè a?"

Jan 20 (4 fwa)

Jan 20:17 "Jezi di li: Pa manyen m'! Mwen poko moute al jwennm Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo, di yo m'ap moute bò kot Papa m' ki papa nou tou, m'ap moute bò kot Bondye m' ki Bondye nou tou."

Jan 20:21 "Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou."

Total nan Jan = 116 fwa

Nan liv Jan an, Jezi te pale dirèkteman de Papa a oswa Papa L' omwen **116 fwa**.

3.1.6- Liv Travay la: 1 fwa

Travay 1:7 "Jezi reponn yo: Nou pa bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki fikse dat la li menm, pou kont li."

Total nan Travay = 1 fwa

Nan liv Travay la, Jezi te pale dirèkteman sou Papa a oswa Papa L' omwen **1 fwa**.

3.1.7- Liv Revelasyon: 3 fwa**Revelasyon 2 (1 fwa)**

Revelasyon 2:27 "menm jan Papa m' te ban m' pouvwa sa a tou. Y'a gouvènè nasyon yo ak yon baton fè, y'a kraze yo an miyèt moso tankou yon kannari yo kraze."

Revelasyon 3 (2 fwa)

Revelasyon 3:5 "Tout moun ki goumen jouk yo genyen batay la pral mete rad blan an sou yo. Mwen p'ap wete non yo nan liv ki gen non moun ki gen lavi a. M'ap rekonèt yo pou moun pa m' devan Papa mwen ak devan zanj li yo."

Revelasyon 3:21 "Tout moun ki goumen jouk yo genyen batay la, m'ap ba yo dwa chita bò kote m' lè m'a sou fòtèy mwen an, menm jan mwen menm mwen te goumen jouk mwen te genyen batay la, pou koulye a mwen chita bò kot Papa m' ki chita sou fòtèy li a."

Total nan Revelasyon = 3 fwa

Nan liv Revelasyon an, Jezi te pale dirèkteman sou Papa a oswa Papa L' omwen **3 fwa**.

Konklizyon: Jezi te pale dirèkteman sou Papa a oswa Papa Li omwen **186 fwa** nan Bib la.

3.1.8- Deklarasyon endirèk

Anplis de fwa, lè Jezi te pale dirèkteman sou Papa a oswa Papa L', gen plizyè lòt okazyon lè li te pale endirèkteman sou Papa a, sa vle di, nan okazyon lè li te

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

pale osijè de Papa L 'san'L pa nonmen non'L. Sa a se sa nou vle di ki deklarasyon indirèk la.

Matye 10:40 "Moun ki resevwa nou, se mwen menm li resevwa. Moun ki resevwa mwen, li resevwa moun ki voye m' lan tou."

Mak 9:37 "Nenpòt moun ki resevwa yon timoun konsa poutèt mwen, se mwen menm menm li resevwa. Nenpòt moun ki resevwa m', se pa mwen li resevwa, men se moun ki voye m' lan li resevwa."

Lik 9:48 "Epi li di yo: Nenpòt moun ki resevwa timoun sa a poutèt mwen, se mwen menm menm li resevwa. Nenpòt moun ki resevwa m', li resevwa moun ki voye m' lan tou. Moun ki pi piti nan mitan nou tout la a, se li ki pi grannèg."

Lik 10:16 "Li di disip li yo ankò: Moun ki koute nou, se mwen menm yo koute. Moun ki repouse nou, se mwen menm yo repouse. Moun ki repouse m', se moun ki voye m' lan yo repouse."

Jan 4:34 "Jezi di yo: Manje pa m', se fè volonte moun ki voye m' lan; se pou m' fin fè travay li ban m' fè a."

Jan 5:24 "Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi."

Jan 5:30 "Mwen pa kapab fè anyen pou kò mwen. M'ap jije dapre sa Bondye di mwen. Jijman mwen bon paske sa m'ap chache fè a se pa sa m' vle, men sa moun ki voye m' lan vle."

Jan 6:38 "Paske, se pa pou fè volonte pa m' mwen desann sot nan syèl la, men pou m' fè volonte moun ki voye m' lan."

Jan 6:39 "Men sa moun ki voye m' lan vle: li vle pou m' pa pèdi yonn nan moun li ban mwen yo, men pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a."

Jan 7:16 "Jezi reponn yo: Bagay m'ap moutre nou la a, se pa nan mwen yo soti. Yo soti nan Bondye ki voye m' lan."

Jan 7:18 "Yon moun k'ap pale pawòl pa l', se chache l'ap chache fè lwanj tèt li. Men, moun k'ap travay pou sa sèvi yon lwanj pou moun ki voye l' la, se verite a pou l' di. Pa gen riz nan li."

Jan 7:28 "Jezi t'ap moutre moun yo anpil bagay nan tanp lan. Li di yo byen fò: Nou rekonèt mwen? Nou konnen ki bò m' soti? Se pa mwen ki fè lide pou m' vini non. Moun ki voye m' lan, li la tout bon. Men, nou pa konnen li."

Jan 7:33 "Jezi di konsa: Se pou yon ti tan ankò mwen la ak nou. Apre sa, mwen pral jwenn moun ki voye m' lan."

Jan 8:26 "Mwen gen anpil bagay pou m' di sou nou, anpil bagay menm pou m' jije nan nou. Men, moun ki voye m' lan, se verite ase li di. Se sèlman sa m' pran nan bouch li m'ap anonse bay lèzòm ki sou latè."

Jan 8:29 "Moun ki voye m' lan la avèk mwen. Li pa kite m' pou kont mwen paske mwen toujou fè sak fè l' plezi."

Jan 9:4 "Toutotan fè klè toujou, se pou m' fè travay moun ki voye m' lan ban m' fè a. Talè konsa pral fè nwit, pèsonn p'ap ka travay."

Jan 12:44 "Jezi pale byen fò, li di: Moun ki kwè nan mwen, se pa nan mwen sèlman li kwè, men li kwè nan moun ki voye m' lan tou."

Jan 12:45 "Moun ki wè m', li wè moun ki voye m' lan tou."

Jan 13:20 "Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki resevwa moun mwen voye a, li resevwa m' tou. Moun ki resevwa m', li resevwa moun ki voye m' lan."

Jan 15:21 "Men, y'ap fè nou tou sa poutèt mwen, paske yo pa konnen moun ki te voye m' lan."

Jan 16:5 "Men koulè a, mwen pral jwenn moun ki te voye m' lan, epi nou yonn pa mande m' kote m' prale?"

Total deklarasyon endirèk = 21 fwa

Jezi te pale endirèkteman sou Papa a oswa Papa Li omwen **21 fwa** nan Bib la.

Grand Total nan Bib la = 207 fwa

3.1.9- Konklizyon

Jezi te pale dirèkteman ak endirèkteman sou Papa a oswa Papa L' omwen **207 fwa** nan Bib la, selon ki vèsyon Bib nou genyen. Nan kad travay sa a nou te itilize vèsyon Louis Second Ezayi 55 lan, ak vèsyon Louis Second 1910 la. Nou te konsilte tou yon douzè lòt vèsyon franse.

3.2- Dezyèm Rechèch: Jezi pale de Bondye Li a

3.2.1- Entwodiksyon

Travay ke yo ban nou an se ale nan Bib la chache nan tout pasaj ladan yo Jezi te pale de Bondye oswa Bondye Li.

Anvan nou lanse nou nan rechèch sa a, nou tout nan menm andwa a pou poze nou kesyon sa yo: Poukisa etid sa a? Ki sa ki byen fonde rechèch sa a? A ki sa nonm de fwa kote Jezi te pale de Bondye oswa Bondye Li a ap sèvi nou?

Moum mwen renmen yo nan Senyè a, kòm nou konnen deja, lè satan vle simen dezòd nan travay Bondye a, li pa janm manke moun pou fè li. Li gen ase ajan nan mond lan; e ajan l' yo plis anpil nan legliz yo pase vrè Pitit Bondye yo. Sa a se sa ki jistifye pwopagasyon fo doktrin nan ke n'ap fè fas jodi a.

Gen kèk demon ki se moun k'ap twonpe anpil moun inyoran ak moun ki enstab, ansenye yo ke Jezi Kris pa gen okenn Bondye. Daprè sèpan sa yo, Jezi Kris ta dwe tou se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Anpil sa yo rele Kreyen malerezman kwè nan blasfèm sa a, ankò gen aksè nan Bib la.

Pito ke nou lanse nou nan vye diskisyon, e pito ke pou'n pase nan bann gwo demonstrasyon konvenk kretyen egare sa yo ki kite ras vipè sa yo vale yo, nou te chwazi solisyon pi senp lan, ki se kite Bib la pale Li menm. Nou te evite pou'n pa fè pyès komantè li ye a, e nou veye nou a nenpòt ki analiz ke li ye a. Nou te chwazi pou limite nou sèlman a lekti Bib la. Donk si pandan n'ap pakouri Bib la nou konstate ke Jezi te pale de Bondye oswa de Bondye li, demon sa yo pral prouve nou de ki Bondye Jezi pale a.

Pou rann etid sa a fasil pou eksplwate e pou verifye, nou te jwenn li pi bon pou regwoupe vèsè ladan yo a genyen mo sa yo e/ou ekspresyon ke n'ap chache a, dabò pa chapit, answit total liv yo, anvan pou fè Total Final Bib la. Nou te anplis nan chak vèsè, te mete an **gra-e soulinye** tout mo e/ou ekspresyon ke n'ap chache a. **Total chak liv yo te bay nan kòmansman ak nan finisman sa a.**

Liv yo nan ki nou jwenn mo sa yo ak/oswa ekspresyon n'ap chache yo: **Matye, Mak, Lik, Jan ak Revelasyon.**

3.2.2- Liv Matye a: 29 fwa

Matye 4 (3 fwa)

Matye 4:4 "Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch **Bondye** tou."

Matye 4:7 "Jezi reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, **Bondye** ou."

Matye 4:10 "Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, **Bondye** ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi."

Matye 5 (3 fwa)

Matye 5:8 "Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè **Bondye**."

Matye 5:9 "Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, paske **Bondye** va rele yo pitit li."

Matye 5:34 "Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Pa fè sèman menm. Pa fè sèman sou syèl la, paske syèl la se fotèy kote **Bondye** chita."

Matye 6 (3 fwa)

Matye 6:24 "Pèsonn pa ka sèvi byen ak de mèt an menm tan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi byen ak yonn, men l'ap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi **Bondye** ak lajan an menm tan."

Matye 6:30 "Se konsa **Bondye** abiye pye zèb yo ki la nan jaden an jòdi a, men denmen yo jete sa nan dife pou chofe fou. Nou pa bezwen mande si li p'ap abiye nou tou. Ala manke nou manke konfyans nan Bondye!"

Matye 6:33 "Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan **Bondye** vle l' la anvan. Lè sa a, li va ban nou tout lòt bagay sa yo tou."

Matye 12 (1 fwa)

Matye 12:28 "Men, si se ak Lespri **Bondye** m'ap chase move lespri yo, sa vle di pouvwa Gouvènman Bondye ki wa a gen tan rive sou nou."

Matye 15 (3 fwa)

Matye 15:3 "Li reponn yo: Nou menm k'ap pale a, poukisa n'ap plede dezobeyi kòmandman **Bondye** yo pou nou swiv koutim pa nou yo?"

Matye 15:4 "Tande byen. **Bondye** di nou konsa: Respekte papa ou ak manman ou. Li di ankò: Si yon moun pale papa l' osinon manman l' mal, se pou yo touye l'."

Matye 15:6 "Moun sa a pa bezwen fè anyen pou papa l' osinon pou manman l'. Se konsa, avèk koutim nou yo, nou fè pawòl **Bondye** a pase pou anyen menm."

Matye 16 (1 fwa)

Matye 16:23 "Men, Jezi vire tèt li, li di Pyè konsa: Wete kò ou sou mwen, satan. W'ap chache fè m' tonbe. Lide ou pa sou sa **Bondye** vle, men sou sa lèzòm ta vle."

Matye 19 (3 fwa)

Matye 19:6 "Konsa, yo pa de ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pèsonn moun pa gen dwa separe sa **Bondye** mete ansanm."

Matye 19:17 "Jezi reponn li: Poukisa w'ap poze m' keksyon sou sa ki bon? Se yon sèl ki bon. Se **Bondye**"

Matye 19:26 "Jezi gade yo, li di: Moun pa ka fè sa, se vre. Men, pa gen anyen **Bondye** pa kapab fè."

Matye 22 (8 fwa)

Matye 22:21 "Yo reponn li: Se pòtre Seza ak non Seza. Lè sa a li di yo: Bay Seza sa ki pou Seza, bay **Bondye** sa ki pou **Bondye**."

Matye 22:29 "Jezi reponn yo: Nou nan lerè wi. Nou pa konprann sa ki ekri nan Liv la, ni nou pa konnen pouvwa **Bondye**."

Matye 22:30 "Lè mò yo va gen pou leve, fanm ak gason pa nan marye ankò. Tout moun pral viv tankou zanj **Bondye** nan syèl la."

Matye 22:31 "Pou keksyon mò yo k'ap leve vivan ankò, èske nou pa li sa **Bondye** te di nou:"

Matye 22:32 "... **Bondye** pa **Bondye** moun mouri, li se Bondye moun vivan."

Matye 22:37 "Jezi reponn li: Se pou ou renmen Mèt la, **Bondye**, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou."

Matye 23 (1 fwa)

Matye 23:22 "Moun ki sèmannte sou syèl la, li sèmannte sou fotèy kote **Bondye** chita a ansanm ak sou **Bondye** li menm ki chita sou fotèy la."

Matye 26 (1 fwa)

Matye 26:64 "Jezi reponn li: Se ou ki di li. Men, m'ap di nou sa, depi jòdi a n'a wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat **Bondye** ki gen pouvwa a, n'a wè m' ap vini sou nwaj yo nan syèl la."

Matye 27 (2 fwa)

Matye 27:46 "Vè twazè, Jezi rele byen fò, li di: Eli, Eli lema sabaktani? (ki vle di: **Bondye**, **Bondye**, poukisa ou lage m' konsa?)"

Total nan Matye = 29 fwa

Nan Liv Matye a, Jezi te pale dirèkteman de Bondye oswa Bondye Li omwen **29 fwa**.

3.2.3- Liv Mak: 21 fwa**Mak 3 (1 fwa)**

Mak 3:35 "Paske, tout moun ki fè sa **Bondye** mande yo fè, se moun sa yo ki frè m', ki sè m', ki manman mwen."

Mak 7 (3 fwa)

Mak 7:8 "Jezi di yo konsa: -Nou mete kòmandman **Bondye** yo sou kote pou nou swiv koutim moun etabli."

Mak 7:9 "Li di yo tou: -Nou byen konnen jan pou nou vire kòmandman **Bondye** yo voye jete, pou nou ka kenbe pwòp pawòl pa nou yo."

Mak 7:13 "Se konsa nou fè pawòl **Bondye** yo pase pou anyen ak pawòl pa nou n'ap transmèt yonn bay lòt. Nou fè anpil lòt bagay konsa ankò."

Mak 8 (1 fwa)

Mak 8:33 "Men Jezi vire tèt li, li gade disip li yo. Li pale sevè ak Pyè, li di li konsa: -Wete kò ou sou mwen, satan! Paske, lide ou pa sou sa **Bondye** vle, men sou sa lèzòm ta vle."

Mak 10 (3 fwa)

Mak 10:18 "Jezi di li: -Poukisa ou rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se **Bondye**."

Mak 10:27 "Jezi gade yo nan je, li di yo konsa: -Moun pa ka fè sa, men **Bondye** ka fè l', paske pa gen anyen **Bondye** pa ka fè."

Mak 11 (1 fwa)

Mak 11:22 "Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di yo: -Se pou nou toujou gen konfyans nan **Bondye**."

Mak 12 (8 fwa)

Mak 12:17 "Lè sa a, li di yo: -Bay Seza sa ki pou Seza, bay **Bondye** sa ki pou **Bondye**. Pawòl sa a te fè yo pi sezi ankò."

Mak 12:24 "Jezì reponn yo: -Nou nan lerè wi. M'ap di nou poukisa: Nou pa konprann sa ki ekri a, nou pa konnen pouvwa **Bondye**."

Mak 12:26 "Pou keksyon mò yo k'ap leve vivan ankò a, èske nou pa li nan Liv Moyiz la sa **Bondye** te di l' bò touf bwa a: Mwen se Bondye Abraram, Bondye Izarak, Bondye Jakòb?"

Mak 12:27 "**Bondye** se **Bondye** moun vivan li ye, pa moun mouri. Nou wè nou nan lerè anpil, pa vre?"

Mak 12:29 "Jezì reponn li: -Men kòmandman ki pi konsekan an: Koute, nou menm pèp Izrayèl: Mèt la, **Bondye** nou, se li ki sèl Mèt la."

Mak 12:30 "Se pou ou renmen Mèt la, **Bondye** ou, avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, avèk tout lide ou, avèk tout fòs ou."

Mak 13 (1 fwa)

Mak 13:19 "Paske lè sa a, n'a wè yon lafliksyon moun poko janm wè, depi nan konmansman lè **Bondye** t'ap kreye latè jouk koulè a. p'ap janm gen yon lòt tankou l' ankò."

Mak 14 (1 fwa)

Mak 14:62 "Jezì reponn li: -Wi, se mwen menm. Nou gen pou nou wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat **Bondye** ki gen pouvwa a, n'a wè m' tou ap vini anwo nwaj yo nan syèl la."

Mak 15 (2 fwa)

Mak 15:34 "Vè twazè, Jezì rele byen fò: -Eloyi, Eloyi, lema sabaktani? (ki vle di: **Bondye**, **Bondye**, poukisa ou lage m' konsa?)"

Total nan Mak = 21 fwa

Nan Liv Mak la, Jezì te pale dirèkteman de Bondye oswa Bondye Li omwen **21 fwa**.

3.2.4- Liv Lik: 31 fwa

Lik 4 (2 fwa)

Lik 4:8 "Jezì reponn li: Men sa ki ekri: Se Mèt la, **Bondye** ou, pou ou adore. Se li menm ase pou ou sèvi."

Lik 4:12 "Jezì reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, **Bondye** ou."

Lik 7 (2 fwa)

Lik 7:29 "Tout pèp la ansanm ak pèseptè kontribisyon yo t'ap tandè li. Moun sa yo te rekonèt se **Bondye** ki gen rezon, se pou sa yo te fè Jan Batis batize yo."

Lik 7:30 "Men, farizyen yo ak dirèktè lalwa yo te refize sa **Bondye** te vle fè pou yo; se sak fè yo pa t' kite Jan Batis batize yo."

Lik 8 (2 fwa)

Lik 8:11 "Men sa parabol sa a vle di: Grenn y'ap simen an se pawòl **Bondye**."

Lik 8:21 "Men, Jezi di yo tout: Manman m' ak frè m', se moun ki koute pawòl **Bondye** a epi ki fè sa pawòl la di."

Lik 11 (4 fwa)

Lik 11:20 "Non. Se avèk pouvwa **Bondye** mwen chase move lespri yo; sa vle di: Pouvwa gouvènman Bondye ki Wa a gen tan rive sou nou."

Lik 11:28 "Jezi reponn li: Moun ki koute pawòl **Bondye** epi ki mete l' an pratik."

Lik 11:42 "Malè pou nou, farizyen! Nou bay ladim nan donn ti pye mant, pye sitwon ak pye legim. Men, nou pa fè sa ki dwat, nou pa renmen **Bondye**. Okontrè, se sa pou n' te fè san nou pa bliye fè lòt bagay yo tou."

Lik 11:49 "Se poutèt sa **Bondye** te di nan bon konprann li: M'ap voye pwofèt avèk apòt ba yo; y'a touye kèk ladan yo, y'a pèsekite lòt yo."

Lik 12 (7 fwa)

Lik 12:6 "Èske ti zwezo pa vann senk pou dis kòb? Men, **Bondye** pa bliye yon sèl ladan yo."

Lik 12:8 "M'ap di nou sa: Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, m'a fè menm bagay la pou li devan zanj **Bondye** yo."

Lik 12:9 "Men, moun ki va di devan lèzòm li pa konnen m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, m'a kanpe devan zanj **Bondye** yo tou m'a di mwen pa konnen l'."

Lik 12:20 "Men, **Bondye** di li: Egare! Aswè a menm yo pral mande ou nanm ou. Tou sa ou te sere yo, pou ki moun y'a ye?"

Lik 12:21 "Jezi di yo ankò: Se konsa sa ye tou pou moun k'ap ranmase byen pou tèt pa l' men ki pa rich devan **Bondye**."

Lik 12:24 "Gade zwazo yo rele kònèy la: yo pa plante, yo pa fè rekòt; yo pa gen ni depo ni galata. Men, **Bondye** ba yo manje. Nou menm nou vo pi plis pase zwezo yo, pa vre?"

Lik 12:28 "Se konsa **Bondye** abiye pye zèb yo tou: jodi a yo la, men denmen yo jete sa nan dife pou chofe fou. Se sak fè, se pa nou menm li pa ta abiye. Ala moun manke konfyans nan Bondye!"

Lik 15 (1 fwa)

Lik 15:10 "Konsa tou, m'ap di nou sa, gen kontantman nan mitan zanj **Bondye** yo pou yon sèl moun ki t'ap viv nan peche epi ki tounen vin jwenn Bondye."

Lik 16 (3 fwa)

Lik 16:13 "Pèsonn pa ka sèvi de mèt byen anmenmtan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi yonn byen, men l'ap meprize lòt la. Nou pa ka sèvi **Bondye** ak lajan anmenmtan."

Lik 16:15 "Lè sa a Jezi di yo: Nou menm, n'ap chache parèt pou pi bon devan moun, men **Bondye** konnen sa ki nan kè nou. Bagay moun bay plis enpòtans, se yo **Bondye** pa vle wè."

Lik 18 (4 fwa)

Lik 18:2 "Vwala, se te yon jij ki te rete nan yon lavil; li pa t' pè **Bondye** ni li pa t' respekte pèsonn."

Lik 18:7 "Bon! Èske **Bondye** pa ta regle zafè pitit li yo, moun li menm li chwazi yo, lè y'ap rele nan pye l' lajounen kou lannwit? Èske l'ap pran anpil tan pou l' ede yo?"

Lik 18:19 "Jezi di li: Poukisa ou rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se **Bondye**."

Lik 18:27 "Jezi reponn yo: Sa lèzòm pa ka fè, **Bondye** ka fè li."

Lik 20 (5 fwa)

Lik 20:25 "Lè sa a li di yo: Enben, bay Seza sak pou Seza, bay **Bondye** sak pou **Bondye**."

Lik 20:36 "Yo pa ka mouri ankò, se tankou zanj yo ye, yo se pitit **Bondye**, paske yo leve soti vivan nan lanmò."

Lik 20:38 "**Bondye** se **Bondye** moun mouri, men moun vivan li yo, paske pou li tout moun vivan."

Lik 22 (1 fwa)

Lik 22:69 "Men, depi jodi a, Moun Bondye voye nan lachè a pral chita sou bò dwat **Bondye** ki gen pouvwa a."

Total nan Lik = 31 fwa

Nan Liv Lik la, Jezi te pale dirèkteman de Bondye oswa Bondye Li a omwen **31 fwa**.

3.2.5- Liv Jan an: 39 fwa**Jan 1 (1 fwa)**

Jan 1:51 "Aprè sa, li di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: N'a wè syèl la louvri, avèk zanj **Bondye** yo k'ap moute desann sou Moun Bondye voye nan lachè a."

Jan 3 (4 fwa)

Jan 3:16 "Paske, **Bondye** sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an."

Jan 3:17 "**Bondye** pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo."

Jan 3:18 "Moun ki mete konfyans yo nan Pitit **Bondye** p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit **Bondye** a."

Jan 3:21 "Men, moun ki fè sa ki bon vre, se nan limyè a menm l'ap vini, pou moun ka wè aklè se obeyi l'ap obeyi **Bondye** nan sa l'ap fè a."

Jan 4 (2 fwa)

Jan 4:10 "Jezu reponn li: Si ou te konnen sa **Bondye** bay la, si ou te konnen ki moun k'ap mande ou ti gout dlo pou bwè a, se ou menm ki ta mande l' ba ou ti gout dlo bwè. Lè sa a, li ta ka ba ou nan dlo ki bay lavi a."

Jan 4:24 "**Bondye**, se Lespri li ye. Tout moun k'ap sèvi l', se pou yo sèvi l' nan lespri yo jan sa dwe fèt la."

Jan 5 (3 fwa)

Jan 5:25 "Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Lè a ap rive, li rive deja: moun mouri yo pral tande vwa Pitit **Bondye** a. Tout moun mouri ki va tande vwa sa a pral gen lavi."

Jan 5:42 "Men, mwen konnen ki moun nou ye: nou pa gen renmen pou **Bondye** nan kè nou."

Jan 5:44 "Nou renmen resevwa lwanj yonn nan men lòt, nou pa chache lwanj ki soti nan men **Bondye** ki pa gen parèy la. Nan kondisyon sa a, ki jan pou nou kwè?"

Jan 6 (5 fwa)

Jan 6:27 "Pa travay pou manje k'ap gate! Travay pito pou manje k'ap konsève, manje k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an. Kalite manje sa a, se Moun Bondye voye nan lachè a ki va ban nou l', paske se pou sa **Bondye** Papa a voye li."

Jan 6:29 "Jezu reponn yo: Sèl travay **Bondye** mande nou pou n' fè, se pou nou mete konfyans nou nan moun li voye a."

Jan 6:33 "Paske pen **Bondye** bay la, se moun ki desann sot nan syèl la pou bay lèzòm lavi."

Jan 6:45 "Se sa ki ekri nan liv pwofèt yo: **Bondye** menm ap moutre yo tout bagay. Tout moun ki koute Papa a, ki asepte tou sa l' moutre yo, y'ap vin jwenn mwen."

Jan 6:46m "Sa pa vle di gen pesonn ki janm wè Papa a. Sèl moun ki wè Papa a, se moun ki soti bò kote **Bondye** ye a."

Jan 7 (1 fwa)

Jan 7:17 "Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen si bagay m'ap moutre yo soti nan **Bondye** osinon si se pawòl pa m' m'ap pale."

Jan 8 (7 fwa)

Jan 8:40 "Gade koulye a, m'ap di nou verite a jan **Bondye** te moutre m' li, atout sa n'ap chache touye mwen. Abraram pa janm fè bagay konsa."

Jan 8:42 "Jezi di yo: Si **Bondye** te papa nou vre, nou ta renmen mwen. Paske, mwen soti bò kot **Bondye**. Se li menm ki voye m' isit la. Mwen pa vini pou kont mwen. Se li menm menm ki voye mwen."

Jan 8:47 "Tout moun ki moun **Bondye**, yo koute pawòl **Bondye**. Men nou menm, nou pa moun **Bondye**. Se sak fè nou pa vle koute."

Jan 8:54 "Jezi reponn yo: Si m' t'ap fè lwanj tèt mwen, lwanj sa a pa ta vo anyen. Moun k'ap fè lwanj mwen se Papa m', moun nou pretann di ki **Bondye** nou an."

Jan 9 (2 fwa)

Jan 9:3 "Jezi reponn yo: Se pa ni peche pa l' ni peche manman l' ak papa l' ki lakòz sa. Li fèt avèg, se pou moun ka wè sa pouvwa **Bondye** a ka fè nan li."

Jan 9:35 "Jezi te vin konnen yo te mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l', li di l' konsa: Èske ou kwè nan Moun **Bondye** voye nan lachè a?"

Jan 10 (2 fwa)

Jan 10:35 "Nou konnen sa Liv la di, li di l' nèt. Tout moun ki resevwa pawòl **Bondye**, se bondye yo ye."

Jan 10:36 "Mwen menm menm, se **Bondye** ki te mete m' apa pou li, se li ki voye m' sou latè. Ki jan nou ka di m'ap pale Bondye mal lè m' di se pitit **Bondye** mwen ye?"

Jan 11 (3 fwa)

Jan 11:4 "Lè Jezi tande nouvèl la, li di: Maladi Laza a p'ap touye li. Tou sa rive pou fè moun wè pouvwa **Bondye**. Se ak maladi sa a **Bondye** pral fè wè pouvwa Pitit li a."

Jan 11:40 "Jezi reponn li: Mwen pa deja di ou: Si ou kwè, wa wè pouvwa **Bondye**?"

Jan 13 (3 fwa)

Jan 13:31 "Aprè Jida fin ale, Jezi di konsa: Se koulye a nou pral wè pouvwa Moun Bondye voye nan lachè a. Se koulye a li pral fè nou wè pouvwa **Bondye** parèt nan li."

Jan 13:32 "Si li fè nou wè pouvwa **Bondye** a, **Bondye** li menm va fè nou wè pouvwa Pitit la. Epi l'ap fè l' talè konsa."

Jan 14 (1 fwa)

Jan 14:1 "Jezi di yo: Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan **Bondye**, mete konfyans nou nan mwen tou."

Jan 16 (2 fwa)

Jan 16:2 "Y'a mete nou deyò nan sinagòg yo. Yon lè, moun k'ap touye nou yo va met nan tèt yo se sèvis y'ap rann **Bondye** lè yo fè sa."

Jan 16:27 "Paske Papa a li menm, li renmen nou. Li renmen nou paske nou renmen m', paske nou kwè mwen soti nan Papa a."

Jan 17 (1 fwa)

Jan 17:3 "Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl **Bondye** tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezi Kris."

Jan 20 (2 fwa)

Jan 20:17 "Jezi di li: Pa manyen m'! Mwen poko moute al jwenn Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo, di yo m'ap moute bò kot Papa m' ki papa nou tou, m'ap moute bò kot **Bondye m'** ki **Bondye** nou tou."

Total nan Jan = 39 fwa

Nan Liv Jan an, Jezi te pale dirèkteman de Bondye oswa Bondye Li omwen **39 fwa**.

3.2.6- Liv Revelasyon: 11 fwa**Revelasyon 2 (2 fwa)**

Revelasyon 2:7 "Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo! Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'ap ba yo dwa pou yo manje nan piebwa ki bay lavi a, piebwa ki nan mitan jaden **Bondye** a."

Revelasyon 2:18 "Ekri zanj legliz ki nan lavil Tiyati a. Di l' konsa: Men sa pitit **Bondye** a voye di ou, li menm ki gen je l' yo tankou de flanm dife, ak pye l' yo klere tankou kwiv poli."

Revelasyon 3 (7 fwa)

Revelasyon 3:1 "Ekri zanj legliz ki nan lavil Sad la. Di l' konsa: Men sa moun ki gen sèt Lespri **Bondye** yo ak sèt zetwal yo voye di ou: Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen tout moun konprann ou vivan. Men, ou mouri."

Revelasyon 3:2 "Souke kò ou, bay ti rès lavi ou rete a fòs anvan ou fin mouri nèt. Paske, mwen wè sa w'ap fè a pa fin kòrèk devan **Bondye mwen** an."

Revelasyon 3:12 "Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'ap fè yo tounen yon gwo poto nan kay **Bondye** a. Apre sa, yo p'ap janm soti. M'a make non **Bondye** ansanm ak non lavil **Bondye** a, lòt Jerizalèm k'ap desann sot bò kot **Bondye**, sou yo. M'ap make lòt non mwen an sou yo tou."

Revelasyon 3:14 "Ekri zanj legliz ki nan lavil Lawodise a. Di l' konsa: Moun ki verite a, moun k'ap di verite a jan l' ye a san bay manti, li menm ki sous tou sa **Bondye** kreye a, men sa li voye di ou:"

Revelasyon 22 (2 fwa)

Revelasyon 22:18 "Mwen menm Jan, men sa m'ap di tout moun ki tandè pawòl Bondye ki nan liv sa a. Si yon moun mete nan pawòl sa yo anyen ki pa t' ladan l', **Bondye** va mete tout kalamite yo pale nan liv sa a sou chatiman li merite a."

Revelasyon 22:19 "Konsa tou, si yon moun wete anyen nan pawòl **Bondye** ki nan liv sa a, **Bondye** va wete pòsyon ki ta pou li nan pye bwa ki bay lavi a ak nan lavil **Bondye** a, nan pye bwa ak lavil yo pale nan liv sa a."

Total nan Revelasyon = 11 fwa

Nan liv Revelasyon an, Jezi te pale dirèkteman de Bondye oswa Bondye Li omwen **11 fwa**.

3.2.7- Konklizyon

Jezi te pale dirèkteman de Bondye oswa Bondye Li omwen **131 fwa** nan Bib la, selon ki vèsyon Bib nou genyen. Nan kad travay sa a nou te itilize vèsyon Louis Second Ezayi 55 lan, ak vèsyon Louis Second 1910 la. Nou te konsilte tou yon douzèn lòt vèsyon franse.

3.3- Twazyèm Rechèch: Disip yo Pale de Bondye Papa a

3.3.1- Entwodiksyon

Travay ke yo ban nou an se ale nan Bib la chache nan tout pasaj ladan yo Apot yo ak lòt disip Jezi Kris yo te pale de Papa a oswa de Bondye Papa destenk a Jezi Kris Pitit Bondye a.

Anvan nou lanse nou nan rechèch sa a, nou tout nan menm andwa a pou poze nou kesyon sa yo: Poukisa etid sa a? Ki sa ki byen fonde rechèch sa a? A ki sa nonm de fwa kote Jezi te pale de Bondye oswa Bondye Li a ap sèvi nou?

Moum mwen renmen yo nan Senyè a, kòm nou konnen deja, lè satan vle simen dezòd nan travay Bondye a, li pa janm manke moun pou fè li. Li gen ase ajan nan mond lan; e ajan l' yo plis anpil nan legliz yo pase vrè Pitit Bondye yo. Sa a se sa ki jistifye pwopagasyon fo doktrin nan ke n'ap fè fas jodi a.

Gen kèk demon ki se moun k'ap twonpe anpil moun inyoran ak moun ki enstab, ansenye yo ke Jezi Kris pa gen okenn Bondye. Daprè sèpan sa yo, Jezi Kris ta dwe tou se Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Anpil sa yo rele Kreyen malerezman kwè nan blasfèm sa a, ankò gen aksè nan Bib la.

Pito ke nou lanse nou nan vye diskisyon, e pito ke pou'n pase nan bann gwo demonstrasyon konvenk kreyen egare sa yo ki kite ras vipè sa yo vale yo, nou te chwazi solisyon pi senp lan, ki se kite Bib la pale Li menm. Nou te evite pou'n pa fè pyès komantè li ye a, e nou veye nou a nenpòt ki analiz ke li ye a. Nou te chwazi pou limite nou sèlman a lekti Bib la. Donk si pandan n'ap pakouri Bib la nou konstate ke Jezi te pale de Bondye oswa de Bondye Li, demon sa yo pral prouve nou de ki Bondye Jezi pale a.

Pou rann etid sa a fasil pou eksplwate e pou verifye, nou te jwenn li pi bon pou regwoupe vèsè ladan yo a genyen mo sa yo e/ou ekspresyon ke n'ap chache a, dabò pa chapit, answit total liv yo, anvan pou fè Total Final Bib la. Nou te anplis nan chak vèsè, te mete an **gra-e soulinye** tout mo e/ou ekspresyon ke n'ap chache a. **Total chak liv yo te bay nan kòmansman ak nan finisman sa a.**

Liv yo nan ki nou jwenn mo sa yo ak/oswa ekspresyon n' ap chache yo se: **Matye, Mak, Lik, Jan, Travay, Ròmen, 1Korentyen, 2Korint, Galat, Efezyen, Filipyen, Kolosyen, 1Tesalonisyen, 2Tesalonisyen, 1Timote, 2Timote, Tit, Filemon, Ebre, Jak, 1Pyè, 2Pyè, 1Jan, 2Jan, Jid, Revelasyon.**

3.3.2- Liv Matye a: 3 fwa

Matye 14 (1 fwa)

Matye 14:33 "Lè sa a, moun ki te nan kannòt la vin mete ajenou devan Jezi, yo di: Ou se pitit **Bondye** a vre."

Matye 16 (1 fwa)

Matye 16:16 "Simon Pyè reponn: Ou se Kris la, Pitit **Bondye** vivan an."

Matye 27 (1 fwa)

Matye 27:54 "Lè ofisye lame a ansanm ak gad ki t'ap veye Jezi ansanm avè l' yo wè tranblemanntè a ak tout sa ki te pase, yon sèl laperèz pran yo. Yo di: Se vre wi, nonm sa a te Pitit **Bondye**."

Total nan Matye = 3 fwa

Nan Liv Matye a, Disip yo te pale de Papa a oswa Bondye Papa a omwen **3 fwa**.

2.3.3- Liv Mak: 3 fwa**Mak 1 (1 fwa)**

Mak 1:1 "Men konmansman Bon Nouvèl ki pale sou Jezi Kris, Pitit **Bondye** a."

Mak 15 (1 fwa)

Mak 15:39 "Te gen yon kaptenn lame kanpe anfas Jezi. Lè l' wè Jezi mouri konsa, li di: -Nonm sa a, se te pitit **Bondye** tout bon."

Mak 16 (1 fwa)

Mak 16:19 "Aprè Senyè Jezi te fin pale ak yo konsa, li moute nan syèl, li al chita sou bò dwat **Bondye**."

Total nan Mak = 3 fwa

Nan Liv Mak la, Disip yo te pale de Papa a oswa Bondye Papa a omwen **3 fwa**.

3.3.4- Liv Lik: 14 fwa**Lik 2 (7 fwa)**

Lik 2:26 "Li te fè l' konnen li pa t'ap mouri san l' pa wè Kris la, moun **Bondye** te chwazi pou l' voye a."

Lik 2:28 "Simeyon pran tipitit la nan bra l', li di **Bondye** mès. Li di:"

Lik 2:29 "Koulye a, **Mèt**, ou kenbe pawòl ou; ou mèt kite sèvitè ou la mouri ak kè poze."

Lik 2:37 "Aprè sa, li te rete vèv. Lè sa a, li te gen katrevenkatran, li pa t' janm kite tanp lan; li t'ap sèvi **Bondye** lajounen kou lannwit: tout tan li t'ap fè jèn, li t'ap lapriye."

Lik 2:38 "Menm lè sa a tou, li vin rive, li t'ap di **Bondye** mès. Li t'ap pale sou Jezi bay tout moun ki t'ap tann Bondye vin delivre lavil Jerizalèm."

Lik 2:40 "Pitit la menm t'ap grandi, li t'ap devlope. Li te gen kont lespri l', epi favè **Bondye** te avèk li."

Lik 2:52 "Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni **Bondye** ni lèzòm plezi."

Lik 3 (1 fwa)

Lik 3:38 "Kaynan te pitit Enòs, Enòs te pitit Sèt, Sèt te pitit Adan, epi Adan te pitit **Bondye**."

Lik 6 (1 fwa)

Lik 6:12 "Lè sa a, Jezi moute sou yon ti mòn pou l' lapriyè. Li pase tout nwit lan ap lapriyè."

Lik 7 (2 fwa)

Lik 7:16 "Tout moun yo te pè, yo t'ap fè lwanj **Bondye**, yo t'ap di: Yon gwo pwofèt parèt nan mitan nou! Yo t'ap di tou: **Bondye** vin sove pèp li a."

Lik 9 (1 fwa)

Lik 9:20 "Li mande yo: Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye? Pyè reponn li: Ou se Kris la, Moun **Bondye** chwazi pou voye a."

Lik 19 (1 fwa)

Lik 19:38 "Yo t'ap di: benediksyon pou Wa ki vini nan non **Mèt** la! Kè poze pou tout moun nan syèl la! Lwanj pou **Bondye**!"

Lik 24 (1 fwa)

Lik 24:19 "Li di yo: Ki sak te rive konsa? Yo reponn li: Tou sak te rive Jezi, moun Nazarèt la. Nonm sa a te yon gwo pwofèt devan **Bondye** ak devan tout pèp la: li te fè anpil bèl bagay epi li te pale byen."

Total nan Lik = 14 fwa

Nan Liv Lik la, Disip yo te pale de Papa a oswa Bondye Papa a omwen **14 fwa**.

3.3.5- Liv Jan an: 34 fwa**Jan 1 (9 fwa)**

Jan 1:1 "Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk **Bondye**. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou."

Jan 1:2 "Pawòl la te la avèk **Bondye** depi nan konmansman."

Jan 1:14 "Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa **Bondye Papa a** te bay sèl Pitit li a."

Jan 1:18 "Pèsonn pa janm wè **Bondye**. Men, sèl Pitit Bondye a, li menm ki Bondye tou, li menm k'ap viv kòtakòt ak **Papa a**, se li menm ki fè moun konnen **Bondye**."

Jan 1:29 "Nan denmen, Jan wè Jezi ki t'ap vin jwenn li, li di: Men ti mouton **Bondye** a k'ap wete peche moun sou tout latè."

Jan 1:34 "Jan di yo ankò: Mwen wè sa ak je m', se sa ki fè mwen di nou se li ki Pitit **Bondye** a vre."

Jan 1:36 "Li wè Jezi ki t'ap pase, li di: Men ti mouton **Bondye** a."

Jan 1:49 "Lè sa a, Natanayèl di li: Mèt, ou se Pitit **Bondye** a. Ou se wa pèp Izrayèl la!"

Jan 3 (8 fwa)

Jan 3:2 "Yon jou lannwit, li vin bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, nou konnen se **Bondye** ki voye ou moutre nou tout bagay sa yo. Paske, pèsonn pa ka fè tout mirak w'ap fè yo si **Bondye** pa avèk li."

Jan 3:33 "Moun ki asepte sa l'ap di a, li rekonèt sa **Bondye** di a se vre."

Jan 3:34 "Moun **Bondye** voye a, se pawòl **Bondye** l'ap pale, paske **Bondye** ba li Sentespri san mezi."

Jan 3:35 "**Papa a** renmen Pitit la, li ba li pouvwa sou tout bagay."

Jan 3:36 "Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè **Bondye** k'ap tonbe sou yo."

Jan 5 (2 fwa)

Jan 5:18 "Poutèt pawòl sa a, jwif yo t'ap chache pi rèd atò pou yo te touye l'. Li pa t' sèlman fè bagay ki kont lalwa repo a, men li te di yo **Bondye** se papa li. Lè l' di sa, li te fè tèt li pase pou menm moun ak **Bondye**."

Jan 6 (1 fwa)

Jan 6:69 "Koulye a nou kwè, nou konnen se ou menm ki moun **Bondye** chwazi a."

Jan 8 (1 fwa)

Jan 8:27 "Yo pa t' konprann se sou **Papa a** li t'ap pale yo."

Jan 9 (2 fwa)

Jan 9:31 "Nou tout nou konnen sa: **Bondye** pa tandè lè se yon moun k'ap fè sa ki mal ki pale avè li. Men, se pa menm bagay lè se yon moun ki respekte l', yon moun ki fè volonte l' k'ap pale avè li."

Jan 9:33 "Si nonm sa a pa t' soti nan **Bondye**, li pa ta ka fè anyen."

Jan 11 (3 fwa)

Jan 11:22 "Men, mwen konn sa: menm koulye a, **Bondye** va ba ou nenpòt kisa ou mande **Bondye**."

Jan 11:27 "Mat reponn li: Wi, Senyè, mwen kwè ou se Kris la, Pitit **Bondye**. Ou se moun ki te gen pou vini sou latè a."

Jan 13 (4 fwa)

Jan 13:1 "Se te jou anvan fèt Delivrans jwif yo. Jezi te konnen lè a te rive pou l' te kite tè sa a, pou li al jwenn **Papa a**. Li pa t' manke renmen moun pa l' yo ki te nan lemonn. Li te renmen yo nèt ale."

Jan 13:3 "Jezi te konnen pou tè pa l' li te soti nan **Bondye**, epi li t'ap tounen jwenn **Bondye** ankò. Li te konnen **Papa a** te ba li pouvwa sou tout bagay."

Jan 14 (1 fwa)

Jan 14:8 "Filip di l' konsa: Senyè, moutre nou **Papa a**. Se sa ase nou bezwen."

Jan 16 (2 fwa)

Jan 16:17 "Kèk disip li yo pran pale, yonn t'ap di lòt: Sa sa vle di sa l'ap di nou la a: Talè konsa nou p'ap wè m', talè konsa n'a wè m' ankò? Sa l' vle di la a: Paske mwen pral jwenn **Papa a**?"

Jan 16:30 "Koulye a nou konnen ou konn tout bagay. Ou pa bezwen pèsonn mande ou anyen. Se poutèt sa nou kwè ou soti nan **Bondye**."

Jan 20 (1 fwa)

Jan 20:31 "Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit **Bondye**, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li."

Total nan Jan = 34 fwa

Nan Liv Jan an, Disip yo te pale de Papa a oswa Bondye Papa a omwen **34 fwa**.

3.3.6- Liv Travay la: 46 fwa**Travay 1 (1 fwa)**

Travay 1:4 "Yon jou yo t'ap manje ansanm, Jezi ba yo lòd sa a: Pa kite lavil Jerizalèm. Rete tann sa **Papa a** te pwomèt la, kado mwen t'ap pale nou an."

Travay 2 (8 fwa)

Travay 2:22 "Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m' pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se **Bondye** menm ki te voye l' paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy li te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen."

Travay 2:23 "Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan **Bondye** te vle l' la, dapre plan li te deja fè nan tè li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann mekan kloure l' sou yon kwa."

Travay 2:24 "Men, **Bondye** fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li."

Travay 2:30 "Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa **Bondye** te pwomèt la. **Bondye** te sèman li t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li."

Travay 2:32 "**Bondye** fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a."

Travay 2:33 "**Bondye** fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri **Papa a** te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a."

Travay 2:36 "Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm **Bondye** fè Senyè e Kris."

Travay 3 (8 fwa)

Travay 3:13 "**Bondye** Abraam, Isaak ak Jakob la, **Bondye** papa nou yo, te glorifye sèvitè'l Jezi, ke nou te livre a e renye devan Pilat, ki te dakò pou te lage Li."

Travay 3:15 "Nou te fè mouri Prens la vi a, ke **Bondye** te fè leve vivan pami mò yo; nou te temwen li."

Travay 3:18 "Men **Bondye** te akonpli konsa sa ke li te anonse davans nan bouch tout profèt li yo, ke Kris li a te dwe soufri."

Travay 3:21 "Ke syèl la dwe resevwa jiska tan make yo pou retablisman tout bagay, ke **Bondye** te pale depi lontan nan bouch sen profèt li yo."

Travay 3:22 "Moyiz te di: Senyè a **Bondye** nou an pral fè parèt yon profèt nan mitan frè nou yo tankou mwen; se pou nou tande'l nan tout sa li pral di nou."

Travay 3:25 "Nou se pitit profèt yo ak alyans ke **Bondye** te trete avèk papa nou yo, kan li te di a Abraam: tout fanmi sou latè pral beni nan posterire'w la."

Travay 3:26 "Se a nou menm premyeman ke **Bondye**, te fè parèt sèvitè li a, li te voye'l pou beni nou, nan detounen nou chak nan inikite li yo."

Travay 4 (6 fwa)

Travay 4:10 "Nou tout konn sa, e ke tout pèp Izrayèl konnen'l! Se pa non Jezi Kris de Nazarèt, ke nou te krisifye a, e ke **Bondye** te leve pami mò yo, se pa li ke nonm sa a prezante li nan plen sante devan nou."

Travay 4:24 "Lòske yo te fin tande, yo te leve vwa yo bay **Bondye** yo tout ansanm, e di: **Senyè** ou se **Bondye** ki fè syèl la, tè a, lanmè a, ak tout sa ki ladann."

Travay 4:26 "Wa latè yo leve yo kanpe, e prens yo met tèt yo ansanm kont **Senyè** a e kont Wen li a."

Travay 4:29 "E kounye a, **Senyè**, gade menas y'ap fè, e bay ak sèvitè'w yo anonse pawòl ou a avèk plen asirans."

Travay 5 (3 fwa)

Travay 5:30 "**Bondye** papa nou yo te fè Jezi leve pami mò yo, ke nou te touye, lè nou te pann li sou bwa a."

Travay 5:31 "**Bondye** te leve'l pa dwat li kòm Prens ak Sovè, pou bay Izrayèl repantans ak padon peche yo."

Travay 5:32 "Nou te temwen bagay sa yo, menm jan SenTespri a, ke **Bondye** te bay a moun ki obeye li."

Travay 7 (4 fwa)

Travay 7:48 "Men **Trè Wo** a pa rete nan sa ki fè ak men moun, tankou jan profèt la te di a."

Travay 7:55 "Men Etyèn, te ranpli ak SenTespri, kan li fikse rega li nan syèl la, li wè laglwa **Bondye** ak Jezi kanpe nan bò dwat **Bondye**"

Travay 7:56 "E li di: Men, mwen wè syèl yo ouvè, e Pitit moun nan kanpe nan bò dwat **Bondye**."

Travay 8 (1 fwa)

Travay 8:37 "Filip di: Si ou kwè nan tout kè'w, se posib. Enik lan te reponn: Mwen kwè ke Jezi se Pitit **Bondye**."

Travay 9 (1 fwa)

Travay 9:20 "E menm moman li t'ap preche nan sinagòg yo ke Jezi se Pitit **Bondye**."

Travaay 10 (3 fwa)

Travay 10:40 "**Bondye** te fè'l leve pami mò yo twazyèm jou a, e li te pemèt li parèt..."

Travay 10:41 "Se pat a tout pèp la, men ak temwen chwazi davans yo pa **Bondye**, avèk nou ki te manje avèk li, aprè ke li te leve vivan pami mò yo."

Travay 10:42 "E te ban nou lòd pou preche a pèp la ak pou ateste ke se li ke **Bondye** te atabli jij moun mouri yo ak moun ki vivan yo."

Travay 11 (3 fwa)

Travay 11:17 "Donk, piske **Bondye** te a kòde yo menm don ak nou ki te kwè nan Senyè Jezi Kris, mwen te ka, mwen menm, opoze'm ak **Bondye**?"

Travay 11:23 "Lòske li te rive, e ke li te wè gras **Bondye** a, li te rejwi li pou sa, e li te ankouraje yo pou yo rete yo tout nan yon kè fèm atache ak Senyè a."

Travay 13 (4 fwa)

Travay 13:23 "Se nan posterite David ke **Bondye**, selon promès li, te fè parèt pou Izrayèl yon Sovè, ki se Jezi."

Travay 13:30 "Men **Bondye** te fè'l leve vivan pami mò yo."

Travay 13:33 "**Bondye** te akonpli'l pou nou pitit yo, nan leve Jezi vivan pami mò yo, selon sa ki ekri nan Sòm dezyèm: Ou se Pitit mwen, Mwen anjandre'w jodi a."

Travay 13:37 "Men a sila ke **Bondye** te fè leve soti vivan pami mò yo pat wè pouriti."

Travay 17 (1 fwa)

Travay 17:30 "**Bondye**, san li pa mande kont pou tan inyorans yo, anonse kounye a tout moun, nan tout lye, ke yo gen pou yo repanti."

Travay 20 (1 fwa)

Travay 20:21 "Pandan yo te anonse ak Jwif yo e ak Grèk yo repantans anvè **Bondye** ak lafwa nan Senyè Jezi Kris nou an."

Travay 22 (1 fwa)

Travay 22:14 "Li di: **Bondye** papa nou yo te destine'w pou konnen volonte li, pou wè Jis la, e pou tande pawòl bouch li yo."

Travay 26 (1 fwa)

Travay 26:8 "Kisa! Li sanble enkwayab pou nou ke **Bondye** fè mò yo leve vivan?"

Total nan travay Apot yo = 46 fwa

Nan liv Travay yo, Disip yo te pale de Papa a ou de Bondye o mwens **46 fwas**.

3.3.7- Liv Romen an: 44 fwa

Romen 1 (7 fwa)

Romen 1:2 "Ki te promèt deja nan **Bondye** pa profèt li yo nan Sen Ekriti yo."

Romen 1:4 "E te deklare Pitit **Bondye** avèk pisans, selon Lespri senntete a, pa rezireksyon pami mò yo, Jezi Kris Senyè nou an ..."

Romen 1:7 "A nou tout ki a Ròm, moun **Bondye** renmen yo, ki rele pou vin sen; ke gras ak lapè avèk nou pa **Bondye Papa a**, e pa Senyè Jezi Kris."

Romen 1:8 "Mwen rann dabò gras a **Bondye** mwen an pa Jezi Kris, a koz de nou tout, poutèt lafwa nou ki renonme nan tout mond lan."

Romen 1:9 "**Bondye** ke m'ap sèvi a an lespri nan Levanjil Pitit li a, temwen'm ke mwen fè san rete mansyon de nou."

Romen 1:17 "Paske nan li revele jistis **Bondye** a pa lafwa e pou lafwa, selon ke li ekri: Jis la ap viv pa lafwa."

Romen 2 (1 fwa)

Romen 2:16 "Se sa ki pral parèt nan jou kote, selon Levanjil mwen an, **Bondye** pral jije pa Jezi Kris tout aksyon sekre moun yo."

Romen 3 (2 fwa)

Romen 3:22 "Jistis **Bondye** pa lafwa nan Jezi Kris pou tout moun ki kwè..."

Romen 3:25 "Se Li menm ke **Bondye** te destine pou li se viktim ekspiyatwa pou moun k'ap gen lafwa yo nan san li, pouka montre jistis li a, paske li te kite san pini peche ki te komèt deja yo, nan tan pasyans li a."

Romen 5 (5 fwa)

Romen 5:1 "Donk piske nou jistifye pa lafwa, nou gen lapè avèk **Bondye** pa Sovè nou an Jezi Kris."

Romen 5:8 "Men **Bondye** prouve lanmou li anvè nou, nan sa ke, lòske nou te ankò bann pechè, Kris te mouri pou nou."

Romen 5:10 "Donk si, lòske nou te ennmi, nou te rekonsilye avèk **Bondye** pa lanmò Pitit li a, a pi gwo rezon, kòm nou rekonsilye, n'ap sove pa lavi li."

Romen 5:11 "E non sèlman sa, men ankò n'ap glorifye nou nan **Bondye** pa Senyè nou an Jezi Kris, pa ki kounye nou te jwenn rekonsilyasyon an."

Romen 5:15 "Men pa gen don grastis tankou ofans lan; donk, si pa ofans yon sèl gen anpil ki mouri landann, a pi gwo rezon gras **Bondye** a ak don gras la ki soti nan yon sèl moun, Jezi Kris, yo te abondamman gaye sou anpil."

Romen 6 (4 fwa)

Romen 6:4 "Donk nou te antere avèk li pa batèm nan lanmò li, pou ke, kòm Kris te leve vivan pami mò yo pa glwa **Papa** a menm jan an nou menm tou nou te mache nan yon lavi nouvèl."

Romen 6:10 "Donk Li mouri, e se pou peche a ke li te mouri yon fwa pou tout; li retounen nan lavi, e se pou **Bondye** ke L'ap viv."

Romen 6:11 "Konsa, nou menm, gade nou tankou moun ki mouri pou peche, e tankou moun ki vivan pou **Bondye** nan Jezi Kris, Senyè nou an."

Romen 6:23 "Donk salè peche a, se lanmò; men don gratis **Bondye** a, se lavi etènèl nan Jezi Kris Senyè nou an."

Romen 7 (2 fwa)

Romen 7:25 "Gras pou **Bondye** pa Jezi kris Senyè nou an!...Konsa donk, mwen menm, mwen pa bon sans esklav lwa **Bondye** a, e kò a esklav lwa peche a."

Romen 8 (13 fwa)

Romen 8:3 "Donk enposib pou lalwa a, paske kò a te rann li san fòs, **Bondye** te kondane peche a nan kò a, kan li te voye, a koz peche a, pwòp Pitit Li a nan kò ki sanble a kò peche a."

Romen 8:11 "E si Lespri **Sila** ki te fè Jezi soti vivan pami mò yo rete nan nou, **Sila** ki te fè Kris leve vivan pami mò yo ap rann lavi a kò mòtèl nou yo tou pa Lespri ki rete nan nou an."

Romen 8:15 "E nou pat janm te resevwa yon lespri sèvitid, pou nou ka nan krent toujou; men nou te resevwa yon lespri adopsyon, pa li menm nou rele: Abba! **Papa**!"

Romen 8:17 "Donk, si nou se pitit, nou se eritye tou: eritye **Bondye**, e eritye asanm ak Jezi Kris, si tout fwa nou soufri avèk li, pou nou ka glorifye avèk li."

Romen 8:27 "E sila ki sonde kè yo konnen panse Lespri a, paske se selon **Bondye** ke L'ap entèsede an favè sen yo."

Romen 8:28 "Nou konnen sepandan, ke tout bagay kolabore nan byen moun ki renmen **Bondye** yo, nan moun ki rele yo selon desen li."

Romen 8:31 "Donk ki sa nou pral di avèk bagay sa yo? Si **Bondye** pou nou, ki sa ki pral kont nou?"

Romen 8:32 "**Li**, ki pat epanye menm pwòp Pitit li a, men ki te livre'l pou nou tout, kòman li pap ban nou tout bagay avèk li?"

Romen 8:33 "Kiyès ki pral akize eli **Bondye** yo? Se **Bondye** ki jistifye yo!"

Romen 8:34 "Kiyès ki pral kondane yo? Kris te mouri; byen plis, li te leve vivan pami mò yo, li adwat **Bondye** e l'ap entèsede pou nou!"

Romen 8:39 "Ni pisans yo, ni wotè ni pwofondè, ni okenn kreyati pap ka se pare nou nan lanmou **Bondye** a ki manifeste nan Jezi Kris Senyè nou an."

Romen 10 (1 fwa)

Romen 10:9 "Si ou konfese nan bouch ou Senyè Jezi, e si ou kwè nan kè'w ke **Bondye** te fè'l leve vivan pami mò yo, w'ap sove."

Romen 14 (1 fwa)

Romen 14:18 "Moun k'ap sèvi Kris fason sa a li agreyab a **Bondye** e aprouve devan moun."

Romen 15 (7 fwa)

Romen 15:5 "Ke **Bondye** pèseverans lan ak konsolasyon an ban nou pou genyen menm santiman youn anvè lòt selon Jezi Kris "

Romen 15:6 "Pou ke nou tout ansanm, nan yon sèl bouch, nou ta glorifye **Bondye** e **Papa** Senyè nou an Jezi Kris."

Romen 15:8 "Mwen di, donk, ke Kris te sèvitè sikonsi yo, pou prouve verasite **Bondye** nan konfime promès ke yo te fè papa yo."

Romen 15:15 "Sepandan, pou kèk bagay, mwen te ekri nou avèk yon sòt adiyès, kòm pou reveye souvni nou yo, a koz gras ke **Bondye** te fè'm."

Romen 15:16 "Pou se minis Jeszi Kris pami payen yo, m'ap regle diven sèvis Levanjil **Bondye** a, pou ke payen yo ka yon ofrann agreyab pou li, nan sanntifye pa SenTespri a "

Romen 15:30 "Mwen ankouraje nou, frè, pa Senyè nou an Jezi Kris e pa lanmou Lespri Sen an, pou konbat avèk mwen, nan adrese a **Bondye** bann priyè an favè mwen."

Romen 16 (1 fwa)

Romen 16:27 "A Bondye, sèl saj, laglwa nan tout syèk ak nan tout syèk, pa Jezi Kris! Amen!"

Total nan Romen = 44 fwa

Nan liv Romen an, Disip yo te pale da Papa a ou de Bondye Papa a o mwens **44 fwa**.

3.3.8- Liv 1Konrentyen: 22 fwa**1Konrentyen 1 (6 fwa)**

1Konrentyen 1:1 "Pòl, ki te rele pou li apot Jezi Kris pa volonte Bondye, ak frè Sostèn."

1Konrentyen 1:3 "Ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan Bondye Papa nou ak nan senyè Jezi Kris."

1Konrentyen 1:4 "Mwen rann a Bondye mwen an kontinyèl aksyon de gras pou tèt nou menm, pou gras Bondye ki te akòde a nou nan Jezi Kris."

1Konrentyen 1:9 "Bondye fidèl, Li ki te rele nou an nan kominyon Pitit li a, Jezi Kris Senyè nou an."

1Konrentyen 1:30 "Donk, se pa li ke nou nan Jezi Kris, Li menm, pa Bondye, te fè pou nou sajès ak jistis ak sanntifikasyon ak redanmsyon."

1Konrentyen 2 (2 fwa)

1Konrentyen 2:7-8 "N'ap preche sajès Bondye, misterye e kache, ke Bondye, anvan syèk yo, te destine pou glwa nou, sajès ke pyès nan chèf syèk sa a pat konnen, donk, si yo te konnen'l, yo pa t'ap krisifye Senyè laglwa a."

1Konrentyen 3 (1 fwa)

1Konrentyen 3:23 "Tout se pou nou, e nou pou Kris e Kris pou Bondye."

1Konrentyen 4 (1 fwa)

1Konrentyen 4:1 "Konsa, ke yo gade nou tankou sèvitè Kris, ak dispansatè mistè Bondye yo."

1Konrentyen 6 (1 fwa)

1Konrentyen 6:14 "E Bondye, ki te leve Senyè a vivan pami mò yo, ap leve nou vivan pami mò yo pa pisans li a."

1Konrentyen 8 (2 fwa)

1Konrentyen 8:6 "Poutan, pou nou gen yon sèl Bondye, Papa a, nan li tout bagay soti ak pou li nou ye, ak yon sèl Senyè, Jezi Kris, pa li menm tout bagay fèt e pa li menm nou fèt."

1Korentyen 9 (1 fwa)

1Korentyen 9:21 "... Menm ke mwen pa san la lwa **Bondye** a, kan mwen sou la lwa Kris la...."

1Korentyen 11 (1 fwa)

1Korentyen 11:3 "Sepandan mwen vle ke nou ta konnen ke Kris la se chèf tout gason, ke gason se chèf fanm, e ke **Bondye** se chèf Kris."

1Korentyen 15 (7 fwa)

1Korentyen 15:15 "Li trouve li menm ke nou se fo temwen pou **Bondye**, piske nou te temwanye kont **Bondye** ke li te leve Kris vivan pami mò yo, tandis ke li pa ta leve li vivan pami mò yo vre, si mò yo pap janm leve vivan."

1Korentyen 15:24 "Answit lafen an ap vini, kan li pral remèt wayòm nan a sila ki se **Bondye** e **Papa a**, aprè li fin detwi tout dominasyon, tout otorite ak tout pisans."

1Korentyen 15:27 "**Bondye**, an fèt, te mete tout bagay anba pye li yo. Men lòske Li di ke tout bagay te soumèt avèk li, li evidan ke sila ki te soumèt li tout bagay la li pa landan li menm."

1Korentyen 15:28 "E lòske tout bagay yo ta pral soumèt avè'l, alò Pitit la li menm pral soumèt a sila ki te soumèt li tout bagay yo, pou ke **Bondye** kapab tout ak nan tout."

1Korentyen 15:57 "Men gras pou **Bondye**, ki ban nou viktwa pa Senyè nou an Jezi Kris."

Total nan 1Korentyen = 22 fwa

Nan liv 1Korentyen an, Disip yo te pale de Papa a ou de Bondye Papa a o mwens **22 fwa**.

3.3.9- Liv 2Korentyen: 36 fwa**2Korentyen 1 (10 fwa)**

2Korentyen 1:1 "Pòl Apot Jezi Kris pa volonte **Bondye**, ak frè Timote a Legliz **Bondye** a ki nan Korent lan e a tout sen yo ki nan Akayi yo."

2Korentyen 1:2 "Ke gras ak lapè avèk nou tout pa **Bondye Papa nou** ak Senyè Jezi Kris."

2Korentyen 1:3 "Beni swa **Bondye, Papa a** mezerikòd yo e **Bondye** tout konsolasyon."

2Korentyen 1:4 "Ki konsòle nou nan tout aflikasyon nou yo pou ke pa konsolasyon ke nou se objè ki soti nan **Bondye**, nou kapab konsòle moun ki trouve yo nan kèlke aflikasyon."

2Korentyen 1:19 "Donk Pitit **Bondye** a, Jezi Kris, ki te preche pa nou nan mitan nou, pa mwen menm, e pa Silven, e pa Timote, li pat wi ak non, men se wi ki te nan li."

2Korentyen 1:21 "E sila ki te afèmi nou an avèk nou nan Kris, e ki te vide lwil sou nou, se **Bondye**."

2Korentyen 2 (5 fwa)

2Korentyen 2:14 "Gras pou **Bondye**, ki toujou fè nou triyonfe nan Kris, e ki repann pa nou nan tout lye sant konesans li a!"

2Korentyen 2:15 "Nou se, an fèt, pou **Bondye** bon sant Kris, pami moun ki sove yo ak pami moun k'ap peri yo."

2Korentyen 2:17 "Donk nou pa janm falsifye pawòl **Bondye** a, kòm plizyè lòt fè; men se avèk senterite, men se nan **Bondye** sa soti, ki fè n'ap pale nan Kris devan **Bondye**."

2Korentyen 3 (2 fwa)

2Korentyen 3:4 "Asirans sa a menm, nou genyen'l pa Kris bò kote **Bondye**."

2Korentyen 3:5 "Se pa pou di ke se pa nou menm ke nou kapab konprann kèk bagay kòm te soti nan nou menm. Kapasite nou an, o kontrè, soti nan **Bondye**."

2Korentyen 4 (5 fwa)

2Korentyen 4:4 "Pou enkredil yo ke dye syèk sa a avegle entelijans yo, pou yo ka pa wè esplandè Levanjil laglwa Kris la K'ap briye, ki se imaj **Bondye**."

2Korentyen 4:6 "Donk **Bondye**, ki te di: Limyè a pral briye anndan fenwa yo, te fè limyè a briye nan kè nou pou fè respladi konesans glwa **Bondye** a sou fas Kris."

2Korentyen 4:7 "Nou pote trezò sa a nan bann veso tè, pou ke grann pisans sa a ka atribye a **Bondye**, non pa a nou menm."

2Korentyen 4:14 "Konnen ke **Sila** ki te fè Senyè Jezi Kris leve soti vivan pami mò yo pral fè nou leve vivan pami mò yo tou avèk Jezi, e pral fè nou parèt avèk nou nan prezans li."

2Korentyen 5 (5 fwa)

2Korentyen 5:18 "E tout sa soti nan **Bondye**, ki te rekonsilye nou avèk li pa Kris, e ki te ban nou ministè rekonsilyasyon an."

2Korentyen 5:19 "Donk **Bondye** te nan Kris, nan rekonsilye mond lan avèk li menm, li pa mete sou kont moun menm ankò ofans yo a, e li te mete nan nou pawòl rekonsilyasyon an."

2Korentyen 5:20 "N'ap fè fonksyon anbasadè yo pou Kris, kòm si **Bondye** te ankouraje pa nou; nou sipliye nou nan non Kris: Rekonsilye nou avèk **Bondye**!"

2Korentyen 5:21 "Sila ki pat janm konnen peche a, li te fè'l vin peche pou nou, pou ke nou ka vin nan li jistis **Bondye**."

2Korentyen 6 (1 fwa)

2Korentyen 6:18 "M'ap yon **Papa** pou nou e n'ap pou mwen bann pitit gason ak pitit fi, Senyè toupisan an di."

2Korentyen 10 (1 fwa)

2Korentyen 10:13 "Pou nou, nou pa vle glorifye nou deyò tout mezi; nou pral pran, o kontrè, pou mezi limit pataj ke **Bondye** te atribye a nou yo, nan manyè pou nou fè vini jis kote nou."

2Korentyen 11 (3 fwa)

2Korentyen 11:2 "Donk mwen jalou pou nou nan yon jalouzi **Bondye**, paske mwen te fyanse nou a yon sèl gason, pou prezante nou a Kris tankou yon vyèj sen."

2Korentyen 11:31 "**Bondye, ki se Papa** Senyè Jezi Kris, e ki beni etènèlman, konnen ke mwen pa manti menm!"

2Korentyen 12 (1 fwa)

2Korentyen 12:19 "Nou imajine nou depi lontan ke nou t'ap jistifye nou bò kote nou. Se devan **Bondye**, nan Kris, ke n'ap pale; e tout sa, moun mwen renmen yo, n'ap di'l pou edifikasyon nou."

2Korentyen 13 (3 fwa)

2Korentyen 13:4 "Donk Li te krisifye a koz feblès li, men L'ap viv pa pisans **Bondye**; nou menm tou, nou fèb nan Li, men n'ap viv avèk Li pa pisans **Bondye** pou ajì anvè nou."

2Korentyen 13:13 "Ke gras Senyè Jezi, lanmou **Bondye**, ak kominyon SenTespri a, avèk nou tout! Amen!"

Total nan 2Korentyen = 36 fwa

Nan liv 2Korentyen an, Disip yo te pale de Papa a ou de Bondye Papa o mwens **36 fwa**.

3.3.10- Liv Galat:13 fwa**Galat 1 (6 fwa)**

Galat 1:1 "Pòl, apot, non se pa pa moun, ni pa yon nonm, men pa Jezi Kris ak **Bondye Papa a**, ki te fè'l leve vivan pami mò yo."

Galat 1:3 "Ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan **Bondye Papa a** ak nan Senyè nou an Jezi Kris."

Galat 1:4 "Ki te bay tèt li li menm pou peche nou yo, pou retire nou nan syèk prezan move a, selon volonte **Bondye** e **Papa** nou."

Galat 1:6 "Mwen etone'm ke nou ta detounen si rapidman nan **Sila** ki te rele nou an pa gras Kris, pou pase a yon lòt levanjil."

Galat 1:15-16 "Men, lòske li te fè plezi a Sila ki te mete'm a pa depi nan vant manman'm, e ki te rele'm pa gras li, pou revele nan mwen Pitit Gason li a, pou mwen ka anonse'l pami payen yo, byen vit, mwen pat konsilte ni chè ni san."

Galat 2 (1 fwa)

Galat 2:20 "Mwen te krisifye avèk Kris; e si m'ap viv, se pa mwen menm ankò k'ap viv, se Kris k'ap viv nan mwen; si konye a m'ap viv nan kò a, m'ap viv nan lafwa nan Pitit Bondye a, ki te renmen'm e ki te livre li pou mwen."

Galat 3 (2 fwa)

Galat 3:20 "Donk, mediyatè a pa mediyatè yon sèl, tandiske Bondye se yon sèl."

Galat 3:26 "Donk nou tout se pitit Bondye pa lafwa nan Jezi kris."

Galat 4 (4 fwa)

Galat 4:4 "Men lòske tan yo te akonpli, Bondye te voye Pitit li a, ki te fèt nan yon fanm, ki te fèt sou lalwa."

Galat 4:6 "E paske nou se pitit, Bondye te voye nan kè nou Lespri Pitit li a, li ki rele: Abba! Papa!"

Galat 4:7 "Konsa ou pa esklav ankò menm, e si ou se pitit, ou se eritye Bondye tou pa Kris."

Total nan Galat = 13 fwa

Nan liv Galat la, Disip yo te pale de Papa a ou de Bondye Papa o mwens **13 fwa**.

3.3.11- Liv Efezyen: 21 fwa

Efezyen 1 (7 fwa)

Efezyen 1:1 "Pòl, apot Jezi Kris pa volonte Bondye, a sen yo ki nan Efèz e ak fidèl yo nan Jezi Kris."

Efezyen 1:2 "Ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan Bondye Papa a e nan Senyè Jezi Kris!"

Efezyen 1:3 "Beni swa Bondye, Papa Senyè nou an Jezi Kris, ki te beni nou nan tout sòt benediksyon espiyèl nan lye selès nan Kris."

Efezyen 1:4 "Nan li, Bondye te eli nou anvan fondasyon mond lan, pou ke nou ka sen ak san repròch devan li."

Efezyen 1:17 "Pou ke Bondye Senyè nou an Jezi Kris, Papa laglwa a, ban nou yon lespri sajès ak revelasyon, nan konsepsans li."

Efezyen 2 (3 fwa)

Efezyen 2:10 "Donk se louvraj li, ki te kreye nan Jezi Kris pou bon zèv, ke Bondye te prepare davans pou ke nou ka pratike yo."

Efezyen 2:12 "Nou sonje ke nou te nan tan sa a san Kris, nou pat gen dwa site an Izrayèl, etranje nan alyans promès la yo, san esperans ak san **Bondye** nan mond lan."

Efezyen 2:18 "Donk pa Li nou gen aksè bò kote **Papa** youn anvè lòt, nan yon menm Lespri."

Efezyen 3 (3 fwa)

Efezyen 3:9 "E pou mete nan limyè ki sa ki dispansasyon mistè ki te kache a nan tout tan nan **Bondye** ki te kreye tout bagay pa Jezi Kris."

Efezyen 3:12 "Nan ki nou genyen, pa lafwa nan li, libète pou nou aproche kote **Bondye** avèk konfyans."

Efezyen 3:14 "A koz de sa, mwen flechi jenou'm devan **Papa** Senyè nou an Jezi Kris."

Efezyen 4 (4 fwa)

Efezyen 4:6 "Yon sèl **Bondye** e **Papa** tout, ki sou tèt tout, ak pami tout, e nan tout."

Efezyen 4:13 "Jiskas ke nou tout ka vin yon sèl nan lafwa ak nan konesans Pitit **Bondye** a, nan eta moun ki fin bon nèt, nan mezi estati Kris la ki bon nèt."

Efezyen 4:32 "Se pou nou bon youn anvè lòt, konpatisan, nan padone nou youn lòt, tankou jan **Bondye** padone nou an nan Kris."

Efezyen 5 (3 fwa)

Efezyen 5:2 "E mache nan charite nan egzanp Kris la, ki te renmen nou, e ki te bay tèt li li menm a **Bondye** pou nou tankou yon ofrann ak yon sakrifis ki gen bon sant."

Efezyen 5:5 "Donk konnen li byen, pyès enpidik ou enpi ou moun ki renmen lajan sa vle di idolat, pa gen eritaj nan woyòm **Bondye** a."

Efezyen 5:20 "Toujou kontinye rann gras pou tout bagay a **Bondye Papa a**, nan non Senyè nou an Jezi Kris."

Efezyen 6 (1 fwa)

Efezyen 6:23 "Ke lapè ak charite avèk lafwa pou nou ki soti nan **Bondye Papa a** ak Senyè Jezi Kri."

Total nan Efezyen = 21 fwa

Nan liv Efezyen an, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa o mwens **21 fwa**.

3.3.12- Liv Filipyen:15 fwa

Filipyen 1 (3 fwa)

Filipyen 1:2 "Ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan **Bondye Papa nou** ak nan Senyè Jezi Kris!"

Filipyen 1:8 "Donk **Bondye** temwen'm ke mwen cheri nou tout avèk tandrès Jezi Kris la."

Filipyen 1:29 "E sa soti nan **Bondye**, donk li te fè nou gras pa rapò a Kris, non sèlman pou kwè nan li, men ankò pou souffri pou li."

Filipyen 2 (3 fwa)

Filipyen 2:6 "Sila, ki egziste nan fòm Bondye a, pat janm gade li tankou yon viktim li menn ki egal avèk **Bondye**."

Filipyen 2:9 "Se poutèt sa tou **Bondye** leve'l byen wo pase tout bagay, e li ba li non ki wo pase tout non."

Filipyen 2:11 "E ke tout lang konfese ke Jezi Kris se Senyè, nan glwa **Bondye Papa a**."

Filipyen 3 (3 fwa)

Filipyen 3:3 "Donk sikonsi yo, se nou menm k'ap rann **Bondye** kil nou pa Lespri Bondye, ki glorifye nou nan Jezi Kris, e ki pa mete konfyans nan moun."

Filipyen 3:9 "E pou jwenn mwen nan li, se pa avèk jistis mwen, sa ki soti nan lalwa a, men avèk sa ki vini an pa lafwa nan Kris, jistis ki soti nan **Bondye** a pa lafwa."

Filipyen 3:14 "M'ap kouri nan direksyon bi a, pou ranpote pri vokasyon selès **Bondye** a nan Jezi Kris."

Filipyen 4 (6 fwa)

Filipyen 4:6 "Pa enkyete nou pou anyen, men nan tout bagay fè **Bondye** konnen bezwen nou yo, pa bann priyè ak bann siplikasyon, avèk bann aksyon de gras."

Filipyen 4:7 "E lapè **Bondye**, ki depase tout entelijans, ap kenbe kè nou ak panse nou nan Jezi Kris."

Filipyen 4:18 "Mwen te resevwa tout bagay, e mwen nan abondans; mwen te konble avèk byen, kan mwen te resevwa pa Epafrodit sa ke nou voye pou mwen an tankou yon pafen ki gen bon sant, yon sakrifis ke **Bondye** aksepte, e ki abgreyab avèk li."

Filipyen 4:19 "E **Bondye** mwen an ap ban nou tout sa ke nou bezwen selon richès li avèk glwa nan Jezi Kris."

Filipyen 4:20 "Glwa pou **Bondye** nou an e **Papa** a nan tout tan ak pou tout tan! Amen!"

Total nan Filipyen = 15 fwa

Nan liv Filipyen an, Disip yo te pale de Papa a ou de Bondye Papa a o mwens **15 fwa**.

3.3.13- Liv Kolosyen: 17 fwa**Kolosyen 1 (10 fwa)**

Kolosyen 1:1 "Pòl, apot Jezi Kris pa volonte **Bondye**, ak frè Timote, a sen yo..."

Kolosyen 1:2 "A sen yo e fidèl frè yo nan Kris ki nan Kolòs: Ke gras ak lapè pou nou ki soti nan **Bondye Papa a** ak Senyè Jezi Kris.!"

Kolosyen 1:3 "Nou rann gras a **Bondye, Papa a** Senyè nou an Jezi Kris, e nou pap sispann priye **Bondye** pou nou."

Kolosyen 1:12 "Rann gras a **Papa a**, ki rann nou kapab pou nou genyen aksè a eritaj sen yo nan limyè a."

Kolosyen 1:15 "Li se imaj **Bondye** envizib la, premye pitit la nan tout kreyasyon an."

Kolosyen 1:19 "Donk **Bondye** te vle ke tout plenitib la te rete nan Li."

Kolosyen 1:27 "A sila **Bondye** te vle fè konnen ki gloriye richès mistè sa pami payen yo, ki se: Kris nan nou, esperans la glwa a."

Kolosyen 1:28 "Se li ke n'ap anonse, ankouraje tout moun, nan enstwi tout moun nan tout sajès, pou prezante a **Bondye** tout moun ki vin bon nan Jezi Kris."

Kolosyen 2 (3 fwa)

Kolosyen 2:2 "Pou yo ka gen kè yo ranpli ak konsolasyon, ke yo ini nan charite, ak anrichi nan plen entelijans pou konnen mistè **Bondye** e **Papa** nou an ak Kris."

Kolosyen 2:12 "Piske nou antere avèk li pa batèm nan, nou leve vivan pami mò yo tou nan li e avèk li, pa lafwa nan pisans **Bondye** a, ki te fè'l leve vivan pami mò yo."

Kolosyen 3 (3 fwa)

Kolosyen 3:1 "Si donk nou leve vivan pami mò yo avèk Kris, chache bagay anwo yo, kote Kris chita a dwat **Bondye**."

Kolosyen 3:3 "Donk nou mouri, e lavi nou kache avèk Kris nan **Bondye**."

Kolosyen 3:17 "E nenpòt sa ke nou ta fè, an pawòl ou an zèv, fè tout nan non Senyè Jezi, pandan n'ap rann pa li menm gras a **Bondye Papa a**."

Kolosyen 4 (1 fwa)

Kolosyen 4:3 "Priye an menm tan pou nou, pou ke **Bondye** ka ouvè yon pòt pou nou pou pawòl la, an sòt ke mwen ka anonse mistè Kris la, pou li ke mwen nan chenn nan."

Total nan Kolosyen = 17 fwa

Nan liv Kolosyen yo, Disip yo te pale de Papa ou de Bondye Papa a o mwens **17 fwa**.

3.3.14- Liv 1 Tesalonisyen: 15 Fwa**1Tesalonisyen 1(4 fwa)**

1Tesalonisyen 1:1 "Pòl, ak Silven, ak Timote, a Legliz Tesalonisyen yo, ki nan **Bondye Papa a** ak nan Kezi Kris Senyè a: Ke gras ak lapè avèk nou!"

1Tesalonisyen 1:3 "Nou toujou ap raple zèv lafwa nou an san rete, travay charite nou an, ak fèmte esperans nou an nan Senyè nou an Jezi Kris, devan **Bondye Papa a**."

1Tesalonisyen 1:9-10 "Donk yo rakonte, de nou menm, kèl aksè nou genyen bò kote nou, e kòman nou konvèti nou a **Bondye**, nan abandone idòl yo pou sèvi **Bondye vivan an** e vrè a, e pou tann Pitit li a k'ap soti nan syèl yo, ke li te leve li vivan pami mò yo, Jezi, k'ap delivre nou nan kòlè k'ap vini an."

1Tesalonisyen 2 (2 fwa)

1Tesalonisyen 2:14 "Donk nou menm, frè, nou vin imitatè Legliz **Bondye** yo ki nan Jezi Kris nan Jide, dèske nou menm tou, nou te souffri nan men pwòp konpatriyòt nou yo menm jan yo te souffri nan men Jwif yo."

1Tesalonisyen 2:15 "Se Jwif sa yo ki te fè Senyè Jezi mouri ak profèt yo, ki te pèsekite nou, ki pa fè **Bondye** plezi menm, e ki se ennmi tout moun."

1Tesalonisyen 3 (3 fwa)

1Tesalonisyen 3:11 "Ke **Bondye li menm, Papa nou**, ak Senyè nou an Jezi, prepare wout la pou nou pou nou ta ka ale kote nou!"

1Tesalonisyen 3:13 "Pou ka afemi kè nou pou ke yo ka san repwòch nan senntete a devan **Bondye**, kan Senyè nou an Jezi ap vini avèk tout sen li yo!"

1Tesalonisyen 4 (3 fwa)

1Tesalonisyen 4:1 "Ankò, frè, piske nou te aprann nan men nou kòman nou dwe kondwi tèt nou e fè **Bondye** plezi, e ke se sa ke nou fè, nou priye nou nan non Senyè Jezi pou mache nan fason sa a de progrè an progrè."

1Tesalonisyen 4:14 "Donk, si nou kwè ke Jezi te mouri e ke li leve vivan pami mò yo, kwe tou ke **Bondye** pral mennen a Jezi e avèk li moun ki mouri yo."

1Tesalonisyen 4:16 "Donk Senyè a li menm, a yon sinyal k'ap bay, a vwa yon akanj, e nan son tronpèt **Bondye a**, pral desann sot nan syèl la, e mò yo nan Kris la pral leve vivan pami mò yon premyèman."

1Tesalonisyen 5 (3 fwa)

1Tesalonisyen 5:9 "Donk **Bondye** pat destine nou nan kòlè a, men pou sezi nou nan Sali a pa Senyè nou an Jezi Kris."

1Tesalonisyen 5:18 "Rann gras nan tout bagay, donk se a nou menm pou fè volonte **Bondye** nan Jezi Kris."

1Tesalonisye 5:23 "Ke Bondye lapè a, sanntifye nou li menm tout nou menm nèt, e ke tout nou menm nèt, lespri, nanm nan ak kò a, ka konsève san repwòch, kan Senyè nou an Jezi Kris ap vini!"

Total nan liv 1Tesalonisye an = 15 fwa

Nan liv 1 Tesalonisye an, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa a o mwens **15 fwa**.

3.3.15- Liv 2Tesalonisye: 7 fwa

2Tesalonisye 1 (5 fwa)

2Tesalonisye 1:1 "Pòl, ak Silven, a Legliz Tesalonisye yo, ki nan Bondye Papa a ak nan Jezi Kris Senyè a."

2Tesalonisye 1:2 "Ke gras ak lapè avèk nou ki soti nan Bondye Papa nou an ak nan Senyè Jezi Kris."

2Tesalonisye 1:8 "Nan mitan yon flanm dife pou pini sila yo ki pa konnen Bondye ak sila yo ki pa obeyi a Levanjil Senyè nou an Jezi Kris."

2Tesalonisye 1:11 "Se pou sa tou, nou priye kontinyèlman pou nou pou ke Bondye nou an jije nou diy nan vokasyon an, e ke li akonpli pa pisans li tout desen byenveyans bonte li yo, ak zèv lafwa nou an."

2Tesalonisye 1:12 "Pou ke non Senyè nou an Jezi Kris ka glorifye nan nou, e ke nou ka glorifye nan li, selon gras Bondye nou an ak Senyè Jezi Kris."

2Tesalonisye 2 (1 fwa)

2Tesalonisye 2:16 "Ke Senyè nou an Jezi Kris li menm, ak Bondye Papa nou an, ki te renmen nou..."

2Tesalonisye 3 (1 fwa)

2Tesalonisye 3:5 "Ke Senyè a dirije kè nou vè lanmou Bondye e vè pasyans Kris."

Total nan liv 2Tesalonisye an = 7 fwa

Nan liv 2Tesalonisye yo, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa a o mwens **7 fwa**.

3.3.16- Liv 1Timote: 6 fwa

1Timote 1 (2 fwa)

1Timote 1:1 "Pòl, apot Jezi Kris, pa lòd Bondye Sovè nou an ak Senyè nou an Jezi Kris esperans nou an."

1Timote 1:2 "A Timote, pitit lejitim mwen nan lafwa: ke gras, mizerikòd ak lapè avèk ou ki soti nan Bondye Papa a ak nan Jezi Kris Senyè nou an!"

1Timote 2 (2 fwa)

1Timote 2:5 "Donk gen yon sèl Bondye, e tou yon sèl mediyatè ant Bondye ak moun, Jezi Kris moun."

1Timote 5 (1 fwa)

1Timote 5:21 "Mwen sipliye nou devan **Bondye**, devan Jezi Kris, e devan anj eli yo, pou obsève bagay sa yo san prevansyon, e pou pa fè anyen pa favè."

1Timote 6 (1 fwa)

1Timote 6:13 "Mwen rekomande'w devan **Bondye** ki bay lavi a tout bagay, ak devan Jezi Kris ki te fè yon bèl konfesyon devan Pons Pilat."

Total nan 1Timote = 6 fwa

Nan liv 1Timote a, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa a o mwens **6 fwa**.

3.3.17- Liv 2Timote: 5 fwa**2Timote 1 (4 fwa)**

2Timote 1:1 "Pòl, apot Jezi Kris pa volonte **Bondye**, pou anonse promès lavi a ki nan Jezi Kris."

2Timote 1:2 "A Timote, pitit mwen renmen anpil la: Ke gras, mezerikòd ak lapè avèk ou, ki soti nan **Bondye Papa a** ak nan Jezi Kris Senyè nou an!"

2Timote 1:8 "Pa janm wont pou rann temwanyaj Senyè nou an, ni pou mwen prizonye li a. Men soufri avèk mwen pou Levanjil la, pa pisans **Bondye**."

2Timote 1:18 "Ke **Senyè a** ba li pou jwenn mizerikòd bò kote Senyè a nan jou sa a. Ou konnen pi byen pase tout moun konbyen sèvis li te rann mwen nan Efèz."

2Timot 4 (1 fwa)

2Timote 4:1 "Mwen sipliye'w devan **Bondye** ak devan Senyè Jezi Kris ki dwe jije moun vivan yo ak moun mouri yo, e nan non aparisyon li a ak wayòm li an."

Total nan 2Timote = 5 fwa

Nan liv 2Timote a, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa a o mwen **5 fwa**.

3.3.18- Liv Tit: 4 fwa**Tit 1 (3 fwa)**

Tit 1:1 "Pòl, sèvitè **Bondye**, ak apot Jezi Kris pou lafwa eli **Bondye** yo ak konesans verite a ki se selon pyete a."

Tit 1:4 "A Tit, pitit lejitim mwen nan menm lafwa a: Ke gras ak lapè avèk ou ki soti nan **Bondye Papa a** ak nan Jezi Kris Sovè nou an!"

Tit 2 (1 fwa)

Tit 2:13 "Pandan n'ap tann byenveyans esperans la, ak manifestasyon laglwa gran **Bondye** a ak Sovè nou an Jezi Kris."

Total nan Tit = 4 fwa

Nan liv Tit la, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa a o mwens **4 fwa**.

3.3.19- Liv Filemon: 1 fwa**Filemon (1 fwa)**

Filemon 3 "Ke gras ak lapè avèk ou, ki soti nan **Bondye Papa nou** ak Senyè Jezi Kris!"

Total nan Filemon an = 1 fwa

Nan liv Filemon an, Disip yo te pale de Bondye ou de Bondye Papa a o mwens **1 fwa**.

3.3.20- Liv Ebre: 29 fwa**Ebre 1 (5 fwa)**

Ebre 1:2 "**Bondye** nan dènye tan sa yo, te pale avèk nou pa Pitit la, ke li te atabli eritye tout bagay, pa limenm tou li te kreye mond lan."

Ebre 1:3 "E ki, se reflè glwa li ak enpwent moun li ye a, e k'ap soutni tout bagay pa pawòl pisan li a, te fè pirifikasyon peche yo e li chita a dwat **majeste divin nan** nan lye trè wo yo."

Ebre 1:5 "Donk a kiyès nan anj yo **Bondye** te janm di: Ou se pitit mwen, mwen anjandre'w jodi a? E ankò, m'ap yon papa pou li, e l'ap yon pitit pou mwen."

Ebre 1:6 "E lòske li entrodwi ankò nan mond lan premye ne a, Li di: Ke tout anj **Bondye** yo adore'l!"

Ebre 1:9 "Ou te renmen lajistis, e ou te rayi inikite; se poutèt sa, o Bondye, **Bondye**'w la te wen'w ak yon lwil lajwa sou tèt tout egal ou yo."

Ebre 2 (3 fwa)

Ebre 2:8 "Ou te mete tout bagay anba pye'l. An fèt, nan soumèt li tout bagay, **Bondye** pat lèse anyen ki pat soumèt avè'l. Sepandan, nou pa wè ankò kounye a ke tout bagay soumèt avè'l."

Ebre 1:5 "Donk a kiyès nan anj yo Bondye te janm di: **Ou se Pitit mwen, Mwen te anjandre'w jodi a?** E ankò: M'ap yon Papa pou Li, e **L'ap yon Pitit pou mwen?**"

Ebre 5:5 "E Kris pat non plis atribye a li pou vin souvren sakrifikatè, men li te genyen'l pa **sila ki te di'l: Ou se Pitit mwen,** Mwen te anjandre'w jodi a!"

2Pyè 1:16-17 "Donk, se pa, nan swiv fab abilman prepare, ke nou te fè konnen pisans ak retou Senyè nou an Jezi Kris, men se tankou nou te wè majeste li a a pwòp je nou. ¹⁷Donk **li te resevwa nan men Bondye Papa a** onè ak glwa, kan yon vwa te fè tande glwa manyifik la ki te di: **Sila sa a se Pitit Mwen renmen anpil la,** nan li mwen te mete tout afeksyon mwen."

3.7.4- Zanj yo rekonèt e deklare ke Jezi se Pitit Bondye

Lik 1:28-32 "Anj lan te antre lakay li, e te di: Mwen salye'w, ou menm avèk ou yo te fè yon gras; Senyè a avèk ou. ²⁹Trouble pa pawòl sa a, Mari te mande tèt li ki sa yon salitasyon konsa ta ka sinyifi. ³⁰Anj lan te di'l: Ou pa bezwen pè, Mari; donk ou te jwenn gras devan Bondye. ³¹E men, ou pral vin ansent, e ou pral fè yon pitit gason, e w'ap ba li non Jezi. ³²**Li pral gran e pral rele Pitit Trè Wo a,** e Senyè a Bondye pral ba li tròn David la, papa li."

Lik 1:35 "Anj lan te reponn li: Sentespri a pral vin sou ou, e pisanns Trè wo a pral kouvri'w ak lonbraj li. Se poutèt sa **Pitit Sen ke'w pral fè a pral rele Pitit Bondye.**"

3.7.5- Konklizyon

Bondye Papa a pat janm, swa dirèkteman, swa endirèkteman, te deklare ke Jezi se Bondye Papa ak Sentespri a. Anj Li yo pat janm deklare sa non plis. Poutan tout te rekonèt e te deklare ke Jezi Kris se Pitit Bondye, Pitit Bondye Trè Wo a.

Donk nou kapab konkli ke Jezi Kris, nan pwòp gre li, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, nan gre Papa Li Bondye li a, pa ni Sentespri a. E Jezi Kris, menm nan je Anj Bondye yo, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, selon Bib la, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. ***Jezi Kris pa ka donk Bondye Papa a ak Sentespri a sèlman nan gre kèk demon sou fòm moun yo ki kwè y'ap vann anpil andetay yon sekre ke Bondye Kreyatè syèl yo ak tè pa genyen.***

3.8- Uityèm Rechèch: Satan te Deklare ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentespri a?

3.8.1- Entwodiksyon

Travay ke yo ban nou an, se pou pakouri Bib la nan chache nan tout pasaj ladan yo ***satan te deklare ke Jezi se Li menm ki Bondye Papa a ak Sentespri a.***

3.8.2- Bib la reponn nou

Pou verifeye si kèk demon sou fòm moun yo gen rezon pou di ke ***Jezi Kris ta an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a,*** nou te pakouri tout Bib la, pou wè sa ke Bondye Papa a Li menm di de Jezi, e ak sa Anj yo di tou de Jezi. E pou yon travay pi sèten ak pi konvenkan, nou te sèvi pou nou a prèske yon ventèn vèsyon Bib nan plizyè lang. ***Nou pat jwenn okenn pasaj, ladann satan te deklare ke Jezi se Li menm ki Bondye Papa a ak Sen Espri a.***

Satan ki te konnen kòman gouvènman Bondye a konpoze, pat janm oze di, ni sigjere, ke Jezi ta ***Bondye Papa a ak Sentespri a.*** Byen okontrè, li te rekonèt e te respekte pozisyon Jezi nan gouvènman Bondye sa a, donk pozisyon Pitit Bondye a. Li pat tronpe tèt li sou sa yon sèl fwa, e li pat oze pou bay yon lòt tit a Jezi ke tit Pitit Bondye a, tankou jan nou ka verifeye li nan vèsè ki anba yo. Satan dwe reyèlman felisite demon sou fòm moun sa yo ki te genyen odas sa a ke li menm li pat genyen.

Nan pasaj sa a nan Matye 4:5-6, nou wè kòman satan demontre ke li konnen trè byen konfigirasyon ekip Bondye a.

3.8.3- Liv Matye

Matye 4:5-6 "Dyab la te transpòte'l nan vil sent lan, te plase'l sou tèt tanp lan, ⁶e te di li: Si ***ou se Pitit Bondye a,*** lage kò'w anba; donk li ekri: ***L'ap*** bay lòd a ***anj Li yo*** pou ***ou***; e y'ap pote'w nan men yo, pou ke pye'w pa frape nan yon wòch."

Satan rekonèt klèman isi a ke Jezi se Pitit Bondye; li rekonèt ke Bondye Papa genyen Bann anj; e li rekonèt ke menm Bondye Papa sa a te bay lòd a anj Li yo pou Pitit la. Satan donk konnen trè byen de ki sa l'ap pale a. Kwè ke kèk demon sou fòm moun ta konnen gouvènman Bondye a pi byen ke papa yo dyab la, ta yon erè grav.

E kòm nou ka konstate'l, Jezi pat reprimande satan poutèt li te konsidere'l kòm Pitit Bondye, e non pa Bondye Papa a ou menm Sentespri. Li pat non plis reprimande satan poutèt li te di ke li gen yon Papa, ki pa ta egziste selon kèk demon sou fòm moun, ta bay lòd ak anj yo pou Li. Si Jezi ki pat ka tolere yon gwo mansonj konnsa nan satan pat reprimande'l, se paske sa satan te sot di a, pat manti. Donk Jezi pat trouve sa enjirye ke satan "rabese" Li nan pozisyon senp Pitit, Li menm ki ta nan sa ke kèk demon sou fòm moun di, an menm tan Bondye Papa a ak Sentespri a.

3.8.3- Liv Lik

Lik 4:3-4 "Dyab la di'l: ***Si ou se Pitit Bondye a,*** kòmande a wòch sa a pou ke li vin pen. ⁴Jezi te reponn li: Li ekri: Moun pap viv sèlman ak pen."

Lik 4:9-12 "Dyab la te kondwi'l ankò nan Jerizalèm, te plase'l sou tèt tanp lan, e te di'l: Si **ou se Pitit Bondye a**, lage kò'w anba; ¹⁰donk li ekri: **L'ap** bay lòd a **anj Li yo** pou **ou**, pou yo ka veye'w; ¹¹e: Y'ap pote'w nan men yo, pou ke pye'w pa frape nan yon wòch. ¹²Jezi te reponn li: Li te di: Pa janm tante Senyè'w la, Bondye'w la menm."

3.8.5- Konklizyon

Satan pat janm, swa dirèkteman, swa endirèkteman, te deklare ke Jezi Kris se Bondye Papa ak Sentespri a. Li te limite li nan deklarasyon li yo a sa ke Jezi ye a reyèlman, sa vle di Pitit Bondye a. Donk nou kapab konkli ke Jezi Kris, nan pwòp gre li, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, nan gre Papa Li Bondye li a, pa ni Sentespri a. ***Jezi Kris, menm nan je satan, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a.*** E Jezi Kris, selon Sent Bib la, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a.

3.9- Nevchè Rechèch: Satan Rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye

3.9.1- Entwodiksyon

Travay ke yo ban nou an, se pou pakouri Bib la nan chache nan tout pasaj ladan yo ***satan te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye a.***

3.9.2- Bib la reponn nou

Pou verifye si kèk demon sou fòm moun yo gen rezon pou di ke ***Jezi Kris ta an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a,*** nou te pakouri tout Bib la, pou wè sa ke Bondye Papa a Li menm di de Jezi, e ak sa Anj yo di tou de Jezi. E pou yon travay pi sèten ak pi konvenkan, nou te sèvi pou nou a prèske yon ventèn vèsyon Bib nan plizyè lang. Nou te jwenn plizyè pasaj ladan yo ***satan te rekonèt e te deklare ke Jezi Kris se Pitit Bondye a.***

3.9.3- Liv Matye

Matye 4:2-4 "Après Li te fin jene karant jou ak karant nwit, li te grangou. ³Tantatè a, te aproche li, te di'l: Si **ou se Pitit Bondye**, kòmande wòch sa yo tounen pen. ⁴Jezi te reponn: Li ekri: Moun pap viv sèlman ak pen, men nan tout pawòl ki soti nan bouch Bondye."

Matye 4:5-6 "Dyab la te transpote'l nan vil sent lan, te plase'l sou tèt tanp lan, ⁶e te di li: Si **ou se Pitit Bondye a**, lage kò'w anba; donk li ekri: **L'ap** bay lòd a anj Li yo pou **ou**; e y'ap pote'w nan men yo, pou ke pye'w pa frape nan yon wòch."

3.9.4- Liv Lik

Lik 4:1-4 "Jezi, te ranpli ak Sen Espri, te soti nan jouden an, e li te kondwi pa Lespri a nan dezè a, ²kote dyab la te tante li pandan karant jou. Li pat manje anyen pandan jou sa yo, e, apre ke jou yo te fini, li te grangou. ³Dyab la te di'l: **Si ou se Pitit Bondye**, kòmande wòch sa a pou vin pen. ⁴Jezi te reponn: Li ekri: Moun pap viv sèlman ak pen."

Lik 4:9-12 "Dyab la te kondwi'l ankò nan Jerizalèm, te plase'l sou tèt tanp lan, e te di'l: Si **ou se Pitit Bondye a**, lage kò'w anba; ¹⁰donk li ekri: **L'ap** bay lòd a anj Li yo pou **ou**, pou yo ka veye'w; ¹¹e: Y'ap pote'w nan men yo, pou ke pye'w pa frape nan yon wòch. ¹²Jezi te reponn li: Li te di: Pa janm tante Senyè'w la, Bondye'w la menm."

3.9.5- Konklizyon

Satan te rekonèt e te deklare san difikilte, ke Jezi se Pitit Bondye, nan konfime tou sa ke Jezi Li menm te deklare ke Li ye a. ***Jezi se donk, menm nan je satan, Pitit Bondye, e se pa Bondye Papa, e se Pa Sentespri a.***

3.10- Dizyèm Rechèch: Demon yo Rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye

3.10.1- Entwodiksyon

Travay ke yo ban nou an, se pou pakouri Bib la nan chache nan tout pasaj ladan yo **demon yo te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye a**.

3.10.2- Bib la reponn nou

Pou verifye si kèk demon sou fòm moun yo gen rezon pou di ke **Jezi Kris ta an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a**, nou te pakouri tout Bib la, pou wè sa ke Bondye Papa a Li menm di de Jezi, e ak sa Anj yo di tou de Jezi. E pou yon travay pi sèten ak pi konvenkan, nou te sèvi pou nou a prèske yon ventèn vèsyon Bib nan plizyè lang. Nou te jwenn plizyè pasaj ladan yo **demon yo te rekonèt e te deklare ke Jezi Kris se Pitit Bondye a**.

3.10.3- Liv Matye

Matye 8:28-29 "Lòske li te nan lòt bò a, nan peyi Gadarenyen yo, de demonyak, te soti nan tonm yo, te vin devan li. Yo te si tèlman move ke pèsonn pat oze pase la. ²⁹E men, yo t'ap di: **Kisa ki gen ant nou menm avèk ou, Pitit Bondye a?** Èske'w vini isi a pou toumante nou anvan tan an?"

3.10.4- Liv Mak

Mak 1:23-25 "Li te jwenn nan sinagòg yo a yon nonm ki te gen yon lespri sal, e ki t'ap di: ²⁴Ki sa ki gen ant nou menm avèk ou, Jezi de Nazarèt? Ou vini pou pèdi nou. **Mwen konnen kiyès ou ye: Sen Bondye a.** ²⁵Jezi te menase'l, pandan li te di: Fèmen Bouch ou, e soti nan nonm sa a."

Mak 3:11 "Lespri sal yo, kan yo te wè'l, te prostène yo devan li, e yo t'ap di: **Ou se Pitit Bondye a.**"

Mak 5:6-8 "Pandan yo te wè Jezi de lwen, yo te kouri, prostène yo devan li, ⁷e yo t'ap di ak gwo vwa: **Ki sa ki genyen ant mwen menm avèk ou, Jezi, Pitit Bondye Trè Wo a?** Mwen sipliye'w nan non Bondye, pa toumante'm. ⁸Donk Jezi te di'l: Soti nan nonm sa a, lespri sal!"

3.10.5- Liv Lik

Lik 4:33-35 "Li te jwenn an sinagòg la yon nonm ki te gen yon lespri sal, e ki t'ap di ak yon gwo vwa: ³⁴A! Ki sa ki genyen ant nou menm avèk ou, Jezi de Nazarèt? Ou vini pou pèdi nou. **Mwen konnen kiyès ou ye: Sen Bondye a.** ³⁵Jezi te menase'l, pandan li te di: Fèmen Bouch ou, e soti nan nonm sa a. E demon an te jete'l nan mitan asanble a, e te soti nan li, san li pa fè'l oken mal."

Lik 4:41 "Bann demon te soti tou nan anpil moun, pandan yo t'ap kriye e t'ap di: **Ou se Pitit Bondye a.** Men li te menase yo e pat pemèt yo pale, paske yo te konnen ke li te Kris la."

Lik 8:27-29 "Lòske Jezi te desann atè, yon nonm nan vil la te vin devan'l, ki te posede a plizyè demon. Depi lontan li pat janm gen rad sou li, e li pat rete nan yon kay, men nan tonm yo. ²⁸Pandan li te wè Jezi, li te pouse yon gwo kri, te lage kò'l nan pye'l, e te di ak yon gwo vwa: **Ki sa ki genyen ant mwen menm avèk ou, Jezi, Pitit Bondye Trè Wo a?** Mwen sipliye'w, pa toumante'm. ²⁹Donk

Jezi te kòmande lespri sal la pou soti nan nonm sa a, ke li te anpare'l depi lontan an; yo te kenbe'l nan chenn ak fè nan pye'l, men li te kase yo, e demon yo te mennen'l nan dezè yo."

Kòm nou ka konstate'l, satan ak kèk nan ajan li yo yo nan total dezakò sou sijè sa a. Satan li menm pat janm di ke Jezi se te Bondye Papa ak Sentespri a. Demon nan lespri yo non plis pat janm di'l. Yo te toujou rekonèt ke Jezi se Pitit Bondye, Pitit Bondye Trè Wo a. Men kèk nan ajan demon sou fòm moun yo, te chwazi opoze yo a pozisyon li a, e tante dezespereman pou demontre ke Jezi pa jis Pitit Bondye, Pitit Bondye Trè Wo a, men ke Li an menm tan Bondye Papa ak Sen Espri a.

Nan pran pozisyon sa a, demon sou fòm moun sa yo mete yo nan total kontradiksyon avèk tout otorite espiyèl yo ki konsène pa sijè sa a. Yo opoze yo ak Bondye Papa a; yo opoze yo ak Jezi Kris Pitit Papa a; yo opoze yo ak anj Bondye yo ke yo tout te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye Trè Wo a; yo opoze yo ak Apot yo e ak lòt Disip Jezi yo ke yo tout te rekonèt ke Jezi se Kris la, Pitit Bondye vivan an; yo opoze yo ak papa yo dyab la; yo opoze yo ak kòlèg yo demon nan lespri yo; brèf yo opoze yo a tout.

Yo te ka menm kwè ke demon sa yo yo pi entelijan pase tout. Menm ke yo pi entelijan ke pwòp papa yo satan, ki ta menm enpansab. Donk li pa fasil pou konkli ke yo fou pito. Yo se bann malad mantal. Fòk se sèlman malad mantal pou kwè yo pi entelijan ke tout lòt demon nan lespri yo, ke dyab la, ke Anj Bondye yo, e ke Bondye Li menm.

Sèl konsèy ke nou ka ba yo pou fini, se pou ale akwoche yo avèk papa yo dyab la, sou mansonj y'ap fè kouri yo, si yo vrèman gen lentansyon pou gen yon minimòm kredi bò kote sila yo ki pral koute yo a.

3.10.6- Konklizyon

Satan pat janm, swa dirèkteman, swa endirèkteman, te deklare ke Jezi se Bondye Papa ak Sentespri a. Demon nan lespri li yo pat janm deklare'l non plis. Poutan yo tout te rekonèt e te deklare ke Jezi Kris se Pitit Bondye, Pitit Bondye Trè Wo a.

Donk nou ka konkli ke Jezi Kris, nan pwòp gre Li, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris nan gre Papa Li ak Bondye Li a, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, menm nan je satan, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, menm nan konesans demon nan lespri yo, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, selon Sent Bib la, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. **Jezi Kris donk pa ka Bondye Papa a ak Sentespri a sèlman nan gre kèk demon sou fòm moun ki nan total kontradiksyon avèk papa yo dyab la.**

3.11- Onzyèm Rechèch: Bib la Pale Dwat Bondye

3.11.1- Entwodiksyon

Chè frè ak chè zanmi, nan travay sa a nou te propoze nou pou pakouri tout Bib la pou chache nan tout pasaj ki pale de adwat Bondye. Poukisa nou fè sa? Se kesyon ke nou pral tante pou poze nou, e sa se avèk rezon.

An fèt, rechèch sa a ke plizyè pami nou pral jije ki anven ak initil, nou te enpoze pa yon pasaj ke nou te genyen avèk kèk pretandi kretyen dènyeman an. Kèk swadizan pitit Bondye sa yo se te bann adèp doktrin satanik la ki soti nan fo ansèyman **William Marrion Branham, pitit pèdisyon sa a ki te tante diran ministè li, pou prove ke Bib la fo e ke Bondye se te mantè.** Selon doktrin satanik sa a, **Jezi Kris Pitit Bondye a pa ta gen Papa, e se ta li menm ki Pwòp Papa li, Bondye Papa a, ak Sentespri a.**

Pami swadizan pitit Bondye sa yo ki t'ap soutni foli sa a, te gen youn ki ta sanble te bwe pwazon doktrin satanik sa a jiskas ke li sou. E piske pyès moun pap janm reyisi pou demonstre ke Bib la fo nan sèvi ak Bib la, sèl bagay ki rete pou demon kotestatè yo, se vle vire Bondye ou Bib la nan mokri. E nan fè li malerezman, yo ridikilize tèt yo pito. Donk chak fwa ke demonstrasyon pawòl Bondye a vin trè klè, pou kontinye konteste, yo oblije pou nan egare, e pou fè sanblan ke yo anfas yon bagay ki trò difisil pou konprann. Se poutèt sa ke mwen ankouraje tout vrè pitit Bondye yo pou yo pa antre nan kontestasyon. Pa bliye ke kontestasyon an se youn nan eleman avèk yo yo idantifye pitit satan yo. Yo aksepte difisilman pawòl Bondye a, e yo toujou jwenn li trò konplike, menm kan yo anfas pwen ki trè fasil pou konprann.

Pami pasaj ke nou te site yo pou konvenk sidiktè sa yo ke nou te pran pou pitit Bondye, te genyen pa Travay 7:56 la ki di: **"E li di: Men, mwen wè syèl yo ouvè, e Pitit moun nan kanpe a dwat Bondye"** Demon sa a ki te vle absoliman konteste verite a, li te kwense li pa klate pawòl Bondye a. E pito ke pou rekonèt verite a e pou repanti, li te tante pou prouve nou ke Bondye pat ka gen yon dwat. Donk li te revòlte li kont pasaj Bib sa a, e li te eksklame li ak yon ton grav: **"Yon Bondye avèk yon dwat?"** Sou sa, nou te raple li ke se yon vèsè biblik ke nou sot li. Se alò li te tante, nan yon rezònman konfi, nan fè prèv nan erè biza, pou prouve nou ke Bondye pa ka gen yon dwat.

Selon diskou li a, Bondye ki se Lespri, pa ka gen yon dwat. A kesyon li a nou te tou senpleman retounen kote Bondye pou eseye jwenn yon repons. Donk se pa nou menm ki te di ke Bondye te gen yon dwat, se Bondye Li menm ki di'l. An plis, nou pat mete nou pou'n konvenk li paske Bondye te gen yon dwat, nou te tousenpleman mete nou pou li yon vèsè ekri nan nwa sou blan nan Bib la. Donk kiyès ki ka pi byen plase ke Bondye pou reponn li? Nou te mande li pou ale rankontre Bondye, e eksplike Bondye ke yon vrè Bondye pa ka gen yon dwat.

Kan byen menm se te premye fwa ke nou te rankontre jan rezònman satanik sa a, non sèlman nou te eskandalize, men nou te konprann tou ke kèk kretyen inyoran ta deja kontamine pa jan de ansèyman dyabolik sa yo. Se sa ki te kondwi nou pou fè ti rechèch sa a, pou ka ede tout moun ki ta deja posede pa demon doktrin dyab sa a, e ki ta yo menm tou ap konteste ak yon konviksyon enkwayab,

bann bagay enkontestab, bann bagay vilgè e bazik, bann bagay senp pou konprann menm pou moun ki pa gen okenn enstriksyon.

Kòm nou te fè avèk premye rechèch yo, nou te jwenn li pi bon pou regwoupe vèsè ki genyen ekspresyon nou te chache yo, dabò pa chapit, answit pa liv, anvan pou abouti nan gran total. Nan chak vèsè, nou te byen evidamman te mete an **gra e soulinye** tout ekspresyon nou te chache yo.

Liv ladan yo nou te jwenn mo e ou ekspresyon nou te chache yo se: **1Wa, 2Kronik, Sòm, Matye, Mak, Lik, Travay Apot yo, Romen, Efezyen, Kolosyen, Ebre, ak 1Pyè.**

3.11.2- Ansyen Testaman

1Wa (1 fwa)

1Wa 22:19 "E Miche di: Donk koute pawòl Letènèl la! Mwen te wè Letènèl te chita sou tròn li, e tout lame syèl yo te mete yo bò kete'l, a **dwat li** e a goch li."

2Kronik (1 fwa)

2Kronik 18:18 "E Miche di: Donk koute pawòl Letènèl la! Mwen te wè Letènèl te chita sou tròn li, e tout lame syèl yo te mete yo bò kete'l, a **dwat li** e a goch li."

Sòm (7 fwa)

Sòm 16:11 "Ou pral fè'm konnen santye lavi a; pral genyen anpil jwa devan fas ou, bann delis etènèl a **dwat ou**."

Sòm 45:10 "Bann fi wa yo yo pami moun ou renmen anpil yo; rèn nan a **dwat ou**, kouvri ak lò Ofi."

Sòm 48:11 "Kòm non'w, o Bondye! Louwanj ou a sonnen jiska nan bout tè a; **dwat ou** li plen ak jistis."

Sòm 80:16 "Proteje sa ke **dwat ou** te plante a, e pitit ke ou te chwazi a!..."

Sòm 80:18 "Ke men'w swa sou nonm a **dwat ou a**, sou pitit moun nan ke ou te chwazi a!"

Sòm 110:1 "Nan David. Sòm. Pawòl Letènèl a Senyè'm nan: **Chita a dwat mwen**, jiskas ke mwen fè ennmi ou yo tounen mach pye'w."

Sòm 110:5 "Senyè a, a **dwat** li, brize bann wa nan kòlè li a."

Total Ansyen Testaman = 9 fwa

3.11.3- Nouvo Testaman

Matye (6 fwa)

Matye 20:21 "Li te di'l: Ki sa'w vle? Kòmande, li te di'l, ke de pitit gason'm yo, sa yo, ka chita, nan wayòm ou an, youn a **dwat ou** e lòt la agoch ou."

Matye 20:23 "E li te reponn yo: Li vre ke nou pral bwè koup mwen an; men pou sa ki ap chita a **dwat mwen an** e a goch mwen an, sa pa depann de mwen, e se a moun ke Papa'm rezève li a k'ap Jwenn li."

Matye 22:44 "Senyè a te di a Senyè'm nan: **Chita a dwat mwen**, Jiskas ke mwen fè ennmi ou yo tounen mach pye'w?"

Matye 25:33 "E li pral mete brebi yo **dwat li**, e bouk yo a goch li."

Matye 25:34 "Ebyen wa a pral di a sa yo ki pral a **dwat li** yo: Vini, nou menm ki beni nan papa'm; pran posesyon wayòm nan ki te prepare pou nou depi mond lan t'ap fonde a."

Matye 26:64 "Jezi te reponn li: Ou di'l. Anplis, m'ap deklare nou sa, nou pral wè dezòmè pitit moun nan chita a **dwat pisans Bondye a**, pandan l'ap vini sou nyaj syèl la."

Mak (5 fwa)

Mak 10:37 "Akòde nou, yo te di li, pou youn chita **dwat ou** e lòt la a goch ou, kan w'ap nan glwa'w la."

Mak 10:40 "Men pou sa ki ap chita a **dwat mwen an** e a goch mwen an, sa pa depann de mwen, e se a moun ke Papa'm rezève li a k'ap Jwenn li."

Mak 12:36 "David li menm, te anime pa Lespri Sen an, te di: Senyè a te di a Senyè'm nan: **Chita a dwat mwen**, Jiskas ke mwen fè ennmi ou yo tounen mach pye'w?"

Mak 14:62 "Jezi te reponn: Mwen se li. E nou pral wè Pitit moun nan chita a **dwat pisans Bondye a**, e pandan l'ap vini sou nyaj syèl la."

Mak 16:19 "Senyè a, aprè te fin pale avèk yo, te anlve nan syèl la, e li te chita a **dwat Bondye**."

Lik (2 fwa)

Lik 20:42 "David li menm te nan liv Sòm yo: Senyè a te di ak Senyè'm nan: **Chita a dwat mwen**."

Lik 22:69 "Dezòmè Pitit moun pral chita a **dwat pisans Bondye a**."

Travay (4 fwa)

Travay 2:25 "Donk David te di de li: Mwen te wè konstamman Senyè a devan mwen, paske li a **dwat mwen**, pou mwen ka pa ebranle menm."

Travay 2:34 "Donk David pa janm monte nan syèl, men li te di li menm: Senyè a di a Senyè'm nan: **Chita a dwat mwen**."

Travay 7:55 "Men Etyèn, te ranpli ak Sen Espri, pandan li fikse rega li nan syèl la, te wè laglwa Bondye e Jezi kanpe a **dwat Bondye**."

Travay 7:56 "E li te di: Men, Mwen wè syèl yo ouvè, e Pitit moun nan kanpe a **dwat Bondye**."

Romen (1 fwa)

Romen 8:34 "Kiyès ki pral kondane yo? Kris te mouri; byen plis, li te leve vivan pami mò yo, li a **dwat Bondye**, e l'ap entèsede pou nou!"

Efezyen (1 fwa)

Efezyen 1:20 "Li te deplwaye'l nan Kris, nan fè li leve vivan pami mò yo, e nan fè li chita a **dwat li** nan lye selès yo."

Kolosyen (1 fwa)

Kolosyen 3:1 "Si donk nou leve vivan avèk Kris, chache bagay an wo yo, kote Kris chita a **dwat Bondye**."

Ebre (5 fwa)

Ebre 1:3 "E ki, se reflè glwa li ak anpwent moun li ye a, e nan soutni tout bagay pa pawòl pisan li a, te fè pirifikasyon peche yo e te chita a **dwat majeste divin nan** nan lye trè wo yo."

Ebre 1:13 "E a kiyès nan anj yo li te janm di: Mete'w chita a **dwat mwen**, jiskas ke mwen fè ennmi ou yo tounen mach pye'w?"

Ebre 8:1 "Pwen kapital nan sa ki sot di la a, se ke nou gen yon tèl souvre sakrifikatè, ki chita li a **dwat** tronn majeste divin nan nan syèl yo."

Ebre 10:12 "Li, aprè te fin ofri yon sèl sakrifis pou peche yo, te chita li pou toujou a **dwat Bondye**."

Ebre 12:2 "Ann gen rega nou sou Jezi, chèf ak konsomatè lafwa, ki, nan anvi lajwa ki te rezève pou li a, te soufri lakwa a, meprize imnyomini, e te chita li **dwat tronn Bondye a**."

1Pyè (1 fwa)

1Pyè 3:22 "Ki a **dwat Bondye**, depi ke li te ale nan syèl, e ke anj yo, otorite yo ak pisans yo, te soumèt avèk li."

Total Nouvo Testaman = 26 fwa

Total Bib: 9 + 26 = 35

3.11.4- Konklizyon

Bib la pale prèske yon santèn fwa de a dwat Bondye a. Sa a vle di ke Bondye genyen bèl e byen yon dwat, ke nenpòt definisyon ke yo chwazi pou bay a mo dwat sa a, ou konpreyansyon ke yo vle fè avèk li a. Li etabli nan Bib la ke Bondye gen yon dwat. Nan kad travay sa a, nou te chwazi pou li mite nou nan pasaj ki pale de a dwat Bondye **an tan ke posibil**, tèlman problèm demon yo sanble se lefèt ke Jezi swa a dwat Bondye a.

Nou sipoze donk ke problèm yo a, se plis pozisyon sa a ke Pitit Bondye a okipe a bò kote Papa li. Yo jalou pou li, e pou yo banalize tout, yo renye Bondye, renye dwat Li a, renye Pitit Li a, ak renye Pawòl Li. Se anreyalite tout Bib la ke demon

sa yo renye. Si Bondye pa gen yon dwat, sè ke Bib la ki pale plis de yon santèn fwa mo dwat Bondye sa a, li fo. Se an fèt mesaj ke sèpan sa yo ap tante fè pase.

Pou senplifye travay sa a, nou te chwazi pou pa konte vèsè bibliki ki pale de dwat Bondye a nan refere li swa a men Bondye, swa a bra Bondye. Moun mwen renmen yo, mesaj la trè klè, kòm nou menm nou te konstate li. Sou nenpòt ki ang ke nou ta chwazi pou pran dwat Bondye a, nou byen sèvi nan Bib la. Donk kote li soti ke demon yo ap tante pou prouve nou ke Bondye ki pale Li menm de dwat Li, pa ta genyen'l? Ant Bondye ak demon yo kiyès ki konnen Bondye pi byen, e ant Bondye ak demon yo kiyès ki konnen pi byen pawòl Bondye a? Ant Bondye ak demon sou fòm moun sa yo, kiyès ki pi byen plase pou di nou si Bondye gen yon dwat? A nou menm pou reponn, e a nou menm pou chwazi kiyès nou vle swiv.

Kounye, a, pou kesyon **"Yon Bondye ki gen yon dwat la?"** repons lan vin senp. Si bondye demon yo pa gen dwat, pa nou a genyen'l, e Li pa kache li. Si selon demon yo se tap yon wont pou yon bondye gen yon dwat, Bondye nou an pa eprouve okenn wont pou di nou ke Li gen yon dwat. E mwen pa kwè ke nou menm avèk mwen pral vin fou nan pwèn pou raple Bondye nou an a lòd, e prouve Li ke Li tronpe Li. Kite treway demon yo pou demon yo. Ann pa imite yo.

Menm si sa pa siprann nou menm ankò nan ajan satan yo, se toujou revòltan, moun mwen renmen yo, pou wè moun nye bann verite si klè, e ki yon fason tè a tè nan Bib la. Pafwa ou mande tèt ou si sèpan sa yo k'ap prouve ke Bondye se mantè gen yon Bib. Yo genyen'l vrèman, e yo li'l. Men yo pa soti nan Bondye, yo pa ka aksepte'l.

Konnen ke Senyè Jezi Kris, Bondye nou an, e Sèl Pitit Papa selès nou an, te kondwi nou nan etid sa a pou ranfòse e afèmi disèneman nou. Konnen yon fwa pou tout, ke **okenn vrè pitit Bondye pa gen problèm avèk pawòl Bondye a**. Donk aprann a pati konye a, pou rekonèt rapidman pitit dyab la yo. Okenn vrè pitit Bondye pa gen problèm avèk pawòl Bondye a; okenn vrè pitit Bondye pap janm tante pou prouve ke Bondye se mantè, oswa ke Bib la fo, oswa ke Bondye tronpe tèt li, oswa ke Bondye se inyoran. Nou pap janm wè yon sèl vrè pitit Bondye, tante pou korije Bondye.

Donk pa janm pèdi ankò pa menm yon ti minit nan bann diskisyon esteril avèk swadizan kretyen k'ap demontre ke yo konnen Bib la plis ke Bondye Bib la. Moun mwen renmen yo pa janm elwanye, nan sa ki ekri a.

3.12- Douzyèm Rechèch: Kantite vèsè Bib la

3.12.1- Entwodiksyon

Après tout rechèch ke nou te fè pou verifye si Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, nou te jwenn li nesesè pou nou lanse nan yon ti kiz, ke bi rechèche a pat transparèt fasilman. Sa ki fè pou konnen avèk egzaktitid kantite vèsè ke Sent Bib la genyen.

A kisa kantite vèsè nan Bib la ka byen sèvi nou? Kantite liv, nou konnen'l deja, li fè pati bann eleman ki ede nou pou diferansye vrè Bib yo ak fo yo. Kantite chapit, nou konnen'l tou, li sanble plis yon kilti jeneral pou nou ke tout. Si kantite chapit nan Bib la pa si itil pou nou piske li pap ede nan pyès kote pou nou sanntifye davantaj, alò kisa kantite vèsè pral sèvi nou, pou ke nou pran menm tan pou konte yo?

Nou retrouve nou pa fòs bann bagay pou kòmanse fè bann rechèch, e menm bann kiz ke nou pat planifye. Demon sou fòm moun yo k'ap blasfeme yo kont Bondye te kontrenn nou ak yo. Donk se nan detèminasyon nou pou demonstre e pou defèt pou bon doktrin satanik sa a ki non sèlman ap blasfemè kont Bondye Papa e kont Pitit Li Jezi Kris, men ki anplis detounen pa mal kretyen nan chemen verite a, ke nou te panse ak yon evantyèl itilite nan kantite vèsè nan Bib la.

Nou dwe lanse nou nan matematik ak estatistik yo pou defèt demon yo? Yon ti nosyon probablite ap nesesè pou nou pou yon travay ki vle li sèlman espiyèl? Pa nan sa menm! Pa gras Bondye nou te kapab deja atravè onz premye rechèch yo, demonstre espiyèlman ke doktrin demon yo pat gen okenn validite.

E si nan douzyèm ak dènye rechèch nou an nou pran rekou nan kalkil, se pou montre demon yo ke kèlke swa metòd itilize a, ke yo pran li espiyèlman oswa ke yo pran rekou nan matematik e ak yon kalkil probablite, yo ap rive trè fasilman pou defèt doktrin blasfèmatwa yo a.

Après dekont vèsè yo, nou pral entèrese nou a rasyo e a pousantaj vèsè sa yo k'ap soutni doktrin demon yo.

3.12.2- Ansyen Testaman

Liv	Kantite chapit	Kantite vèsè
1 Jenèz	50	1533
2 Egzòd	40	1213
3 Levitik	27	859
4 Resansman	36	1288
5 Deteronòm	34	959
6 Jozye	24	658
7 Jij	21	618
8 Rit	4	85
9 1Samyèl	31	811
10 2Samyèl	24	695

11 1Wa	22	817
12 2Wa	25	719
13 1Kronik	29	942
14 2Kronik	36	822
15 Esdras	10	280
16 Neyemi	13	406
17 Estè	10	167
18 Jòb	42	1069
19 Sòm	150	2527
20 Provèb	31	915
21 Ekklezyas	12	222
22 Kantik	8	117
23 Ezayi	66	1291
24 Jeremi	52	1364
25 Lamantasyon	5	154
26 Egzekyèl	48	1273
27 Danyèl	12	357
28 Oze	14	197
29 Jowèl	3	73
30 Amòs	9	146
31 Abdyas	1	21
32 Jonas	4	48
33 Miche	7	105
34 Naoum	3	47
35 Abakik	3	56
36 Sofoni	3	53
37 Aje	2	38
38 Zakari	14	211
39 Malachi	4	55
Total Ansyen Testaman	929	23211

Nan Ansyen Testaman nou te trouve 929 chapit e 23 211 vèsè.

2.12.3- Nouvo Testaman

Liv	Kantite chapit	Kantite vèsè
1 Matye	28	1071
2 Mak	16	680
3 Lik	24	1151
4 Jan	21	879
5 Travay	28	1006
6 Romen	16	433
7 1Korentyen	16	437
8 2Korentyen	13	256
9 Galat	6	149
10 Efezyen	6	155
11 Filipyen	4	104
12 Kolosyen	4	95
13 1Tesalonisyen	5	89
14 2Tesalonisyen	3	47
15 1Timote	6	113
16 2Timote	4	83
17 Tit	3	46
18 Filemon	1	25
19 Ebre	13	303
20 Jak	5	108
21 1Pyè	5	105
22 2Pyè	3	61
23 1Jan	5	105
24 2Jan	1	13
25 3Jan	1	15
26 Jid	1	25
27 Revelasyon	22	405
Total Nouvo testaman	260	7 959
Total Bib	1 189	31 170

Nan Nouvo Testaman nou te trouve 260 chapit e 7959 vèsè.

3.12.4- Konbyen chapit ak vèsè ki nan Bib la?

Nou te denonbre 1189 chapit e 31 170 vèsè au total nan Sent Bib la. Chapit sa yo ak vèsè sa yo yo repati selon prezantasyon ke nou retrouve nan de tablo an wo yo. Nou plis entèrese ak vèsè yo, bi final n'ap chache a se pou tante konprann eka ki egziste ant kantite vèsè ki di ke Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, e kantite total vèsè yo nan Sent Bib la.

3.12.5- Konbyen vèsè ki deklare ke Jezi se Bondye Papa a ak Sentespri a?

Rapò Senkyèm, Sizyèm, Setyèm ak Uityèm rechèch yo ban nou zewo. Sa a vle di ke Sent Bib la depi Ansyen Testaman an jiska Nouvo Testaman an pat Janm di ke Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa ak Sentespri a.

Nan 31 170 vèsè ke Bib la genyen pa gen pyès ki di ke Jezi Kris se Bondye Papa a, e pa gen pyès ki di ke Jezi Kris se Sentespri a. Poutan Nan onz premye rechèch yo ke nou te fè a, nou te genyen plizyè santèn vèsè ki di mo ak mo e klèman, ke Jezi Kris se Pitit Bondye, ke Jezi Kris distenge a Bondye Papa a, e ke Jezi Kris pa Sentespri a. Nou pat Bezwen ni analiz, ni dediksyon, ni entèpretasyon, ni sipozisyon, pou konfime ke Jezi Kris se kòm Li afime'l la Li menm, Pitit Bondye a, e ke Li pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a.

Konklizyon sa a ede nou pou konprann davantaj ansèyman sou Disèneman an. Si nou poko li ansèyman sa a ankò, nou rekòmande nou li. N'ap jwenn li sou sit nou an www.mcreveil.org. Demon sou fòm moun yo egziste, e se yo menm ki ranpli legliz yo jodi a. Sinon kòman konprann ke avèk yon ansèyman klè konsa, avèk anpil prèv ki soutni li, e san okenn prèv kontrè, genyen bann swadizan pastè ak kreyen k'ap fòse yo toujou pou demontre kontrè a.

Swadizan sèvitè Bondye ak kreyen sa yo yo anime nan yon trè gran mekanste. Yo konnen trè byen ke doktrin yo a se yon blasfèm, men yo fè sanblan ke yo pa konnen li, e bay lenpresyon ke yo "onèt" nan sa ke y'ap defann nan. Pandan tan sa a y'ap pyeje lespri fèb yo, e atire yo nan filè yo. Se a nou menm pou fè atansyon. ***Satan pa gen ni frè ni zanmi, e demon yo pa gen ni frè ni zanmi. Nou dwe konn sa.***

Etid sa a ke nou sot fè a, konvenk nou ke pawòl Bondye a pa trè difisil pou konprann. Donk sa ki fè ke pandan ke kèk konprann li trè fasilman, lòt yo eprouve tout pèn mond lan pou konprann li? Nou gen repons lan nan ansèyman sou disèneman an. Se paske yo se demon. Yo pap janm aksepte pawòl Bondye a. Misyon yo se pou prouve ke Bondye se yon mantè.

Danyèl 12:10 di: *"Plizyè pral pirifye, blanchi ak epire; mekan yo pral fè mal e okenn nan mekan yo pap konprann, men sila yo k'ap gen entelijans pral konprann."*

Mwen riske siprann nou nan di nou ke genyen ki pap janm aksepte ansèyman sa a, malgre tout demonstrasyon sa yo ke Senyè te fè, e malgre tout prèv ke Senyè a sot mete a dispozisyon nou, pou konvenk moun ki pi enkredil nan mond lan. Se ankò la, yon lòt prèv ke pawòl Bondye a vrè.

Donk pa lèse demon yo defòme vèsè yo ankò menm pou tante di nou ke sa ke vèsè yo pa di. Tout rechèch sa yo fèt yon fason klè, ak diferan rapò yo chak, se yon prèv pou chak moun, pou konprann ke Jezi Kris pat janm te Bondye Papa a, e ke Jezi Kris pat janm te Sentespri a.

Moun mwen renmen yo nan Senyè a, avantaj ke n'ap ofri ansèyman sa a, se ke li ede nou yon kote, pou detekte ozalantou nou demon yo ke nou ap rele frè ak sè yo pa inyorans, e yon lòt kote, pou mete fen pou tout bon, nan diskisyon sou sijè sa a. Nou pa dwe janm pèdi yon sèl segond menm ankò pou diskite avèk

demon sa yo k'ap tante pou prouve ke Bib la fo, paske "jezi" yo a ta an menm tan "bondye papa" yo a ak "sentespri" yo a.

Chak fwa ke nou pral tande demon yo di ke jezi se bondye papa a, pitit la, ak sen espri a, konnen ke yo pap pale de Jezi Sovè nou an, y'ap pale de jezi yo a. Pa bliye ke yo genyen nan mond fènwa a, bann demon ke yo ba yo non ki simen konfizyon nan lespri plizyè relijye. Yo genyen nan mond yo a bann demon ki pote non jezi, vyèj mari, elatriye. Sa pa gen anyen pou wè avèk Jezi Kris Mèt nou an, ni avèk Mari ki se te manman Jezi, e ki te vin ansuit madan Jozèf.

Pou moun ki pral vin ankò sou nou a pati kounye a avèk doktrin satanik sa a, men sa ke nou pral fè. A kèk, nou pral mande yo pou ban nou jis yon sèl vèsè nan Sent Bib la ki di, san pase pa manipilasyon ak distòsyon nan sans vèsè yo, ke Jezi Kris se Bondye Papa a ak Sentespri a. Nou pral raple yo pa deyò ke Bib la genyen tou 31 170 vèsè. A lòt yo, n'ap tou senpleman ba yo ansèyman sa a pou yo li. Kouri pou distraksyon ak sediksyon.

Moun mwen renmen anpil yo, nou pa trouve li menm etranj ke nan 31 170 vèsè ki genyen nan Sent Bib la pa gen pyès pou soutni doktrin demon sa yo? Si moun sa yo te soti nan Bondye, yo pa t'ap bezwen pou mande yo pou yo repanti yo. Fòk ou menm ou se swisidè pou chwazi pou pa repanti'w fas a jan kamoufle sa ke Senyè a sot aplike pou yo a. Men demon yo pa janm ezite pou ale jiskaske yo touye tèt yo pou fè mal ak pou nwi. *"Donk yo pa t'ap dòmi si yo pat fè mal, somèy t'ap kouri pou yo si yo pat fè pèsonn moun tonbe."* Provèb 4:16. E byen yo pa janm gen wont. Mo wont pa fè pati vokabilè yo a.

3.12.6- Jijman Bondye a baze sou sa ki ekri

Konnen ke Bondye pap janm kondane nou sou baz sa ki pa ekri. Bondye pap janm jije nou sou baz sa ki pa ekri nwa sou blan nan Sent Bib la. Jijman Bondye a pral baze sèlman sou sa ki klèman ekri nan Sent Bib la, e ki nan prèske 31 170 vèsè yo ke nou sot denonbre a.

Donk pa janm lèse egare ankò menm pa sèpan yo ki pa gen wont pou di nou ke si doktrin yo a pa pyès kote nan Sent Bib la, se paske li se yon mistè ke se yo menm sèl k'ap vann li anpil andetay. Konnen ke mistè sa yo ke pitit dyab sa yo ap pale a soti nan bann reyinyon ke yo genyen nan mond okil la pou yo. Okenn nan mistè sa yo pa ka soti nan Bondye. Pawòl Bondye nou an konplè, e Bondye pa fè anyen andeyò pawòl Li.

"Tout bon pou moun ki bon; men anyen pa bon pou moun ki sal ak enkredil, entelijans yo ak konsyans yo sal. ¹⁶Y'ap fè profesyon konnen Bondye, men yo renye'l pa zèv yo, yo abominab, rebèl, e enkapab nan okenn bon zèv." Tit 1:15-16.

3.12.7- Konklizyon

Senyè a atravè ansèyman sa a, sot kontrenn demon yo ki te genyen kòm sèl fon komès yo blasfèm sa a ki di ke Jezi Kris se an menm tan Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, pou kreye yon nouvell bib, oswa pou mete deyò sa ke yo te deja

fabrike a, pou yo mete ladann nouvo vèsè ki pral ede yo pou fè fas a jan de wont ak konfizyon sa a ke yo sot konnen an.

*"**Bondye**, ki se **Papa Senyè Jezi Kris**, e ki beni etènèlman, konnen ke mwen pa janm manti!" 2Korentyen 11:31.*

4- KONKLIZYON

An konklizyon, frè mwen renmen nan Jezi Kris yo ak chè zanmi, konnen ke Jezi Kris bèl e byen sila ke Li te di nou ke Li ye a. ***Li se Timouton Bondye a; Li se Pitit Bondye; Li se premye ne nan tout kreyasyon an; Li se Sen an, Veritab la, Sila ki genyen kle David la, Sila ki ouvè a, e pèsonn pap ka fèmen, Sila ki fèmen an, e pèsonn pap ka ouvri; Li se premye ak dènye; Li se Amen; Li se temwen fidèl ak veritab la; Li se Papa letènite a, Li se kòmansman kreyasyon Bondye a. Men li pa Bondye Papa a, e Li pa Sentespri a.***

Kòm nou te konkli'l aprè youn nan rechèch yo ke nou te fè yo, ***Jezi pat janm, swa dirèkteman, swa endirèkteman, deklare li se Bondye Papa a ak Sentespri a.*** Apot li yo ak lòt Disip Li yo pat janm deklare'l non plis. E kiryezman, menm satan ak demon nan lepri'l yo pat janm oze di ke Jezi se Bondye Papa a ou Sentespri a. Yo tout okontrè te rekonèt ke Jezi Kris se Pitit Bondye, Pitit Bondye Trè Wo a. Nou konvenk nou avèk mwen ke kèk demon sou fòm moun yo pa ka konnen Jezi pi byen ke Jezi Li menm.

Nou kapab donk, moun mwen renmen yo, san okenn risk pou nou tronpe, konkli ke Jezi Kris, nan pròp gre Li, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, nan gre Papa'L ak Bondye'L, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, menm nan je Anj Bondye yo, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a, nan konesans Apot Li yo ak tout lòt Disip Li yo, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, menm nan je satan, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, menm nan konesans demon nan lepri yo, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. E Jezi Kris, selon Sent Bib la, pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. ***Jezi Kris pa ka donk Bondye Papa ak Sentespri a ke nan gre kèk demon sou fòm mou ki pretann konnen Jezi pi byen ke Jezi Li menm.*** Fòk yo byen mete plis sou peche yo a.

Donk pa imite moun ki te volontèman chwazi Lanfè. Si nou kenbe Sali nou, ***soti rapidman nan tout sèk abominab sa yo k'ap ansenye ke Jezi Kris se a lafwa Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.*** Tout demonstrasyon yo te fèt pou nou a travè etid byen elabore sa a, ak tout agiman doktrin satanik sa a te demontre nan limyè Sent Bib la. ***Donk kouri pou tout demon sa yo k'ap efòse yo pou demontre nou ke Bondye mantè e ke Sent Bib la fo.*** "Malè a moun k'ap konteste avèk kreyatè'l" Ezayi 45:9.

Jezi Kris pa ni Bondye Papa a, ni Sentespri a. Li se tou senpleman Pitit Bondye, e Li gen yon Papa. Fè sa a te byen etabli nan Bib la, e nou te demontre nou li. Pa kontrarye demon yo pou yo Bondye Papa a pa egziste, e selon yo Jezi Kris se Li menm ki an menm tan Bondye Papa a ak Sentespri a, m'ap fini ansèyman sa a pandan m'ap beni nou nan tèm sa yo: ***"Ke gras, mizerikòd ak lapè avèk nou ki soti nan Bondye Papa a e ki soti nan Jezi Kri, Pitit Papa a, nan laverite ak charite!"*** Amen! 2Jan 3.

Mwen ta vle pataje avèk nou bèl kantik sa a ke Senyè a te enspire nou pou konpoze pandan ke nou t'ap travay sou ansèyman sa a. N'ap jwenn melodi li sou sit entènèt nou an.

SI'M TE KONNEN KIYÈS MWEN TE YE

*Si mwen te konnen vrèman kiyès mwen te ye
Nan je Bondye, Kreyatè'm nan,
Mwen t'ap viv nan lajwa chak jou nan vi'm.*

1. Mwen mouri tankou yon moun,
E mwen tonbe tankou yon nenpòt Prens.
Poutan, Bondye di: "Ou se yon bondye,
Ou se pitit Trè Wo a, kreye a imaj Li."
Si mwen te konnen vrèman kiyès mwen te ye
Devan Kreyatè'm nan!

2. Mwen souvan trouble,
Nan santi'm abandone,
Nan viv nan angwas'. Poutan,
Bondye di'm: "Swa an pè!"
Li ban'm lapè Li, yon lapè san mezi,
E L'ap prepare yon plas pou mwen nan syèl la bò kote' L.

3. Mwen souvan enkyete,
Plonje nan plenyen,
Tonbe anba dout. Poutan,
Bondye di: "Mwen se Bondye'w,
Lage sou mwen tout sousi'w yo, e lapè'M ap kenbe kè'w ak tout Panse'w yo
nan Jezi Kris."

4. Mwen souvan nan lapèrèz,
Nan Tranble devan satan
Ak tout demon'l yo. Poutan,
Jezi Kris te ban'm,
Pouvwa pou mache an venkè sou sèpan yo
Ak eskòpyon yo, ak sou tout pisans ennmi an.

5. Alò, si jodi a,
Mwen di mwen se yon bondye,
Mwen pap pyès blasfème nan anyen.
Mwen se imaj Bondye, Jezi Kris ap viv nan mwen,
L'ap fè'm chita avèk Li
Sou tròn Papa'L la.

*Amen! Amen! Mwen konnen kounye a
Kiyès mwen ye devan Kreyatè'm nan.
Mwen gen pri nan Je'L, mwen se moun li renmen an.*

*Amen! Amen! Amen! Mwen pral renye
Avèk Jezi Kris Sovè'm nan.
Pou tout tan, nan kontanple bote'L.*

***Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an,
ak yon renmen ki p'ap janm fini!***

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!